



1. Katampa ti Depôt tanggal 15.5.48
2. Mimiti dipake taoen sakola 19 /19
3. Geus teu dipake tanggal

PANGGELAR BOEDI

KARANGAN

W. KEIZER


DJEUNG

R. SATJADIBRATA

DJILID KA I

DIGAMBARAN KOE

M. ELAND DJEUNG W. STAPEL-KEIZER



J. B. WOLTERS' UITGEVERSMAATSCHAPPIJ N.V.
GRONINGEN – BATAVIA – 1948

MILIK KEMENTERIAN P. P. K.
TIDAK DIDIJUAL KEPADA UMUM

IGEGLIA ROMANA

1331

ATARAGIA PREGI

LXXXVII

1600 MCMXCV

1. Kapal oedara.

Dina hidji poë wantji lohor Soetardja, Soemitra, Oemar djeung Oerip aroelin deukeut sakola. Doemadakan Soetardja tanggah, sabab ngadenge anoe ngoeng-ngoengan ti kadja-oehan, nja eta sora kapal oedara.

Omong Soetardja: „Heh, aja kapal oedara. Tjoba tarendjo, toeh di beulah wetan.”

Soemitra, Oemar djeung Oerip, barang ngadenge omong Soetardja kitoe, toeloej bae tingsorowok: „Kapal oedara! Kapal oedara!”

Omong Oemar: „Koe loehoer, nja euj!”

Soetardja njamboeng:
„Djélémána awaseun kitoe ka oerang?”

„Wah moal. Imah-imah djeung djalan-djalan oge moal katendjoeun.”

„Toeh ajeuna mah rada njirorot.”

„Sorana mani ngagé-roeng.”

Soemitra: „Tarendjo toeh aksarana tempong dina djangdjangna ti handap, oenina: P.K.B.A.S.”

Oerip: „Hajang teh ka dieu njirorotna, soepaja oerang bisa awas pisan.”

Tjek Oemar: „Moal bisaeun toeroen kadjalan.”

Walon Soetardja: „Ah, bisaeun.”



Oemar: „Gede katjida, nja.”

„Koemaha noe matak bisa njéboetkeun gede?”

Waktoe baroedak njararitakeun kapal oedara, Soemadi, nja eta lantjeuk Soetardja, djeung babatoeranana daratang ka dinja. Soemadi teh moerid sakola ménengah di kota, teu djaoeh ti imahna, kakara kelas hidji; ari ka sakola sok toempak kareta mésin, balikna nja kitoe deui. Ti imahna ka sakola, lilana toempak kareta mésin tiloe parapat djam.

Soemadi hajangeun njaho, naon anoe keur ditjaritakeun koe baroedak, pok bae manehna nanja: „Keur njararitakeun naon ieu teh, mani oeplék?”

Walon Soetardja: „Enja kang, tjek Oemar mah, kapal oedara teh moal bisaeun toeroen ka djalan. Teu ngandél koering mah.”

Oemar: „Ongkoh djalan teh heureut, moal beunang dipake toeroen.”

Oerip: „Soemadi mah meureun énggeus nendjo kapal oedara ti kadeukeutan, nja?”


Soemadi: „Poegoeh bae. Boelan toekang koering djeung batoer-batoer sakola, malah djeung goeroe sagala, njaba ka Andir, tégal pangapoengan deukeut kota Bandoeng.



Tégalna katjida pisan lègana, leuwih lèga ti batan aloen-aloen. Nja di dinja témplate ngapoeng djeung toeroenna kapal oedara. Di dinja aja adégan galéde. Aja garaseu, minangka kandang kapal oedara. Gédéna lawangna ge aja 30 metér mah.”

Soemitra nanja: „Na meunang asoep ka dinja?”

Walonna: „Poegoeh bae, sabab goeroe geus menta idin. Waktoe něpi kana garaseu, kabénérán lawangna keur moeka, malah aja kapal oedara noe



kaloear sarta ditaroempakan. Kaloearna gampang pisan ngagorolong, sabab kapal oedara teh ti handapna make gilinding karet doe. Djeung ti hareupna make koletjer. Aja saoerang toekang ngadjalankeunana, geus oenggah. Koletjerna toeloej moentir, mimitina kendor, beuki lila ngagoëngna beuki tarik.

Sanggeus koletjerna ngagoëng, koering sabatoer-batoer dititah moendoer, oelah deukeut teuing ka dinja.

Kapal oedara teh teroes bae ngagorolong. Teu koengsi lila poeng ngapoeng beuki loehoer-beuki loehoer. Baroedak soerak: Hoerse ngapoeng! Hoerse ngapoeng!

Mimitina rada dengdek kawas manoek, geus kitoe kakara adjég, toeloej ka loehoer ngoengkoelan tatangkalan. Sanggeus di loehoer toeloej njolojong tjépét ka koelon. Beuki lila beuki djaoeh, beuki leutik něpi ka teu katembongna."

Soemitra nanja: „Rek ka mana tjénah eta teh?”

Walon Soemadi : „Rek ka Djakarta. Tjek noe ngaromong $\frac{3}{4}$ djam ge bisa něpi ka Djakarta.”

Tjek Soetardja: „Ari toempak kareta api ti Bandoeng ka Djakarta, lalakon sabaraha djam?”

Walon Soemadi: „Lamoen make kareta doer, doeа djam kira-kira.”

Omong Oemar: „Katjida kapal oedara mah gantjangna teh. Wani silaing toempak kapal oedara, Soetardja?”

Walon Soetardja: „Ah, teu wani.”

Tjek Oemar: „Dewek ge teu wani. Ngapoeng sakitoe loehoerna mah, sieun.”

Soemadi njamboeng: „Dewek mah wani, nadjan leuwih loehoer oge. Ngapoeng loehoereun sagara, moal sieun.”

Ditempas koe Oerip: „Naha kapal oedara teh sok hibēr loehoereun laoet?”

Diwalon koe Ibrahim: „Tangtoe bae. Kapan kapal oedara teh sok dipake njaba ka Soematra, ka Borneo, ka Soelawesi djeung ka poelo-poelo sedjen; malah aja noe ka Eropa nanaon.”

Soekra nanja: „Bisa moeat sabaraha djélēma, kapal oedara teh?”


Walon Ibrahim: „Kapal oedara noe leutik bisa moeat opat atawa lima djélēma, malah aja noe ngan saoerangeun pisan, nja eta piloetna atawa djoeroemoedina bae. Kapal oedara noe kitoe katjida leutikna. Dibandingkeun djeung kapal oedara noe dipake poelang-ting ti Soerabaja ka Djakarta ge, geus lain bandingkeuneun. Djaba ti eta aja deui kapal oedara anoe katjida gēdena, bisa moeat djélēma doeа poeloeh atawa opat likoer, nja eta kapal oedara noe sok hibēr poelang-ting ti Djakarta ka nagara Walanda.”

Oemar gantjang nanja: „Ari ngadjalankeunana koemaha, kapal oedara teh?”

Walonna: „Saroea bae djeung ngadjalankeun parahoe. Di toekangna aja kamoedi (a), paranti mengkolkeun ka kentja ka katoehoe, djeung aja deui kamoedi sedjen (b), paranti ngobahkeun ka loehoer djeung ka handap.”

Soekra ngomong: „Ari pakansi dewek djeung bapa rek njaba ka Bandoeng. Lamoen bisa, rek ka lapang pangapoengan, hajang njaho.”

Ti tadi Soekra teu miloe ngomong. Barang pok ngomong, pek beuteungna ditindjēl koe si Ibrahim bari seuri; toeloej si Ibrahim loentjat, béréngběng loempat, ditoetoerkeun koe batoer-batoerna kabeh. Harita ge geus araja di tēgal, maraen bal, lat bae parohoeun kana kapal oedara mah.



2. Sardjan asoep ka sakola sahakēl.

Geus liwat poekoel hidji Sardjan balik ti sakola, babarēngan djeung Djajoes. Laleumpangna gagantjangan, sabab hajangeun geura něpi ka imahna, rek njarita ka bapana, njaritakeun kasaoeran goeroena. Isoek-isoek barang baroedak arasoep ka sakola, gantjang bae goeroena sasaoeran, jen poë Kémis hareup aja oedjian pikeun asoep ka sakola sahakēl atawa sakola sedjen.

Sardjan djeung Djajoes tēroes bae ngingēt-ningēt poë Kémis, harajangeun miloe oedjian tea.

Sadjēroning leumpang di djalan, pok Djajoes ngomong ka



Sardjan: „Peunteun silaing geus tangtoe aloes, Djan, geuning tadi itoengan silaing bĕnĕr kabeh.”

Sardjan ngawalon: „Silaing oge djĕmpol, Joes. Basa dikte bĕnĕr kabeh, itoengan salahna saeutik pisan.”

Djajoes: „Arek toelöes ka sakola sahakĕl teh, Djan?”



Sardjan: „Teu njaho euj, tjek bapa mah rek diasoepkeun. Ari silaing koemaha ka sakola tehnik teh?”

Djajoes: „Geus dirĕmpoegan koe bapa mah.”

Heuleut saminggoe eta boedak noe doea teh babarĕngan baralik ti katjamatan. Papakeanana wareuteuh, pikarĕsĕpeun noe nendjo. Ari di katjamatan teh mĕntas mariloe eksamĕn tea. Poë eta moerid-moerid ti sakola anoe aja

di sawěwěngkon eta, sakoer noe rek miloe eksaměn, karoem-poel di katjamatan.

Sardjan djeung Djajoes sadjalan-djalan sěmoe noe bāroengah pisan, sabab ngarasa mareunang peunteun aloes, djeung goeroena geus njaoerkeun, jen Sardjan geus tangtoe asoep ka sakola sahakēl, da bapana geus ngaroedjoekan.

Tada teuing atoheunana kolot-kolotna, lamoen njahoeun, jen anakna mareunang peunteun aloes.

Barang něpi ka pengkolan, toeloej bae si Djajoes mengkol ka kentja, ari si Sardjan leumpangna beuki gantjang, sabab imahna djaoeh keneh, kira-kira lalakon saparapat djam deui. Imahna teh di kěbon kopi, da bapana djadi mandor kěbon kopi.

Pikir si Sardjan asa geus datang ka imah, sarta ngomong sadjěroning hatena: „Geus datang kitoe bapa teh atawa tatjan?”

Barang něpi ka boeroean, panto imahna katendjo meundeut, tangtoe indoengna aja di pawon, toeloej si Sardjan ka pawon, pok ngomong bari imoet: „Eksaměn teh meunang, ēma, da saoer pa goeroe oge, koering meunang asoep ka sakola sahakēl. Ari bapa di mana, ēma?”

Indoeng si Sardjan boengaheun pisan, ngadenge omong anakna teh. Tapi barang diingět-ingět, lamoen si Sardjan geus sakola di dajeuh anoe sakitoe djaoehna, manehna ngahoelěng bae, ngarasa mělang.

Sorena bapa si Sardjan geus datang měntas ngaronda. Indoeng si Sardjan pok nanja: „Bapa si Oedjang! Naha pěrloe si Oedjang teh disakolakeun deui?”

Walonna: „Atoeh da leutik keneh si Oedjang teh disina digawe mah, měnding sina sakola deui, sangkan tambah kapintěran. Ari pintěr mah, digawe ge leuwih gěde bajaranana. Bahèula mah baroedak teh teu koedoe pintěr, tapi ajeuna geus sedjen deui djamanna. Baroedak koedoe palintěr djeung koedoe loba kanjaho.”

Indoeng si Sardjan: „Koemaha atoeh da mělang, ari djaoeh-djaoeh kitoe mah, heg bae koering gěring, da ngan ingět ka anak bae.”

Tjek bapana: „Oelah salěmpang, kapan pimatoeheunana si Oedjang teh di oeana, di kang Moesa. Pěrkara eta geus dibadamikeun koe akang. Ari aja di oeana mah, oerang teh teu koedoe mělang.”

Indoengna: „Nadjan di oeana oge, da leutik keneh, nja mělang bae.”

Bapana: „Oenggal Saptoe pasosore si Oedjang balik ka imah, komo ari pakansi mah leuwih lila reureudjeunganana djeung oerang.”

Indoengna: „Teu naon-naon ari tjageur mah, tapi moen gěring, koemaha?”

Walonna: „Oea awewena oge da njaaheun ka si Oedjang teh, tangtoe bae gěring mah dipelasara. Djeung lamoen pěrloe, ēma ge meunang ka dajeuh, da hěnteu djaoeh kapan.”

Tadina mah kahajang indoengna teh, si Sardjan koedoe di imah bae. Tapi barang dirasa-rasa, bět leuwih hade noeroetkeun kahajang bapana tea.

Tjinděkna bada lěbaran, si Sardjan teh geus aja di dajeuh, djadi moerid di sakola sahakěl. Saban Saptoe pasosore manehna balik ka lěmboer, ari Sěnen isoek-isoek kakara ka dajeuh deui, sakola. Inditna ti imah sok soeboeh-soeboeh, soepaja asoep sakola teu kabeurangan. Sakolana gětol pisan sarta geus ngarasa bětah di oeana teh. Ari keur rineh teu aja pagawean, manehna sok oelin djeung babatoeranana, radjeun oge sok maen bal djeung batoer sakolana noe sakělas. Miminděngna oelinna teh djeung si Djamin katoet si Amir, nja eta sobatna noe pangmědokna. Eta boedak anoe doe geus parěng mareuting di imah Sardjan, waktoe Sardjan poë Saptoe ka lěmboerna. Malah doeana oge harajangeun sakali deui miloe djeung Sardjan, sabab tjěnah di goenoeng mah hawana ngeunah.

Si Sardjan katoet sobatna noe doeа babadamian, rek babarěngan ka lěmboer si Sardjan deui, sabab bakal aja pěre doeа poë, toeroeg-toeroeg bakal aja karamean di kěbon kopi, malah tjek Sardjan, bakal aja tandingan maen bal, aja maen rěboetan barang-barang di loehoer tangkal djambe djeung rea-rea deui.

Pasosore poë Salasa kira-kira poekoel opat, baroedak teh bring arindit ti dajeuh. Ngadeukeutkeun ka kěbon kopi, kaběněran bapa si Sardjan aja di djalan, pok ngomong ka baroedak: „Soekoer euj barisa ka dieu; aratoh meureun aja pakansi. Narendjo tadi di sisi djalan aja oeroet noear djambe? Ajeuna geus radjěg tangkal djambe keur maen rěboetan.”

Sardjan ngawalon: „Soemoehoen bapa, mani sababaraha tangkal. Kenging koering ngariring maen rěboetan?”

Tjek bapana: „Poegoeh bae. Saha-saha anoe hajang, meunang miloe. Tapi oepama mariloe, sing ati-ati, soepaja meunang, nja!”

Toeloej bae baroedak teh gagantjangan ngadjoegdjoeg ka imah Sardjan.

3. Sardjan djeung sobat-sobatna laladjo.

Katjaritakeun isoekna, isoek-isoek Sardjan djeung sobat-sobatna geus haroedang, toeloej ka pantjoeran, marandi.

Keur marandi, Djamin djeung Amir ngaromong bari hoentoena noroktok: „Adoeh tiris. Di dieu djeung di dajeuh katjida bedana teh.”

Sanggeus marandi toeloej darangdan sarta toeloej arindit ka djalan gěde. Harita teh geus ngaleut djělěma ka darinja, arek laladjo maen bal.

Omong Sardjan: „Moal salah, djélěma-djélěma teh arek laladjo maen bal.”

Ditembalan koe Amir: „Kaběněran oerang hěnteu kabeurangan, djadi ěngke bisa neangan těmpat noe ngeunah.”

Teu koengsi lila Sardjan djeung sobat-sobatna geus něpi ka těgal těmpat maen bal.

„Toeh di ditoe,” omong Sardjan, „oerang ngadeukeutan Gatot djeung Ibrahim.”


Eta Gatot djeung Ibrahim imahna teu pati djaoeh ti imah Sardjan. Ajeuna koempoel djadi limaan. Limaanana laladjona deukeut tihang goel, ngarah awas ka saoerang-oerangna anoe maen bal. Noe laladjo geus ngagimboeng, meh kabeh lalaki bae. Baroedak pirang-pirang; boedak awewe ge aja, tapi teu loba.

Gantjang bae djélěma-djélěma njěděk ka hareup, njarahoeun, jen anoe rek maen bal geus daratang. Geus katembong, jen aja doea rombongan, sarombongna aja sawělas djélěma. Djaba ti éta aja djoeroe-pamisahna djeung toekang ngadjaga watěs.

Barang noe rek maraen bal geus aja di djěro kalang, gěr noe laladjo soerak bari kěprok rame pisan. Teu koengsi lila, soerilit geus ditioep, nandakeun arek mimiti maen.

Gantjangna bal geus disepak, sakapeung ngagorolong, sakapeung ngapoeng ka loehoer, sakeudeung-keudeung ka kentja, toeloej ka katoehoe deui, pěng ka hareup pěng ka toekang. Oepama bal aja di wěwěngkon itoe, rikat anoe beulah ditoe ngadjaraga, bisi bal asoep kana goel. Ari bal ka dieu deui, djaga-goel noe beulah dieu geus edjegeler, sieuneun teu katahan koe babatoeranana. Katjida matak rěsěpna poerwarěs těngah ti beulah ditoe, bawaning tarik ngoedag bal, něpi ka boeleud djiga bal. Minděng balna geus njěděk ka beulah dieu, disepak koę noe ti dieu, bělěwěr ka ditoe deui, teu lila ka dieu deui, meh bae asoep kana goel, tina tarikna noe njepak. Tapi noe ti dieu oge teu koerang rikat, kabeh pada taki-taki, sieuneun cleh.

Meh bae Sardjan njēboet „goel”. Barang bal ka ditoe deui, manehna alohok bae, kageteun koe djaga-goel (kipēr) anoe sakitoe rikatna. Harita keneh balna geus bělēwēr deui ka beulah dieu, lěmpěng kana goel. Kipēr ngadjroeg, kěrěwěk



bal teh ditjékél koe doeа leungeun, dialoengkeun djaoeh pisan, dioedag koe batoerna toeloej disepak, ngagorolong ngaliwatan garis těngah. Kaběněran noe ti ditoe rada měleng. Noe ti dieu njepak bal patema-tema, něpi ka geus deukeut pisan kana goel itoe, kira-kira aja lima metér deui, bal disepak satarikna, měněr kana goel, ngan kaboeroe disepak

deui koe kipĕr satakĕr tanagana, pĕng bae bal teh ngapoeng moeloek pisan. Gĕr noe nongton saroerak djeung tingsarroeit tanda panoedjoe.

Teu koengsi lila balna teh geus aja deui di beulah dieu. Awaskeun tandangna poerwarĕs tengah. Bisaeun kitoe ngagoelkeun? Geura itoe loempatna mani mĕlĕtĕng, balna teu bisa karĕboet koe moesoeh. Ari geus deukeut kana goel, kakara disepak tarik, bloes bae bal teh asoep, hĕnteu katewak koe kipĕr. Noe nongton mani ngagoeroeh njarĕboet: „Goel! Goel!” bari aja noe ngapoeng-ngapoeng kopeah sagala. Tah dina lĕbah dinja rĕrĕsĕpna laladjo maen bal teh.

Hajang seuri koe polah Gatot, soerakna mani sosoak, oerat beuheungna mani ngarentĕng, nĕpi ka matak katorekan batoer. Ari Gatot teh awakna leutik tapi peureukeul.

Deukeut ka dinja aja si Gentong, boedak gĕde sarta lintoeh. Ngadenge Gatot soesoerakan teh, si Gentong ngarasa djengkel, pok ngomong bari sĕmoe ngera-ngera: „Entong kitoe euj, da lain lantjeuk silaing noe ngagoelkeun teh. Engke rek soerak tarik mah, oepama silaing meunang dina pabĕdas-bĕdas narik tambang djeung dewek.”

Ngadenge omong si Gentong kitoe, Gatot teu nembal, toeloej bae njingkah djaoeh.

Maen bal teh lilana ngan sadjam, toeloej boobar. Baroedak mah rarĕsĕpeun keneh pisan, hararese rek baralik teh. Noe maraen balna oge, tjan pati tjarapeeun. Memeh boobar diembarkeun heula, beubeunanganana 5—4.

Bari leumpang Ibrahim ngomong: „Ajeuna oerang laladjo maen rĕboetan, hajoe!”

4. Sardjan djeung sobat-sobatna laladjo.

(Toeloejna).

Pikeun maen rēboetan teh kabehna aja lima tihang. Oenggal tihang di loehoerna make awi diboendérkeun kawas gilinding, nja eta noe digantoengan barang roepa-roepa, matak kabita noe ningal. Baroedak noe lima tea, nja eta Sardjan, Djamin, Amir, Gentong djeung Saleh harajangeun njoba naek.

„Pek baroedak,” tjek kapala maen rēboetan, „geura naraek, geura milih barang noe aloes. Sing ati-atи bae naraekna.”

Ari tihang-tihang tea beunang ngabaloeran gadjih, katjida pisan leueurna. Baroedak teh naraekna ngorosod deui-ngorosod deui. Nangkod sakeudeung bari mitjeun gadjih noe kandēl, rangkek deui ka loehoer lalaoenan. Si Gentong naekan tihang noe tengah, geus sababaraha kali ngorosod, tatjan bisaeun nēpi ka poentjak. Lila-lila geus rada loehoer oge, kira-kira aja 2 mēter deui ka poentjakna. Wantoeing lintoeh tea, si Gentong beurat koe awak, teu bisa ngarangkek deui, toeloej bae ngorosod nēpi ka taneuh.

Gatot mah mani ngéhkéj, nendjo si Gentong kitoe teh.



Anoe pangheulana ka loehoer, Amir, malah geus bisaeun ngahontal lampoe sentér. Di loehoereun lampoe sentér aja karembong aloes, noe dipikabita pisan koe si Amir, ingéteun ka indoengna. Barang rek ngarangkek, njosod deui ka handap, tapi ngarandéng di tengah, nangkod pageuh. Noe lalodjo tinggaréro: „Ngarangkek deui ka loehoer! oelah waka toeroen!”

Maksakeun maneh Amir ngarangkek, beuki loehoer-beuki loehoer, něpi ka bisa ngahontal karembong tea, dikěnjang lalaoenan sarta beunang. Geus kitoe kakara toeroen. Disoerakan koe noe nongton djeung dikěprokan.

Sardjan oge geus meh něpi ka loehoer pisan, geus meh bisa ngahontal naon-naon, tapi lapoer, sabab barang ngarangkek deui, oedjoeg-oedjoeg njosod bae ka handap pisan. Ari geus nintjak taneuh, teu wanieun naek deui, pok bae manehna ngomong: „Tihangna ieu mah leueur teuing.” Ditembal koe Djamin: „Ah geuning teu njosod dewek mah.”

Geus kitoe baroedak teh toeloej laladjo anoe keur pabědas-bědas narik tambang. Si Gentong hajangeun pisan geura nembongkeun kabědasan.

Si Gatot ge teu sieuneun, malah geus kěk njékél tambang, ngan hěnteu nangtang bae. Toengtoeng tambang hidji deui dideukeutan koe si Gentong bari ngomong: „Engke Gatot! Silaing koedoe njeloekan batoer heula doeaa. Meudjeuhna tiloe boedak pitandingeun dewek mah.”

Batoer Gatot aja doeaa, hěnteu koengsi ditjěloekan, gantjang bae njalampeurkeun ka Gatot, barang ngadarenge si Gentong „kokotak” teh. Sanggeus koek-kěk njarékél tambang, pek bae pabědas-bědas. Boedak tiloe pada meakkeun tanaga, hajang ngelehkeun si Gentong. Tapi dasar si Gentong bědas, boedak tiloe teh kasered, něpi ka blag-bloeg lalaboeh. Si Gentong ngesang kana beungeut-beungeut, tapi sěmoe boengaheun pisan. Pek bae njoesoetan kesang bari loeak-lieuk.



Sanggeus toetoep pabĕdas-bĕdas narik tambang, toeloej diganti koe tongtonan balap asoep kana tong kosong djeung pagantjang-gantjang naekan pagĕr. Tongna geus disadiakeun lima, kabeh barolong, pongpokna geus dipitjeunan. Di-teundeunna didjadjarkeun, soepaja gampang ngasoepanana. Boedak lima anoe kasĕboet di loehoer rek miloe balap. Gatot awas, jen tong noe hidji leuwih leutik ti batan noe opat deui, toeloej diharewoskeun ka batoerna noe saoerang sarta toeloej diharewoskeun ka anoe doeaaen deui. Kabĕnĕran si Gentong mah rada djaoeh, teu njahoeun jen aja rasiah kitoe. Ngahadja teu dibedjaan koe babatoeranana. Noe opatan ngan pating-aringgoek bae bari seuri tingjikikik.

Gantjangna boedak lima teh geus ngabengbreng, narang-toeng noenggoe komando.

„Awas!” tjarek komando teh, „hidji! doeaa! tiloe!”

Brēng baroedak teh loempat. Si Gentong loempatna këndor, katinggaleun koe batoerna. Noe opatan geus arasoep kana tong, pagantjang-gantjang milih noe gëde. Atoeh si Gentong kabagian tong noe pangleutikna, mangkaning awakna panggëdena. Sirahna djeung leungeunna geus ka djëro tong, kari awakna oegal-ogel hese asoep. Batoerna mah geus kalaloear deui, malah geus teroes laloempat, geus nëpi ka pameunangan.

Si Gentong mëlag dina tong, madjoe teu bisa, moendoer teu bisa. Anoe nongton sareuri agér-agérang. Komo barang si Gentong nangtoeng mah, sarta tongna kabawa nangtoeng, beuki rame anoe njaleungseurikeun teh, nëpi ka aja noe pipingkëlan, atoeh da aneh, aja tong bisa leumpang. Gatot djeung tiloe batoerna njalampeurkeun ka si Gentong, naroe-loengan. Kakara si Gentong bisa kaloeear, katjida eraeunana, toeloej balik bari mësoem, hënteu kawas tas ngelehkeun boedak tiloe, basa narik tambang tea.


Ari dina poë Djoemaah isoek-isoek, Sardjan, Amir katoet Djamin baralik deui ka dajeuh, moeroe asoep ka sakola. Sëmoe galoeembira pisan, sabab sadjëroning përe doea poë, meunang kasoekaan gëde.

5. Hileud djeung koekoepoe.

Hoesen bapana djadi goeroe. Dina hidji poë Hoesen aja di toekangeun imahna, deukeut tangkal djëroek, njékél kaleng oeroet biskoeit, toeroebna geus diboka. Naha diboka? Sieuneun biskoeitna awoet-awoetan? Lain, lain kitoe, da eta kaleng teh eusina lain biskoeit. Naon atoeh! Tjoba ilikan! Ih geuning daoen djëroek.

Bari ngilikan daoen djëroek, Hoesen ngomong djëroning hate: „Ah, rek dibedjakeun ka bapa.”

Toeloej manehna ka imah, asoep ka kamar bapana. Bapana teh kasampak keur dioek dina korsi njanghareupan medja toelis. Ngareret ka Hoesen bari nanja: „Ngirim naon Sen ka bapa? Kabeuki bapa eta mah.”



Hoesen seuri bari ngomong: „Ieu kaleng teu aja biskoeitan. Bapa emoet keneh, minggoe poengkoer geuning ningalian tangkal djeroek pinoeh koe hileud. Abdi dipiwarang ngasoep-keun hileud kana ieu kaleng, teras oenggal dinten diparaban daoen djeroek. Ari ajeuna hileudna teu aja.”

Bapana nanja: „Tara diboeka toeroebna?”

Walon Hoesen: „Tara, Pa!”

— „Paeh meureun, da teu bisaeun ngambékan.”

„Sageuj, Pa, da kalengna diliangan koe pakoe.”

— „Moal kitoe laleupas mah? Malontjor kana liang?”

„Ah moal tiasaeun, da liangna aralit.”

— „Tjoba ngilikan.”

Pek kaleng teh koe Hoesen disodorken ka bapana, toeloej koe bapana diboeka, daoen djeroekna ditjokot bari pokna: „Tah geuning aja noe kieu!”

Hoesen awas, jen dina tonggong daoen djeroek teh aja sato napél, roepana beureun kolot. Dina daoen sedjen oge aja deui noe kitoe teh hidji.

Tjek bapana: „Nja ieu, ieu, hileud teh.”

Hoesen: „Naha geuning djadi kitoe!”

Walon bapana: „Geus biasana kitoe. Mimitina njaratoena katjida pisan gembobelna, lila-lila pét bae teu baranghakan, moentél maneh koe ramatna, nja djadi kieu roepana. Ieu teh *tjatjaka* diséboetna. Sawatara lilana tjaritjing bae kawas noe tapa, hénteu obah-obah atjan.”

Hoesen: „Hénteu paraeh eta teh, Pa?”

Bapana: „Hénteu. Ampihan deui bae, ajeuna mah geus teu koedoe diparaban. Řngke heuleut sawatara poë ilikan deui,

geura hiroep keneh.”

Pek kaleng teh ditoeroeban deui koe Hoesen, sarta toeloej diampihan. Oenggal poë diilikan, tapi anggér bae tjatjaka.

Dina hidji poë, barang datang ti sakola, pek Hoesen moeka kalengna. Ari beh teh bét geus aja koekoepoe. Gantjang bae ditembongkeun ka bapana. Omongna: „Tingali, Pa, dina kaleng teh aja koekoepoe, loetjoë pisan. Djangdjangna rada leuleus keneh. Make kikiplik sagala. Bisaeun hibér kitoe? Ti mana ieu teh. Pa?”




Walonna: „Kapan tjetjaka tea, noe djadi koekoepoe teh.”

Hoesen: „Ongkoh tjetjakana alit. Naha ari koekoepoena ageung teuing!”

Bapana: „Poegoeh leutik tea mah. Tapi da teu salah deui, nja tjetjaka noe leutik tea anoe djadi koekoepoe teh. Djang-djangna leuleus keneh, tapi lila-lila heuras djeung bisa meber pisan.”

Indoeng Hoesen djeung adina, ngaran Itjah, njalampeur-keun, ngarilikan koekoepoe.



Omong Itjah: „Koe aloes, koekoepoe teh, nja!”

Teu koengsi lila pek koekoepoe teh kikiplik, toeloej hibēr ka noe deukeut. Geus kitoe bēr deui kana tangkal anoe handap, eunteup dina daoenna.

Bapa Hoesen: „Lamoen Ėntjen hajang njaho kana rasiah koekoepoe, tjoba njokot heula kertas djeung potlotna.”

Gantjang Hoesen njokot kertas djeung potlotna, disanggakeun ka bapana.

Tjek bapana: „Geura awaskeun, bapa rek ngagambar heula. Koekoepoe teh aja tiloe bagianana, nja eta hoeloena, awakna djeung beuteungna. Matana doeа galēde djeung koemisna doeа parandjang, djeung aja toelalean.”

Omong Hoesen: „Toengtoeng toelalena mentjos kawas djaroem.”

Ditembal koe bapana: „Eta toclale teh boengbas, paranti njeuseup madoe kékémbangan.”

Harita teh Itjah mah t̄eroes bae ngawaskeun koekoepoe noe eunteup tea.

Bapana t̄eroes ngomong: „Dina awakna aja soekoean djeung djangdjangan. Tjoba tanjakeun ka Itjah, sabaraha lobana djangdjang koekoepoe. Jah Itjah! njaho ta h̄énteu?”

Walon Itjah: „Doea, Pa.” Saénjana manehna teh teu n̄engétan ēnja-ēnja, noe matak djawabna salah, da ari saénjana mah djangdjang koekoepoe teh opat. Hoesen mah taliti pisan ngawas-ngawasna, djeung njahoeun, jen soekoe koekoepoe ḡenép.

Indoeng Hoesen njaritakeun, jen dina tangkal djeroek aja koekoepoe noe kawas kitoe, areunteup dina daoenna. Toeloej Hoesen ngadeukeutan tangkal djeroek noe dieunteupan koekoepoe tea, n̄epi ka halib̄er deui koekoepoena. Pek manehna ngawas-ngawas daoen djeroekna. B̄et aja noe ronjok barodas.

Tjek bapa Hoesen: „Noe ronjok teh éndog koekoepoe. Kira-kira sa minggoe deui tangtoe malégar djadi hileud laleutik. Eta hileud toeloej ngaharakanan daoen djeroek, n̄epi ka rigil. Galédena tereh pisan, sabab katjida rampoesna hileud teh.”

Indoeng Hoesen: „Dengekcun Itjah kasaoeran bapa. Itjah oge lamoen rampoes, geus tangtoe tereh ḡede.”




Walon Itjah: „Ah teu beuki, daoen djeroek mah.”
Indoeng-bapana djeung Hoesen oge sareuri.

Bapa: „Sanggeus sawatara poë, sanggeus galëde, hileud teh mani mérékétengteng koelitna, toeloej mëgar, ganti koelit djeung bari ngagëdean. Njaratoeanana teu eureun-eureun sarta téroes ngagëdean, nëpi ka tjoekoep gëdena. Geus kitoe kakara eureun njatoeanana, toeloej robah djadi tjatjaka.”

Toeloejna mah, Hoesen geus njaho. Omongna ka bapana: „Tjatjaka teh éngkena djadi koekoepoe. Koekoepoe ngëndog, éndogna toeloej mëgar djadi hileud, noe djadi tjatjaka deui.”

Itjah oge ajeuna mah geus ngartieun, malah toeloej diapalkeun: „Hileud — tjatjaka — koekoepoe — éndog. Hileud — tjatjaka — koekoepoe — éndog.”

Tjek indoengna: „Geus ajeuna mah, njaritakeun koe-koepoe teh.”



6. Pagantjang-gantjang ngitoeng.

Isoek-isoek barang baroedak arasoep ka këlasna, njampak soealan geus ditoelis dina bor, kabehna aja opat. Tjek noe saoerang: „Naha ngan opat soealan teh nja euj!” Anoe matak ngomong kitoe, lantaran biasana mah sok lima, malah gënëp, ari ajeuna ngan opat.

Gantjang bae baroedak teh ngaloearkeun sabak djeung gëripna, rek ngaritoeng.

Goeroena ngëtrok medja, pok sasaoeran bari mesém: „Dengekeun heula, baroedak. Ajeuna ngitoeng pagantjang-gantjang.”

Noe saoerang naros kieu: „Pagantjang-gantjang koemaha?”

Saoer goeroena: „Engke dewek ngetrok medja, nitah maraneh geura prak ngitoeng. Toelisanana sing terang, sangkan gampang mariksana. Ari geus anggeus, gantjang sabakna bawa ka dieu, rek dipariksa. Anoe anggeus pangheulana toer benér kabeh, meunang gandjaran. Tapi noe meunang gandjaran ngan boedak lalaki doea djeung boedak awewe doea. Noe sedjen mah henteu meunang. Geus, oelah naranja deui.” Toeloej goeroe ngetrok medja: „Trok! trok!”

Prak baroedak teh ngitoeng. Di kelas eta nepi ka djempe, taja lian noe kadenge, kadjaba sora geric kana sabak, tingkalétrek djeung tinggaréret. Goeroena ngadég ngawaskeun, bisi aja moerid noe noeroen atawa anoe haharewosan. Teu koengsi lila geus aja sawatara boedak noe ngamimitian ngitoeng soealan nomér opat.

Gani ngorowok: „Abdi parantos,” bari gantjang sabakna disanggakeun ka goeroena, pek ditingalian. Geus kitoe dina sabak teh goeroe njérat angka 1 koe kapoer.

Sorowok deui Ardi: „Abdi oge parantos.” Pek deui sabakna ditingalian koe goeroena, sarta njérat angka 2.

Aja doea boedak awewe, ngaran Soeparni djeung Patmah, aranggeusna ngitoeng baréng.

Tjek si Kosim: „Abdi mah saeutik deui. Ah moal diparantoskeun, da moal kenging gandjaran.

Saoer goeroena: „Tatjan tangtoe, biheung teuing itoengan si Gani djeung si Ardi aja noe salah.”

Kosim: „Mangga atoeh, bade diteraskeun bae.” Goera-giroe manehna néroeskeun ngitoeng.

Sanggeus kabeh baroedak anggeus ngitoengna, kakara sabakna dipariksa hidji-hidji koe goeroena. Mimiti sabak Gani, geus kitoe sabak Ardi, sabak Soeparni djeung sabak Patmah. Boedak opat geus ratoeg bae hatena, sieuneun itoenganana aja noe salah.

Sanggeus mariksa sabak noe opat, pok goeroena sasaoeran;


„Balénér kabeh euj. Djadi maraneh opatan noe bakal meunang gandjaran.”

Soeparni ngaharewos rada bēdas: „Naon gandjaranana, nja Ěmpat?”

Goeroena angkat kana lomari, njandak djeroek paseh, manggoe djeung wadah kěmbang noe make kěmbang ros doea, hidji beureum, hidji bodas; sok diteundeun didjadjar-keun dina medja, bari saoerna: „Ieu kěmbang ros djadi gandjaran boedak awewe, hidji sewang; djeroek djeung manggoe bagian boedak lalaki. Lain kitoe, Gani?”

„Soemoehoen,” walon Gani, bari měntjrong kana djeroek djeung manggoena dina medja. Gani tangtoe meunang djeroek, noe bakal didahar ēngke di loear, waktoe ngaso.

Goeroena njaoer boedak awewe noe ngaran Epon, saoerna: „Ka dieu Epon, nangtoeng di hareup, tapi koedoe noekang kana ieu medja. Ēngke bapa noendjoekan ieu gandjaran. Koe Epon koedoe disēboet bagian saha, tapi teu meunang ngalieuk kana medja. Kaharti?”



Sanggeus Epon nangtoeng noekangan medja toer rada djaoeh, pek goeroena noendjoek kana ēros bodas bari sa-saoeran: „Sēboetkeun Epon, bagian saha ieu teh?”

Wangsoel Epon: „Bagian poen Soeparni.”

Tangtoe pisan ēros beureum bagian Patmah.

Goeroe sasaoeran deui bari noendjoek kana manggoe, saoerna: „Ari ieu bagian saha, Epon?”

„Bagian poen Gani,” tjek Epon.

Saha anoe meunang djeroek? Tangtoe bae si Ardi mah.

7. Pagantjang-gantjang ngitoeng.

(Toeloejna).

Katjida atoheunana, si Ardi meunang djeroek teh, toeroeg-toeroeg djiga djeroek amis pisan. Tapi barang top ditjokot, bêt hampang pisan djeroek teh; horeng lain djeroek ēnjaan. Njeh bae manehna seuri bari mēntjrong ka goeroena.

Gani ge geus njangka bae, jen manggoena manggoe tironan, nadjan katendjona djiga manggoe toelen oge, bangoenna djeung roepana njeples manggoe. Top koe manehna ditjokot, tetela hampang.

Kēmbang ros nja kitoe deui. Ditendjo saliwat mah, moal aja noe njangka titironan. Tapi ari ditēngētan diawas-awas, tetela kēmbang ros palsoe.

Goeroe mariksa ka Ardi bari mesēm: „Koemaha Di, djeroek teh rek didahar?”

Ardi ngarti, jen goeroena ngabanjolan. Ngawalonna oge banjol bari imoet, pokna: „Kantēnan, nanging ēngke di rorompok, soepados oelah aja noe njoro.”

„Oelah kitoe” saoer goeroe, „ari boga rēdjēki teh koedoe daek mere ka batoer.”

Soeparni rada panasaraneun, minangka njidikkeunana,

kieu pokna bari neuteup ka goeroena: „Ieu mah anoe abdi, kěmbang ros toelen.”

Baroedak loba noe kaget, ngadenge Soeparni ngomong kitoe teh.

Koe goeroena ditérangkeun, jen kabeh ge barang tironan. Lilin noe didjieun ēros, manggoe djeung djeroek teh. Ngan nironna katjida bisana.”

Tjek Soeparni: „Pangintěn teh ēros jaktos.”

Ditempas koe Ardi: „Oepama teu hampang mah, moal njangka djeroek palsoe.”

Ari Gani tadina mah rada handjakaleun meunang manggoe, teu meunang djeroek. Tapi sanggeus kanjahoan, jen tironan, manehna ngan seuri bae.

Saoer goeroena: „Měnding tironan nya euj, soepaja beunnang disimpěn lila.”

„Nanging,” tjek Ardi, „hěnteu kenging kapanasan.”

Waktoe ngaso, sanggeus baroedak aja di loear, ngagimboeng sarta ngagoeroeh, ngarilikan eta barang-barang aneh.

Boedak anoe ngaran Hoesen, ngomong kieu: „Běněr pintěr anoe niron teh. Geura eta koelit djeroek make baroentoes sagala, kawas djeroek saěnjana. Beunang dipake nipoe, ieu mah.”

Kaběněran goeroena ge harita aja di loear, teu djaoeh ti baroedak. Barang andjeunna ngadangoe omongan Hoesen kitoe, pek andjeunna njampeurkeun ka baroedak bari ssaoeran: „Koemaha djělěmana euj. Noe pintěr mah moal katipoe. Geura ěngke dewek rek dongeng di djero sakola. Eta dongeng něrangkeun kapintěran djělěma, pikeun ngabedakeun barang palsoe djeung barang saěnjana, noe katjida saroeana katendjona koe oenggal djělěma oge.”

Barang dilotjengan, tanda waktoe koedoe asoep, baroedak teh gantjang baris toeloej asoep boeroe-boeroe, darioek pagantjang-gantjang sabangkoena-sabangkoena.

Kabeh oge baroedok teh rarésépeun ngadengekeun dongeng goeroe, malah sok sarégép pisan ngabandoenganana, sabab radjeun anoe didongengkeun tea, ᑕngkena koedoe dikarang koe baroedak atawa didongengkeun deui koe saoerang-saoerang, bari nangtoeng hareupeun bor.

Sanggeus baroedak beres dioekna sarta djémpe, kakara goeroe ngadongeng, kieu saoerna: „Djaman baheula aja hidji radja anoe mashoer sabar adil palamarta. Nagarana kérta rahardja, kaïmpoengan koe djélëma ti mana-mana. Djaba Sang Praboe koe andjeun, anoe sok sëring ngaroris ka kampoeng-kampoeng nitenan abdi-abdi, aja deui noe djadi kapértjanténanana, ponggawana anoe pintér toer satia. Babakoena baroedak ngora koe Sang Radja sëring pisan diinsapkeun, sangkan daraek nambahán kapintéran dina sagala lapangan. Oepama aja oedjian, radjeun oge diloe'oehan koe Sang Radja, hojongeun ningali baroedak pintér.

Ari dina hidji poë Sang Radja ngadangoe wartos, jen aja hidji djadjaka pintér. Ditanja naon-naon teh, sok bisaeun bae ngadjawab.

Dina panggalih Sang Radja, lamoen aja anoe sakitoe pintérrna, koe andjeunna bakal didjénéngkeun patih. Enggal bae djadjaka anoe mashoer pintér teh ditimbalan ngadeuheusan ka karaton. Teu koengsi lila geus datang. Ditingali koe Sang Radja, djadjaka teh hade pisan tatakramana, njaho koemaha pantésna anoe ngadeuheus ka Radja. Roepiroepi Sang Radja pamariksana, malah aja pérkara noe moeskil-moeskil, kabeh kadjawab, toer djawabanana bénér.

Kotjap dina hidji poë pasosore Sang Radja teh noedjoe linggih dina korsi, papajoen-pajoen sinaréng Sang Prameswari, njarioskeun djadjaka noe pintér tea. „Bénér pintér,” dawoehan Sang Radja teh, „ditanja naon-naon ge, kadjawab bae. Aja soeäl anoe katjida hesena, noe dikira moal kadjawab, tapi teu boeroeng kadjawab koe manehna. Pantés pisan, lamoen didjénéngkeun patih teh.”

Diwalon koe Prameswari: „Oepami kitoe mah, manawi jaktos pintér. Nanging abdi hajang njobi, sakoemaha pintérrna teh. Aja sahidji pérkawis anoe teu kintén sésahna. Koe emoetan, eta djadjaka moal měndak piakaleunana.”

Sang Radja mesém bari ngadawoeh: „Tjoba bae, isoek oerang saoer deui.”

Isoekna djadjaka tea geus djol deui ka karaton, němonan panjaoer. Kangdjéng Radja kasondong noedjoe linggih majoenan medja, sarta dina eta medja aja wadah kěmbang ēmas toer dieusian kěmbang anoe katjida loetjoena. Teu koengsi lila djol soemping Sang Prameswari ti lěbět; memeh linggih, andjeunna teh ningali ka djadjaka bari ngandika: „Awaskeun ieu kěmbang anoe sakieu loetjoena. Tangtoe tjek ieu-ieu ge, ieu teh kabeh kěmbang sadjati. Padahal saenjana mah kěmbang sadjatina ngan hidji, noe loba mah palsoe bae. Lamoen bisa, tjik toedoehkeun, noe mana kěmbang sadjati.”

Tjong djadjaka teh njěmbah, lalaoenan ngadeukeutan kana kěmbang, bari hantém ditilik ditélék-télék, soesoeganan aja tjirina. Tapi wěleh teu katjiri. Teu aja pisan bedana kěmbang sadjati djeung tironan teh. Pok manehna oendjoe-kan: „Abdi dalém hěnteu tiasa njěbatkeun, noe mana kěmbang tironan, margi hěnteu pisan-pisan aja tjirina. Ajeuna abdi dalém sědja njoehoenkeun sarantos. Manawi kawidian, kěmbangna bade dibantoen ka rorompok, bade dipikiran heula sawatawis dintěn.”

„Hade,” dawoohan Sang Radja, „saoepama geus kapikir, koedoe gantjang ngadeuheus deui ka dieu.”

Tjong djadjaka teh njěmbah, kěk njěkél wadah kěmbang, dibawa ka loear katoet kěmbangna. Kaběněran di loear aja koekoepoe. Kěkélěpěran koekoepoe teh rada sieuneun, rek eunteup kana kěmbang. Sok atoeh wadah kěmbang teh djeung kěmbangna koe djadjaka diteundeun dina tembok. Gantjang koekoepoe teh eunteup kana kěmbang noe aja

madoean. Tangtoe eta kěmbang noe sadjati tea, da ari kěmbang palsoe mah moal madoean, moal kaambeu nanaon koe koekoepoe.



Djadjaka teh teu toeoes balik, gantjang bae měděkan ka Prameswari, noedoehkeun kěmbang sadjati, nja eta anoe bieu dieunteupan koe-koepoe tea.

„Toeh geuning,” saoer goeroena, „ari djélěma pintér mah hěnteu katipoe. Nadjan kěmbang tironan tea saroea pisan djeung kěmang noe sadjati, eta djadjaka teu beeroeng njaho bedana, sabab njahoeun kana rasiah koekoeloe.”

8. Watěk gěmi, natak djadi kasěnangan.

Si Amin djadi soepir. Oenggal isoek s'k ka daje 'n ngadjadjacapkeun djoeraganana ka kantor. Oepam ujoeraganana rek angkat-angkatan djaoeh, manehna sok hiděng njadiakeun naon noe pérloe, nja eta sok ngabensinan mobilna satjoekoepna, malah radjeun měkěl minjak něpi ka sablek, sangkan mobilna oelah mogok di tengah djalan, lantaran koerang bensin atawa koerang minjak.

Salawasna mobilna běrsih toer herang. Ngompa banna tara teuas-teuas teuing. Ngosokanana tara bědas-bědas, soepaja tjetna teu goegoes. Bantalna běrsih, hěnteu pinoeh koe kěkěboel. Koe tina hade pamiarana, mobilna teh djiga anjar keneh bae, sanadjan geus lila oge dipakena.

Saminggoe sakali Amin sok hoedang soeboeh-soeboeh, mariksa mobil; babagianana dikosok djeung diminjakan, oepama pérloe; ērem-ēremna djeung saniskarana bae diilikan ditēngētan, bisi roeksak atawa robah tjitjingna. Oepama doenoenganana rek angkat poekoel 8 isoek, mobilna geus beres deui, geus bérésih sarta gilap, ngan kari indit.

Lantaran Amin sakitoe sarégépna, atoeh kagaleuh katjida koe doenoenganana teh, něpi ka bajaranana ditaekkeun. Harita Amin oendjoekan: „Hatoer noehoen, gamparan kërsa naekkeun bajaran abdi.” Dina hatena hajangeun ngomong kieu: „Oepami kieu, abdi mah salamina ge bade ngiring gamparan bae djadi soepir, moal gëntos doenoengan, moal gëntos pagawea.”

Oenggal narima ajaran koe Amin sok didjeudjeuhkeun, soepa'i aja sesana. Salawasna tara poho kana papatah bapata: „Ari boga rédjeki teh saeutik koedoe mahi, loba koedoe njasa.” Toeroeg-toeroeg manehna teh radjeun oge meuang péresen ti tamoe doenoenganana, noe didjadja keun koe mobil. Koe sabab eta atoeh saeutik-eutikeun bisa oge manehna teh njengtjelengan di sëparbang. Geus sawatara lilana manehra njengtjelengan, pek ngilikan boekona. Djoemlah tjer tselenganana geus aja / 300.

Barang Amin ge sawatara taoen djadina soepir, dina hidji poë doenoenganana njaoer bari sasaoeran kieu: „Dengekeun Amin tjarita dewek. Sawatara boelan deui dewek rek njaba ka nagara djaoeh toer lila, djadi kapaksa koedoe papisah djeung silaing. Dimana ēngke geus tangtoe piinditeun, dewek rek njieun soerat katrangan keur silaing, nérangkeun jen geus sakitoe lilana djadi soepir dewek, toer hade gawe. Babakoena maksoedna eta soerat teh, nja eta lamoen silaing neangan pagawean, tangtoe aja noe hajang njaho, geus digawe di saha djeung koemaha katjaképan silaing. Djadi lamoen eta soerat ditembongkeun, bisa djadi silaing gampang meunang deui pagawean.”

Si Amin mělengěk bae, ngadengekeun doenoenganana sasaoeran teh. Da kapan manehna teu hajangeun digawe di noe sedjen, wantoening doenoenganana sakitoe nja-aheunana ka manehna.

Heuleut saboelan doenoenganana mariksa kieu: „Koemaha Amin geus mikir-mikir, rek neangan pagawean teh? Oepama tatjan manggih pidenoenganeun, dewek boga batoer sagawe, noe sakira pinjauheun ka silaing. Lamoen aja di andjeunna mah, dewek moal mělang teuing, ninggalkeun silaing teh.”

Walon Amin: „Klintang abdi noehoenna kana tjitěrĕs gamparan, kërsa ngamanahan pikasĕnanganeun abdi. Nanging moegi teu djadi běndoe, sajaktosna abdi teu aja emoetan ngawoela ka noe sanes.”

Doenoenganana: „Koemaha atoeh? Rek njabak gawe naon?”

Walonna: „Maksad abdi teh kieu, gamparan: Di dinja tjakět pengkolan aja gědong kosong anoe ngagigirkeun goedang. Oepami sewaanana teu awis teuing, eta gědong bade disewa koe abdi. Goedangna bade didaměl bengkel, těmpat ngadangdosan kareta měsin sarěng mobil. Pakakasna bade meser. Oepami parantos sajagi, němbe diboeka bengkel teh. Malah oepami tjěkap modalna, hajang bari dagang bensin sarěng lisah motor, kitoe deui ban kareta měsin sarěng ban mobil.”

Doenoenganana: „Beu atoeh ari kitoe mah, koedoe boga modal gěde, keur njewa gědong djeung keur meulian pakakas. Koemaha kira-kirana, tjengtjelengan silaing geus tjoekoep pikeun modal?”

Walonna: „Moal tjěkap manawi tjengtjelengan mah. Noe mawi aja emoetan bade ngilari artos heula, manawi aja noe pěrtjantěneun.”

Doenoenganana: „Rek ka saha, ngindjeum doeit teh?”

Walonna: „Sajaktosna pěrkawis eta noedjoe diemoet-emoet keneh. Doeka bade namboet ka bang, doeka ka saha.”



Doenoenganana: „Hade kitoe ge. Tapi aja djalan sedjen, noe leuwih enteng. Ke dagoan!”

Sanggeus sasaoeran kitoe, toeloej doenoenganana teh angkat heula kana medja, tret njérat sakeudeung dina kertas salambar leutik. Eta kertas dipaparinkeun ka Amin bari sasaoeran kieu: „Djénengan batoer sagawe dewek tea djeung adresna geus ditoelis dina ieu kertas. Engke silaing meunang ngadeuheusan ka andjeunna, namboet doeit, geus tangtoe dipaparin, da dewek rek nitipkeun doeit ka andjeunna.”

Eta kertas ditampanan koe si Amin, toeloej disělapkeun kana notésna, noe geus disělapan rebewes, sarta mindéng manehna njatétkéun naon-naon dina notés teh. Geus kitoe pok manehna oendjoekan, pokna: „Hatoer noehoen kana saniskantén piwelas gamparan. Oepami parantos dongkap kana waktosna kédah namboet artos tea, tangtos abdi ngadeuheusan ka mitra gamparan.”

Katjarita sanggeus tangtoe pidjéngkareunana, doenoengan

KEIZER, *Panggèlar Boedi*, I (Soenda).

Amin teh lelang. Korsi, medja djeung paparabotan sedjen, malah djeung mobil-mobilna dilelangkeun. Sadjēngkarna doenoenganana, toeloej Amin njewa gēdong djeung goe-dangna, noe kasēboet di loehoer tadi, rek nēroeskeun tjita-tjitana. Teu koengsi lila saniskara kapērloean keur digawe geus sadia. Doeitna anoe dipake meuli pakakas djeung saniskara tea, tjengtjelanganana bae, ditjoekoepkeun sapēr-loena, teu ditambahan koe doeit beunang ngindjeum.

Di hareupeun eta gēdong, Amin masang bor, noe merēkna dialoes-aloes, oenina sakoemaha toelisan di handap ieu:

Disini terima pekerdjaan
membetoelkan
keroesakan mobil dan sepēda.

Djoega djoegal
minjak motor dan minjak kardan.

9. Watēk gēmi, matak djadi kasēnangan.

(Toeloejna).

Pangharēpan Amin tinēkanan. Teu sabaraha lilana geus pada njaho kana eta paoesahaan. Geus loba anoe daratang ngahadean kareta mēsin, aja noe ngomean djari-djarina, aja anoe nambal banna, boh ban loear boh ban djēro; aja oge anoe meuli ban weuteuh. Anoe pangrarisna bensin; sakapeung nēpi ka ngaleut mobil, toeloej areureun, ngadon ngareusian bensin.

Lolobana soepir mobil leuwih rēsēpeun mareuli bensin

ti Amin batan ti batoer, sabab Amin basa djadi soepir keneh, loba pisan sobat-sobatna. Djeung eta deuih, noe matak loba anoe rĕsĕp teh, ngabatikeunana Amin mah teu gëde teuing djeung tara ngalitjikan.

Ari dina hidji poë, waktoe Amin moeka notësna, rek njatëtkeun kaloeär-asoepna doeit, beh manehna manggih kërtas ngarangkëp djeung rebëwes. Ari dibatja, bët kërtas paparin doenoenganana tea, noe ditoelisan djënëngan mitra doenoenganana. Sanggeus njatëtkeun kaloeär-asoepna doeit, Amin aja pikiran kieu: „Matak naon, lamoen aing njoehoen-keun toeloeng? Ah, rek njoba ka boemi mitra doenoengan aing, rek ngaboektikeun kasaoeran doenoengan aing.”

Gantjang Amin ka loear ti imahna, ngadjoegdjoeg ka boemi mitra doenoenganana tea. Kabënëran noe kagoengan boemi teh kasondong keur tjilik di emper pajoen. Barang ret ge ningali Amin, enggal bae andjeunna miwarang dioek, toeloej mariksa: „Bedjana mah Amin moeka bengkel mobil. Koe-maha madjoe? Loba djélëma anoe daratang, ngaharadean mobil atawa kareta mësin? Boa datang ka dieu teh boetoeh koe doeit, pikeun ngagëdean modal. ŋenja kitoe?”


Walton Amin: „Sanes, gamparan. Poerwa abdi doeemeuheus teh, sanes bade namboet artos, nanging gadoeh maksad sanes.” Barabat ditjaritakeun, jen manehna hajang boga teng bensin noe make kompa.

Saoer noe kagoengan boemi: „Oelah salëmpang euj. ḅengke koe dewek dipangngeroeskeun. Malah kadjaba ti kitoe, ḅengke kantja-kantja dewek rek dibedjaan, soepaja ngabantoe paoesahaan silaing, nja eta koe meuli bensin atawa minjak motor djeung roepa-roepa kapérloean anoe sedjen.”

Amin atoheun katjida. Pok manehna nganoehoenkeun, toeloej bae amit wangsoel. Koe tina atoh-atohna, peutingna manehna ngimpi. Dina impianana teh, di hareupeun bengkelna geus aja teng bensin anoe katjida aloesna. Geus kitoe leugeudeut mobil ngadon areureun di dinja, mareuli bensin

djeung minjak motor. Barang lilir, manehna teh seuri koneng, ngadenge mobil anoe ngaliwat di djalan. Horeng eta noe djadi impian teh, malah lain impian ēnja, noe kitoe mah riwan ngaranna.

Teu sabaraha lilana, noe sakitoe dipikahajangna teh koe Amin, geus boekti. Di hareupeun bengkelna geus aja teng



bensin, sarta loba noe meuli bensin djeung minjak motor. Noe meuli ban mobil oge hēnteu koerang, soemawonna anoe ngahadean mobil djeung ngahadean kareta mēsin mah meh teu aja eureunna.

Oesahana Amin katjida gētolna, katambah gēmi, bisa ngadjeudjeuhkeun pakeun. Bisa njieun pikarēsēpeun djēlēma, hade boedi hēnteu toengi, make sok banjol nanaon. Baroedak sakola oge loba anoe geus ngalanggan ngomean kareta mēsin, malah loba noe geus njobat, babakoena sabab sok meunang ngompa ban, teu koedoe majar.

10. Sobat sadjati.

Kira-kira lalakon saparapat djam djaoeahna ti desa Karang aja pasawahan lēga; noe bogana nja oerang Karang.

Katjarita geus mimiti moesim ngidjih. Djélëma-djélëma geus ka sarawah, mimiti njamboet. Sawareh ngawaladjar, sawareh matjoel atawa magawe, aja oge noe geus sēbar, malah aja noe geus tandoer.

Beulah ditoena, djaoeah ti djalan liliwatan, sisi sawah aja tēgal pangangongan anoe katjida lēgana, sarta beh ditoena pisan tēgalan teh njamboeng djeung raramboe leuweung. Sabagian tina eta tēgal dikēbonan koe bapa si Idi.

Kabeh oge oerang Karang katjida tēmēn wékelnna, anoe matak teu koerang sandang-panganna. Oenggal tas panen, parena dibagi-bagi, dipisahkeun pibiniheun, toeloej njadikeun dahareun satjoekoepna sataoeneun. Saleuwihna sok didjoeal, keur mareuli papakean djeung keur kapérloean sedjen.

Bapa Idi ngingoe moending, noe dipikanjaah katjida koe manehna, reh sasatna nja moendingna anoe djadi tatalang manehna teh.

Oenggal isoek rēboen-rēboen Bapa Idi geus ka sawah, rek ngawoeloekoe atawa rek ngagaroe. Ari geus panas, sok eureun magawena. Moendingna disina reureuh.

Kira-kira wantji asar si Idi sok ka waloengan djeung batoer-batoerna, ngagoejangkeun moendingna. Baroedak teh katjida soeka-boengahna, bari ngagoejangkeun moending sok hareureuj silih simbeuh djeung aja noe itjikiboeng atawa noe tētēmbangan.

Si Idi njaaheun pisan ka moendingna. Pangrasana moendingna teh geus pangälöesna bae di salëmboer eta mah, malah radjeun manehna ngomong kieu ka batoerna: „Moending dewek moal aja noe ngoengkoelan sagala-galana oge.

Ari dipake magawe tara ngadat djeung tara tjapeeun. Katjida matak rĕsepna ari keur narik woeloekoe, soekoena bĕbĕlĕkoe-kan kana leutak; tanagana katjida rosana teh."

Baroedak noe sedjen oge masing-masing ngalĕm moendingna, tapi rasa si Idi mah moendingna bae noe pang-oenggoelna. Lamoen batoerna moedji moendingna, koe si Idi sok dititah ngabanding-keun tandoekna bae, sabab jakin tandoek moending si Idi teh taja bangsana, boh gĕdena boh pandjangna.

Bapa si Idi sasat hĕnteu bisa pisah djeung moending-na, lantaran sakitoe njĕnang-keunana ka manehna, malah radjeun sok ngomong kieu: „Nadjan aja noe daek meuli mahal ge, moending aing mah moal didjoeal, sabab oepama didjoeal, atoeh meureun moal

bisa ngagarap sawah.”

Ari bapana soeboeh-soeboeh indit ka sawah, si Idi sok mindĕng miloe, sok ngabantoe bapana sabisa-bisa. Ari moendingna keur nganggoer, koe si Idi sok ditoempakan bari tĕtĕmbangan. Kabisana poepoeh Poetjoeng, lagoena „Hajoe Batoer”, goegoeritanana kieu:

1. Moal aja noe bĕdas tjara si Djaloë,
Teu aja tandingna,
Nadjan loba deui moending,
Moal aja anoe saroea bĕdasna.



2. Oenggal isoek sok dipake ngawoeloekoe,
Ti barang braj beurang,
Barang mĕlĕtek srangenge.
Gĕtol pisan meunang sababara kotak.

3. Moen geus panas, bapa magawe teu tĕroes,
Sawĕdna dipĕtjat,
Si Djaloe toeloej digiring,
Disĕnangkeun sina goejang di waloengan."

Batoer-batoer si Idi ge, baroedak lalaki sedjen, loba noe miloe ka sawah djeung bapana masing-masing. Ari bapana keur magawe, baroedak teh sakapeung sok ngarioehan handapeun tatangkalan di sisi sawah, karĕkĕdĕngan dina djoekoet bari ngawarangkong atawa ngadongeng, noeroet-keun dongeng ninina.

Katjarita hidji poë wantji asar, baroedak teh araja keneh di sawah. Bapa-bapana keur ngareureuhkeun tjape, ari baroedak rek ngagoejangkeun moendingna ka waloengan; ēngkena kakara baralik ka sa-imah-imahna babarĕngan djeung bapana, kitoe anoe geus biasa. Tapi harita bapa si Idi balik ti heula, sabab tjĕnah arek ngahadean parandje, bisi kaboeroe boerit. Djadi si Idi rek balik pandeuri bae, sanggeus ngagoejangkeun moending.

Harita teh poëna panas katjida. Moending si Idi geus goejang, tapi si Idi teu boeroe-boeroe antjroeb ka tjai, tjitjing heula di handapeun tangkal kai sisi waloengan. Sanggeus batoerna harandjat, si Idi kakara antjroeb, niat ngagĕbĕg moendingna. Batoerna ngadaragoan, harajangeun balik barĕng, tapi koe si Idi dititah baralik ti heula bae, da bisi karĕsĕleun. Harita teh doemadakan kolot-kolot geus baralik, djadi ngan tinggal baroedak bae sawatarana, da baroedak noe sedjen mah geus loba noe baralik. Eta sababna noe matak tjaritjing bae, noe dititah baralik koe si Idi teh,




mělang tjěnah, bisi aja koemaha onam, wantoening deukeut ka leuweung, toeroeg-toeroeg tatjan lila aja noe manggihan tapak maoeng, teu pati djaoeh ti dinja.

Sanggeus si Idi ngagěběg moending, sanggeus handjat rek ditjalana, baroedak teh ngadenge noe ngagaoer ti kadjaoehan, atoeh moenggah tingrareungeuh. Moending-moending sěmoe anoe sarieuneun, tjeulina dipasangkeun djeung tingpoentjě-rěng. Aja oge moending noe ngorodtjod soekoena sěmoe rek loempat.

Boedak noe saoerang ngomong rada bědas, pokna: „Maoeng, Idi! Sing gantjang dangdan teh, bisi disampeur-keun maoeng!”

„Los bae ti hareula,” tjek si Idi, „moal boeroeng kasoesoel koe dewek, da si Djaloë mah tarik loempatna.”

Baroedak teh geus tingkaretjlak taroempak moending, toeloej bae diloempatkeun patarik-tarik. Kabeh oge pěrtja-jaeun, jen geus tangtoe kasaroesoel koe si Idi, da teu lila antarana si Idi ge geus ketjlak toempak moendingna, sarta loempatna mani mělětěng. Dilieuk koe batoerna, moending si Idi teu pati djaoeh ti maranehna, atoeh batoer-batoerna



teh kabeh oge ngarasa têtég hatena, teu mélangeun ka si Idi. Djeung ēnjana, oepama moending si Idi kěbat loempatna, tangtoe si Idi salamět. Tapi dasar si Idi noedjoe keur soë, geura baratja teroesna!

Tina pérkara tarikna si Djaloe loempat, memang teu aja tandingna, komo deui barang njahoeun, jen maoeng teh teroes ngoedag, geus beuki méléteng bae. Ari keur kitoe, soekoe-hareupna noe hidji oedjoeg-oedjoeg gěbloes bae kana logak, ngadékloek meh tikoesroek. Si Idi laboeh ka hareup ngaliwatan hoeloe moending, kaběněran hěnteu ngagaris seuseukeut tandoek, djeung koe sabab mapaj poendoek moending teq, laboehna teh ngagalasar, hěnteu njéri ninggangna kana taneuh, tapi hěnteu boeroe-boeroe nangtoeng deui, sabab kaboeroe moendingna ngalengkah deui, toeloej bae manehna teh nangkoeban, djadi aja di kolong moending.

Teu koengsi lila maoeng geus deukeut, malah geus djol hareupeun moending, kawas ngadodoho si Idi. Lěbah dinja kanjahoan koemaha prakprakanana, si Djaloe ngabela sobat. Geura teroeskeun baratja!

Si Djaloe moendoer saeutik, něpi ka soekoe-hareupna malěbahan sirah Idi, toeloej toengkoel ngadjaga Idi, bari matana moentjérěng ngawaskeun maoeng, sarta tandoekna dipasang, ngadago maoeng naradjang.

Maoeng teu sabar, pangrasana moal eleh karosaan, toer geus minděng ngelehkeun moending noe pantar kitoe. Gabroeg maoeng teh ngarontok, niat njakar djeung někoek poendoek si Djaloe. Si Djaloe rikat masangkeun tandoek, dipake njodok anoe ngarontok, poeng maoeng teh diam-poelkeun, bari seuseukeut tandoekna dipasangkeun kana lěbah piragrageunanana maoeng. Ana tjrěb teh tandoek kana beuteung maoeng, maoengna mani ngagaoer ngarasa njéri. Beuteungna boedal-badil, peudjitna bidjil, gětihna ngababajah. Si Idi mělěngěk bae, asa di pangimpian, tapi teu sakarakara, marga belana si Djaloe djeung pangërsa Maha Kawasa.

Batoer-batoer si Idi tea ngaloempatkeunana moending ditéroeskeun něpi ka lěmboer. Geus taroeroen tina moending, kakara njarahoeun, jen si Idi hěnteu téroes noetoerkeunana, atoeh pada njangka geus tiwas bae. Toeloej bae baroedak patingsorowok: „Aja maoeng! aja maoeng!”

Kolot-kolot tingtorodjol ti imahna, naranjakeun, di mana aja maoeng teh. Koe baroedak ditjaritakeun, jen aja maoeng ngagaoer di sisi sawah, sarta maranehna téroes taroempak moending, baralik. Si Idi oge noetoerkeun, toempak moending pangpandeurina, tapi hěnteu njarahoeun, koemaha noe matak si Idi tatjan tembong keneh bae. Panjangka baroedak mah, tiwas bae si Idi teh.

Gantjang bae sakoer lalaki noe djagdjag sagěd, marawa pakarang sabogana-sabogana, toeloej arindit ka sawah, neang si Idi, soegan bisa keneh ditoeloengan.

Bapa si Idi ge miloe, tapi hatena teu wěleh salěmpangeun, sieuneun anakna geus djadi wadal.

Teu koengsi něpi ka sawah, ti kadjaoehan keneh geus katembong si Idi nangtoeng deukeut moendingna. Atoeh

djélëma-djélëma teh beuki tarik laloempatna, hajangeun geura ngadenge tjarita si Idi. Barang geus amprok, gantjang bae si Idi teh pada nanja; barabat koe manehna ditjaritakeun, ti barang moendingna tibélësék, toeloej manehna laboeh sarta rek dirontok maoeng, maoengna diampelkeun koe si Djaloe, ditampanan koe tandoekna, něpi ka beuteung maoeng teh boedal-badil.

Taja babandinganana djélëma-djélëma teh soeka-boengahna, komo bapa si Idi mah, reh geus salamët, nadjan moendingna baloboran ge hoeloena, ditjakar maoeng.

Bangke maoeng djoeng digarotong, bring baralik bari rame saloesoerakan.

Sadatang-datang ka imah, pakëpoek Bapa Idi ngoebaran hoeloe si Djaloe, sarta heuleut sawatara poë si Djaloe geus tjageur deui. Bawaning soeka, keur ngarioeng saanak-pamadjikan, Bapa Idi ngomong kieu: „Tambah-tambah bae si Djaloe mah pikanjaheunana teh, noe matak salawasna ge moal didjoeal djeung moal dipeuntjit, kadjeun sina paeh bangkar.”

Pamadjikanana njamboeng: „Poegoeh bae koedoe moelang tarima mah, da kapan si Djaloe teh geus noemboe oemoer anak oerang. Tatjan poegoeh djélëma mah belana kawas si Djaloe, něpi ka poho ka diri sorangan.”

11. Si Soeri djadi baboe.

Si Soeri teh geus tamat sakola desa. Memeh balik ti sakola, goeroena sasaoeran, kieu saoerna: „Ajeuna maneh geus tamat sakola, toer kaasoep kana golongan baroedak pintér. Lamoen hajang, meunang maneh téroes diadjar di sakola samboengan.”

Sěnjana si Soeri teh rěsěpeun keneh diadjar, djeung

hajangeun asoep ka sakola samboengan, kabitaun koe batoerna noe ngaran Mirah djeung Iném. Handjakal teu karoedjoekan koe indoengna, sabab kieu omong indoengna: „Tamat sakola desa ge geus tjoekoep, Soeri, montong hajang asoep ka sakola samboengan kawas batoer. Ajeuna mah diadjar digawe di imah bae, bari ngabantoean ēma. Kapan adi maneh oge asoeheun keneh.”

Indoeng si Soeri teh randa; kira-kira geus aja sataoen katinggal maot koe salakina, bapa si Soeri. Koe sabab eta kapaksa manehna koedoe oesaha sorangan, keur njoekoepan sandang-pangan saimah-imah. Ari pakasabana noe ngabakoe, nja eta boeboeroeh noetoe atawa dĕrĕp.

Mimitina si Soeri teh ngarasa rada ngaroemas, lantaran geus biasa oenggal isoek sok ka sakola, ari ajeuna teu bisa ka mana-mana. Lamoen nendjo batoerna noe doe tea, si Mirah djeung si Iném babaréngan ka sarakola, si Soeri sok toeloej bae ngabangbrangkeun maneh ngasoeh adina, ngais noe boengsoe si Ěndjoen djeung noengtoen si Ěndjen, pangais boengsoe.

Barang adina noe doe geus sarakola, mimiti si Soeri ngarasa rada sĕnang, da ngoeroes roemah-tangga mah teu sabaraha, wantoening imah-imah di kampoeng, teu loba oenak-anikna. Ari dina hidji poë indoeng si Soeri teh ngomong, pokna: „Daek Soeri djadi baboe? Di pasar ēma pa-panggih djeung kawawoehan. Manehna njahoeun, jen ēma boga anak awewe geus gede, nja maneh; toeloej nanjakeun ka maneh, soegan daek djadi baboe, sabab tjĕnah, djoeragan Djaksa di dajeuh, poetrana doe taja noe ngasoeh, lantaran baboena balik. Tjek manehna, bageur pisan iboe maroerang-kalih teh, gĕten ka rentjang djeung hĕnteu bĕngis. Oepama maneh daek mah sarta gadjihna meudjeuhna, pek bae djadi baboe ge, soegan bae bisa tjoekoep pikeun kapĕrloean maneh, kilangbara bisa njoembang teh ka ēma.”

Eukeur mah aja pikiran, si Soeri teh rek neangan pag-

wean, ajeuna aja anoe nawaran, toeroeg-toeroeg karoedjoekan koe indoengna, djeung bakal aja di dajeuh, bakal loba te-tendjoan, atoeh njéboet manggana teh moenggah haripeut.

Teu katjatoer hal babadamianana, ngan katjatoer si Soeri teh geus aja bae di dajeuh, di boemi djoeragan Djaksa, djadi baboe. Nendjo medja djeung korsina djeung paparabotan sedjen noe araloes toer bérésih, si Soeri rèsépeun pisan.



Babakoena noe matak manehna katjida bëtaheunana, lantaran maroerangkalih asoehanana teu arogoan, sok naroe-roet ka si Soeri teh. Moerangkalih noe doeа teh, nja eta Dang Wawan djeung Neng Titi noe pangboeréjna. Komo eta mah Neng Titi apet pisan ka si Soeri teh, tina katjida bisana si Soeri ngasoeh, sok njieun tjotjooan, saperti: wajangan koe daoen sampeu, kakaretaan koe tjangkang djeroek atawa naon bae. Koe ejangna Neng Titi teh di-panggaleuhkeun boneka gede. Eta boneka koe si Soeri dipangnjieunkeun badjoe, atoeh beuki rèsépeun bae Neng Titi kana eta boneka, make diais sagala koe pangais leutik, diejong-ejong disina bobo.

Sore-sore saoepama moerangkalih geus karoelém, si Soeri diadjar ngapoet, noeroetkeun piwoeroek doenoenganana, babakoena sok ngapoetan panganggo moerangkalih noe saroék. Barang geus nampa bajaran, manehna meuli ēntjit keur adina anoe boengsoe, pek dibědah toeloej dikapoet. Ari dina hidji poë si Soeri amit ka doenoenganana, rek njaba ka lémboerna poelang poë, nja eta tjénah, rek ngirimkeun badjoe adina tea djeung ngirim doeit ka indoengna, keur nambah-nambah balandja. Diidinan koe doenoenganana, ngan oelah lila teuing, sabab Neng Titi bisi leungiteun.

Di imahna si Soeri ngagorah bae, njaritakeun kaajaan di boemi djoeragan Djaksa djeung njaritakeun moerangkalih asoehanana. Indoengna atoheun pisan, reh si Soeri ngarasa bětah di dajeuh, toer make barangkirim. Katjida si Soeri soeka-atina nendjokeun adi-adina marěboetkeun kadaharan bawa ti dajeuh. Komo adina noe boengsoe, barangdahar sarta bari nilik maneh, make badjoe pangirim si Soeri tea.

Oenggal-oenggal toetoep boelan, sanggeus bajaran, si Soeri teh sok datang ka imahna, barangkirim ka indoengna djeung adi-adina. Sakali mangsa, waktoe aja di imahna, si Soeri sěmoe noe soesah, sarta goera-giroe bae ka dajeuh deui, sabab mělang ka Neng Titi, teu damang tjénah, teu meunang ditinggalkeun lila-lila.

Sanggeus datang ka boemi doenoenganana, boeroe-boeroe si Soeri asoep ka pangkoelémán. Kasondong djoeragan istri keur ngalandongan Neng Titi. Rek ka loear andjeunna sasaoeran: „Gek Soeri dioek di dieu, kami kěsél, rek ka loear heula sakeudeung. Ati-ati oelah tjektjok, Ěneng keur sare.”

Kaběnérān aja doktor rek mariksa, enggal atoeh djoeragan istri ka kamar deui, njaréngan doktor. Pek doktor teh mariksa moerangkalih lalaoenan, toeloej woewoeroek ka djoeragan istri, sarta toeloej ka loear deui.


Si Soeri meh beurang-peuting ngadjaga di pangkoelémán, kaloearna ngan sakeudeung-keudeungeun. Ari Neng Titi

moendoet ngaleueut, ḡesat-ḡesoet manehna njitjikeun tjai. Pek moerangkalih dilahoен sina ngaleueut, toeloej di-ebogkeun deui. Ti peuting lamoen geus toendoeh, meunang si Soeri sare heula di ēnggonna, toeloej Neng Titi ditoenggoean koe iboena, bagéntos djeung ramana.

12. Si Soeri djadi baboe.

(Toeloejna).

Geus sawatara peuting djoeragan istri teu iasaeun koelém, da mělang ka poetra tea, něpi ka rada teu damang. Si Soeri ngarasa salémpang, bisi doenoengan katéterasan. Nja dina hidji poë, pok si Soeri oendjoekan ka djoeragan istri, pokna:



„Ajeuna abdi njoehoenkeun idin, siang-siang bade mondok sakēdap, soepaos wěngi ēngke tiasa ngadjagi poetra dongkap ka endjing, djadi gamparan iasa koelém.”

„Hade bae”, saoer djoeragan istri teh, „sabab kami, lamoen koerang teuing sare, bisa djadi toeloej gěring. Tapi oepama pěrloe mah, boeroe-boeroe kami geuingkeun, nadjan tengah peuting oge.”

Kaběnérān peuting eta Neng Titi tibra koelémna, sapeuting djěmpling teu lilir-lilir, kawasna mimiti damang. Iboena nja kitoe deui, koelémna rada tibra, djadi salirana sěgér deui. Isoekna koeroetak doktor, mariksa noe teu damang. Ěnja bae tjek doktor ge, Neng Titi teh geus hěnteu matak salěmpang, tangtoe damang sakeudeung deui oge.

Pohara bingaheunana doenoengan si Soeri istri-paměgét, nja kitoe deui si Soeri, sarehing asoehanana geus rada tjenghar, geus rěrěp toer geus kěrsaeun barangtoeang saeutik-eutikeun. Kira-kira saminggoe deui, tjek doktor geus tangtoe damang. Oenggal poë Neng Titi teh koedoe dileueutan tjisoesoe něpi ka doea gělas. Oenggal poë koe si Soeri ditoelatenan, beuki katara damangna. Heuleut saboelan geus damang pisan, poilih deui sababeula bihari, sok dibawa djalan-djalan koe si Soeri djeung sakapeung sok diasoech di kěbon.

Ari dina hidji poë pasosore djoeragan istri sasaoeran ka si Soeri, njarioskeun tjarogena dialihkeun ka Soematra, sarta tangtoe andjeunna ge djeung poetra-poetrana ngiring.

Si Soeri rada ngarendjag, ngadenge saoer doenoenganana kitoe teh, sarta gantjang bae naros: „Iraha, gamparan?”

Djoeragan istri: „Piinditeun kira-kira saboelan satěngah deui.”

Hěnteu kěbat sasaoeran andjeunna teh, sabab harita kaboeroe aja tatamoe.

Katjarita waktoe si Soeri di djalan, rek ka lěmboerna sakoemaha biasa, taja lian noe dipikiran ngan pěrkara

doenoenganana rek ngalih tea. Babakoena noe dipikiran, nja eta sieun papisah djeung Neng Titi, noe sasatna geus djadi boeah hatena, kanjaahna geus lain djidjieunan. Ari ras ka moerangkalih anoe sakitoe apetna ka manehna, koe manehna geus katjipta, koemaha ḑngke pĕtana, lamoen djaoeh ti manehna.

Di imahna si Soeri teh ngan sakeudeung, gĕsat-gĕsoet ka dajeuh deui, da moerangkalih ngan koematjatjang bae dina panonna.

Keur waktoe djoeragan istri njaoerkeun rek ngalih tea, saĕnjana teu aja manah rek njandak si Soeri ka Soematra, sabab bisi teu daekeun djeung bisi teu bĕtaheun di ditoena, geus bae pikasësaheun andjeunna. Tapi barang Neng Titi diotjal-otjal, ditjariosan jen si Soeri geus balik ka lĕmboerna, sarta moal datang deui, Neng Titi teh moenggah ngalimba, djeung njaoerkeun rek miloe djeung Soeri. Koe sabab eta, sadatangna si Soeri ti lĕmboerna, gantjang bae djoeragan istri teh mariksa: „Koemaha Soeri, lamoen miloe ka Soematra, daek atawa hĕnteu? Ari ras ka maneh, bisi teu bĕtah di ditoe, mĕnding teu miloe maneh teh, tapi ari ras ka Neng Titi noe geus sakitoe apetna ka maneh, meureun roengsing, hajang papanggih djeung maneh, da ka baboe anjar mah tatjan tangtoe apetna kawas ka maneh. Koemaha atoeh, moen miloe bae maneh teh?”

Si Soeri ngarasa bingoeng. Di loehoer geus disĕboetkeun, jen sakitoe kanjaahna ka moerangkalih asoehanana, geus katjipta koe manehna, sakoemaha pisoesaheunana, lamoen padjaoeh. Tapi ingĕt kana djaoehna pangoembaraan toer teu njaho djalanna, manehna teh geus hoream ti memehna; koemaha pĕtana, lamoen manehna hajang papanggih djeung indoeng katoet adina noe doea, si Ḗndjen djeung si Ḗndjoen? Eta sababna, noe matak manehna gawena ngahoelĕng bae, teu boeroe-boeroe ngawalon.

„Kaharti Soeri koe kami oge,” saoer djoeragan istri teh,

„noe matak maneh hěnteu bisa ngadjawab teh. Tjoba bae badami heula djeung indoeng maneh. Tjaritakeun ka indoeng maneh, jen oepama di ditoe geus aja pigantieun maneh, noe sakira njapheunana ka Neng Titi kawas maneh, tangtoe maneh dioeroeskeun koe djoeragan paměgět, soepaja bisa balik deui ka Poelo Djawa. Pěrkara di djalanna mah, kami nanggoeng, taja pikasalěmpangeun. Soegan moal koengsi sataoen, maneh padjaoeh djeung kolot. Eta kabeh tjaritakeun koe maneh ka indoeng maneh.”

Teu ngadago toetoep boelan tjara sasari, si Soeri geus indit deui ka lěmboerna, ngahadja rek badami djeung indoengna, sakoemaha piwoeroek djoeragan istri. Sadatang datang ka imah, barabat bae manehna njarita pandjang, maksoedna menta timbangan hal ngiring atawa hěnteu ka Soematra. Indoengna ngadjak badami ka adina awewe, bibi si Soeri, malah toeloej ajeung si Soeri ka boemi oeroet goeroena, njoehoenkeun pěrtimbangan. Gantjangna mah indoeng si Soeri geus gilig, geus ngidinan anakna ngiring ka doenoenganana, reh pěrtjaja kana kasaoeran djoeragan istri tea.

Gantjangna tjarita bae, doenoengan si Soeri sagarwapoera katoet si Soeri geus araja dina kareta api noe noedjoe ka Djakarta, djeung isoekna geus araja dina kapal noe balajar ka Soematra.

Ti sabral si Soeri indit, indoengna teh teu wěleh hoelang-hoelěng, eling toer mělang ka anak, noe hěnteu dinjana-njana bakal ngoembara ka nagara anoe sakitoe djaoehna, teu njaho lěbah-lěbahna. Sakapeung mah manehna teh make njoeroeloek ttipanon. Kahartieun koe si Ěndjen djeung si Ěndjoen, jen indoengna kagagas koe si Soeri, atoeh maranehna oge toengtoengna teh mariloe ttipanonan, bororaah ngabangbrangkeun ka indoengna.

13. Reungit malaria.

Baroedak anoé gëtol mah daratang ka sakola teh tara kabeurangan, malah aja noe lila keneh kana lotjeng geus aroelin di boeroean sakola. Di handap ieu rek njaritakeun hidji sakola, noe moeridna biasana mah garëtol. Isoek-isoek samemeh soemping goeroena, geus rame koe noe aroelin. Sawatara boedak awewe keur soesoempoetan, ari baroedak lalaki hahajaman, geus rada tjarapeeun, geus rek areureun.

Hidji moerid këlas lima, ngaran Koesnadi, nitah eureun hahajaman, ngadjak gobag.

Sabot kitoe torodjol goeroena soemping. Ngadangoe Koesnadi ngomong, andjeunna sasaoeran: „Oelah ketah, oelah gobag. Sakeudeung deui ge lotjeng. Areureun anggoer. Ńgke bae rek gobag mah waktoe ngaso.”

„Keleneng! keleneng!” lotjeng ditabeuh, gantjang baroedak ngaberes doea-doea; panghareupna boedak awewe, di deukeut panto sakola.

„Keleneng!” lotjeng sakali deui, kakara baroedak asoep ka sakëlas-këlasna. Ari geus darioek kabeh, katingali koe goeroena, jen loba moerid anoe teu asoep. Aja sawatara bangkoe noe teu aja noe ngadioekan.

Saoer goeroena: „Naha euj, mana loba-loba teuing noe teu asoep teh. Sasari ge sok aja bae noe absen, tapi tara nëpi ka tjara poë ieu mah.”

Moerid noe ngaran Koesnadi, anoe kasëboet di loehoer, asal ti sakola sedjen, tatjan lila diadjarna di sakola eta mah. Rada kageteun, nendjo batoerna loba anoe teu datang teh, da di sakola manehna noe bareto mah, tjek manehna tara loba-loba teuing anoe absen. Toengtoengna manehna naros ka goeroena, naon sababna noe matak kitoe.

Tadina bapa Koesnadi tjékél gawe di Soreang, toeloej dipindahkeun ka Palaboean. Eta sababna noe matak Koesnadi asoep sakola di Palaboean.

Panaros Koesnadi tadi di loehoer, koe goeroena diwalon kieu: „Kaajaan di Soreang djeung di dieu teu saroea. Di dieu mah loba djelēma anoe katērap moeriang. Moerid-moerid noe teu asoep ge, lolobana mah anoe moeriang.”

Dasar boedak rada pērtjeka, Koesnadi teh hēnteu tjoekoep koe walanan goeroe sakitoe, aja keneh kapanasaranana. Pok manehna naroskeun, koemaha lantaranana noe matak loba anoe moeriang.

„Lantaranana,” saoer goeroena, „anoe matak aja kasakit moeriang, rada pandjang. Minggoe hareup koe dewek rek ditērangkeun. Sakalian rek ditoedoehkeun djoerigna.” Sasoeranana kitoe, goeroe teh bari mesēm.

Baroedak loba noe seuri, aja oge noe olahok, teu ngartieun kana tjarios goeroena, koemaha pētana noedoehkeun djoerig moeriang.

Heuleut sawatara poë, waktoe pangadjaran matja, baroedak teh koe goeroena hēnteu waka disina ngaloearkeun boekoe, dipiwarang ngadarengekeun heula kana kasaoerana-na. Kieu saoer goeroena teh, bari ngadjoeengdjoengkeun panangan doeana, masing-masing dianggo njēpēng gēlas: „Tarendjokeun, ieu aja gēlas kosong doeа. Tjoba Koesnadi ka dieu djeung Mariah.”

Eta gēlas anoe hidji dipaparinkeun ka Koesnadi, hidji deui dipaparinkeun ka Mariah, toeloej sasaoeran deui: „Koesnadi koedoe ka loear ka soesoekan. Eta gēlas koedoe dieusian tjai ti soesoekan. Ari Mariah koedoe ngeusian eta gēlas koe tjai saring. Los ka ditoe, geura eusian!”


Boedak doeа kalaloear. Teu koengsi lila Mariah geus asoep deui, mawa gēlas beunang ngeusian koe tjai. Geus kitoe Koesnadi oge asoep deui ka sakola, mawa gēlas beunang ngeusian koe tjai ti soesoekan. Ari eta soesoekan teh hēnteu monteng, tjinain rada ngeujeumbeu. Hēnteu kiroeh-kiroeh teuing tjinain teh, ngan rada loemeur. Eta gēlas anoe doeа geus diteundeun dina medja direndengkeun.

Pok deui goeroena sasaoeran: „Tarendjokeun! Ieu gělas doeana rek ditoeroeban koe kěrētas, djeung ditjirian, noe mana tjai saring djeung noe mana tjai soesoekan.”

Sanggeus kitoe, toeloej eta doea gělas diasoepkeun kana lomari, sarta těroes goeroe sasaoeran deui: „Oelah poho, oenggal isoek ieu gělas koedoe pada ngarilikan. Geura ěngke kanjahoan, bakal aja naon-naon di djěrona.”

Baroedak teh tigin pisan kana piwoeroek goeroena. Oenggal isoek teu paroho ngarilikan eta gělas anoe doea. Nadjan sawatara poë hěnteu aja naon-naon di djěro eta gělas, hěnteu wěleh diarilikan bae, da pěrtjaja kana kasaoeran goeroe. Kira-kira heuleut saminggoe, kakara kanjahoan koe baroedak, jen gělas noe dieusian koe tjai soesoekan tea, di djěrona geus aja oetěk-oetěk. Atoeh tjektjok baroedak teh, ngabedjaan batoer-batoerna, jen aja oetěk-oetěk.

Noe disěboet oetěk-oetěk teh laleutik pisan, pandjangna ge ngan sawatara mm. Ari noe matak disěboet kitoe, sabab eta sato gawena ngan tingäroetěk. Mimitina tjaritjing di handap bae di dasar tjai, toeloej lalaoenan ka loehoer bari hěnteu eureun-eureun oetak-oetěk, beuki loehoer-beuki loehoer,



Oetěk-oetěk.
(Ditendjo make soeriakanta).

toengtoengna tjaritjing bae, boentoetna di beh loehoer kawas noe .djoengkir.

Koe goeroena dipariksakeun ka baroedak, noe aja oetěk-oetěk teh dina gělas anoe mana.

„Dina gělas noe dieusi tjai soesoekan,” walon baroedak.

Téroes bae baroedak teh oenggal isoek sok ngarilikan gělas. Oetěk-oetěkna kadjaba ti noe galëde, aja deui anoe laleutik katjida, gědena toempa-toempa. Heuleut sawatara poë djoemlahna oetěk-oetěk teh geus loba pisan. Tapi ari dina gělas noe dieusi tjai saring mah, hënteu aja hidji-hidji atjan oetěk-oetěk teh. Tjaina ge anggér ngagěnjas sakoemaha tadina.

Eta gělas noe pinoeh koe oetěk-oetěk koe goeroena di djoengdjoengkeun, dipiwarang ditarendjo koe baroedak, bari saoerna: „Koe maraneh kanjahoan, jen oetěk-oetěk teh beuki loba, djeung gědena panta-panta. Tah eta noe panggědena, kira-kira aja $\frac{1}{2}$ cm pandjangna.”

14. Reungit malaria.

(Toeloejna).

Poë Sënen isoek-isoek, waktoe baroedak rek ngarilikan gělas, Koesnadi noe pangheulana moeka lomari, sarta njokot gělas noe aja oetěk-oetěkna tea. Eta gělas didjoengdjoengkeun

koe Koesnadi bari pokna: „Tarendjokeun, geura ieu aja reungit di djëro gělas teh.”


„Aneh nja,” omong Mariah, „koe-maha noe matak eta reungit bisaeun asoep? Kapan sakitoe rekepna toe-toepna teh!”

Goeroena aja di dinja. Ngadangokeun baroedak haliwoe teh mesěm bae, teu sasaoeran nanaon. Ari



reungit oenggal poë tambah deui-tambah deui bilanganana.


Dina hidji poë, noe pangheulana moeka lomari, goeroena. Barang ningalian gĕlas, andjeunna sĕmoe noe kaget, bari miwarang baroedak boeroe-boeroe ngilikan gĕlas, lantaran aja noe aneh di djérона. Atoeh riboet baroedak paheula-heula njalampeurkeun ka goeroena.



„Enja geuning,” tjek hidji boedák, „aneh eta mah oeték-oeték teh.”

Noe matak disëboet aneh, eta oeték-oeték ngambang, teu obah-obah, kawas noe paeh. Poetjoenghoel tina hoeloena kaloear reungit lalaoenan. Gĕlĕbĕr reungitna hibĕr, eunteup dina tjai.

Mariah dipariksa koe goeroena, saoerna: „Kaharti ajeuna Iah, naon noe djadi reungit teh?”



„Kahartos,” walon Mariah, „noe djadi reungit teh oeték-oeték, sapertos hileud sok djadi koekoepoe.”

Baroedak ngadarengekeun kana pamariksa goeroe djeung djawaban Mariah. Atoeh ngarti kabeh oge ajeuna mah, jen reungit teh oetěk-oetěk asalna mah.

„Tah kitoe maksoed dewek teh,” saoer goeroena, „noe matak maraneh dititah ngilikan gělas oenggal isoek teh, nja eta soepaja nendjo pribadi, koemaha pěta-pětana oetěk-oetěk djadi reungit. Ajeuna rek ditěrangkeun, koemaha toeloejna lalampahan eta reungit. Saoepama ieu gělas diboeka toetoepna, tangtoe reungitna haliběr ka mana-mana. Heuleut sawatara poë reungit teh ngěndog. Ěndogna lalěmboet pisan, něpi ka meh teu katendjo. Karésěpna ngěndogna di tjai anoe teu ngotjor, saperti soemoer atawa kolomberan. Di soesoekan noe ngeujeumbeu sarta kotor, leuwih-leuwih rěsěpeunana. Tapi dina saringan mah atawa dina gěntong, teu aja ěndog reungit. Ěnja kitoe Sarbini, atawa hěnteu?”

Walon Sarbini: „Oepami saringan atanapi gěntong ditoeroeban, tangtos reungit moal tiasaeun lěbět, djadi tangtos moal tiasaeun ngěndog di dinja.”

Goeroena: „Běněr euj, pintěr Sarbini. Tah ajeuna sing aringět, saringan djeung gěntong tea salawasna koedoe ditoeroeban sing rekep. Toeloejna tina ěndog mah, koe maraneh meureun kaharti, nja eta ana měgar sok djadi oetěk-oetěk. Ari oetěk-oetěk měgar nja djadi reungit deui.”

Sanggeus eureun sakeudeung, těroes deui goeroena sa-saoeran: „Tjoba ajeuna palikir, saoepama di dieu euweuh kolomberan djeung euweuh tjai ngeujeumbeu kawas běběr di sisi laoet, koemaha kira-kirana, loba reungit atawa moal?”

„Moal aja,” walon Sarbini, „margi oetěk-oetěk tea tiasaeunana hiroep moeng dina tjai tjitjing. Dina tjai noe tarik mah kabantoen palid koe tjai.”

Rada djaoeh Sarbini pikiranana, omongna: „Běněrna mah koedoe dilarang, oelah aja kolomberan atawa tjai ngěmběng, sangkan oelah aja reungit.”

Saoer goeroena: „Naha Sarbini, maneh teh ngewa kana reungit?”

Walonna: „Soemoehoen abdi mah ngewa, bongan sok njotjo saréng sok ngagandengan.”

Goeroena: „Poegoeh dewek ge nya kitoe, teu rèsèp ka reungit teh, malah sarerea oge moal aja noe rèsèpeun. Leuheung bae, ari ngan oekoer njotjo mah, ngan oekoer ateul. Sawareh mah kapan aja anoe djadi djoerig moeriang, tégésna djadi lantaran moeriang, nya eta anoe dingaranan reungit malaria.”

Baroedak kabeh olahok, teu ngartieun kana tjarios goeroena, koemaha noe matak reungit djadi lantaran moeriang. Řenja-ënja maranehna ngarégpkeun, barang goeroena njarios deui, saoerna: „Moen teu aja reungitna mah, moal aja kasakit malaria teh. Lamoen reungit malaria dibasmi kabeh, moal aja deui djélëma noe katérap malaria, djadi moerid-moerid oge moal loba noe teu asoep ka sakola, da tjalageur. Oerang bae ajeuna mah sing ati-ati, oelah aja tjai ngembéng di pakarangan, sing mindéng montengkeun kolomberan, djeung oelah neundeun kaleng atawa wawadahan noe sakira kaeusian tjai hoedjan, sabab tjai hoedjan oge sok dipake ngéndog koe reungit.”

Koesnadi sanggoep, jen manehna pribadi rek ati-ati, soepaja pakaranganana toehoer, teu aja noe betjek-betjek pikarésèpeun reungit.

„Poegoeh bae,” saoer goeroena, „da indoeng-bapa oerang teh loba deui kapérloean, noe matak koedoe oerang noe ngoeroes pakarangan mah. Nagara teu koerang-koerang ngadjalankeun ihtiar, geusan kasehatan rahajat. Pagawean anoe bangga, saperti njaatkeun rantja-rantja, ngédoek soesoekan djeung salian ti eta, dipigawena koe pagawe nagara anoe maranti. Tapi tangtoe noe djadi rahajat oge koedoe ngabantoe, tégésna koedoe daraek ngoeroes pakaranganana djeung imahna masing-masing, soepaja bersih, soepaja djaoeh kasakit. Ari aja noe betjek-betjek, meunang oge dibandjoer koe karbol atawa koe minjak tanah. Tjindékna

mah oerang sarere a koedoe ihtiari, pikeun ngabasmi reungit malaria, lantaran eta reungit teh, lamoen njotjo ka djeléma, sok ngasoepkeun bibit kasakit moeriang, sarta anoe katérap moeriang malaria teh, bisa djadi něpi ka adjal, ari hěnteu kaberoe katoeloengan mah.”



Kolomberan disemprot koe minjak tanah.

15. Toekang batoe kaleuwihan.

Katjarita aja hidji toekang batoe anoe koerang panarima ka Anoe Maha Kawasa. Mindeng pisan manehna ngarasoela. Ari geus ngarasa tjape digawena, manehna teh sok ngarahoeh bari ngomong djeroning hate, pokna: „Adoeh pagawean aing, mana bangga-bangga teuing, ari hasilna teu sabaraha. Moal aja noe sangsara kawas aing.”

Anoe matak manehna sasambat kitoe, sabab poë harita teh katjida pisan panasna, toer di tēmpat digawena hěnteu aja tatangkalan keur ngioehan. Ari batoe noe keur ditoegaran tea, katjida pisan teuasnna.

Digawena sapoë djépoet, ti isoek něpi ka boerit. Ana balik teu bisaeun leumpang gantjang, da katjida ngarasa

tjapeeunana. Sapandjang djalan ngan mikiran koelak-tjanggeum bagdja awak, lantaran saoemoer-oemoer, ti boeboedak něpi ka kolot, ti ngongkoak něpi ka ngoengkooeuk teu pinanggih djeung kasěnangan. Moenggoeh kasoeahoedanana toekang batoe teh meh teu aja tandingna, digawena sasat soekoe didjieun hoeloe, hoeloe didjieun soekoe, tapi kahiroepanana djaoeh tina ngaran tjoekoep, sakapeung mah dahar oge hěnteu seubeuh.

Ari dina hidji poë keur noedjoe digawe deui sabiasa djeung di těmpat eta keneh, toekang batoe kapanasan něpi ka njaktjlakan kesang. Pek manehna teh eureun, njoesoetan kesang heula. Sabot kitoe, djomodjoj aja pikiran, lalamoenan djadi noe beunghar. Omongna dina hatena: „Saoepama aing beunghar, tangtoe aing hěnteu koedoe doeg tinětěk, digawe beurat tjara ajeuna. Ngeusian imah gědong anoe aloes. Hees dina kasoer anoe ēmpoek, katilna dikaelamboean, moal digeroemoet reungit. Dahar seubeuh sarta ngeunah oenggal poë. Dina waktoe panas poë měntrang-měntring, bisa ngioehan di papangoengan di tengah patamanan.”

Rada oelěng manehna lalamoenan teh, něpi ka meh poho bae, jen keur digawe. Barang eureun lalamoenan, gantjang ngawadahan batoe kana tjarangka parantina. Sanggeus kitoe pok manehna ngomong deui djero hatena: „Ah, rek eureun digawe teh, da geus tjoekoep sakieu ge. Ladang batoe poë ieu meudjeuhna keur meuli beas, dahareun djeung pamadjikan. Digawe paeh poso ge moal beunghar, da geus kadar koedoe djadi djelěma miskin.”

Kakara gap ngaragap rantjatanana, rek ngadjoengdjoeng-keun batoena, rek ditanggoeng, oedjoeg-oedjoeg torodjol bae





wareuteuh toer aloes. Imahna gēdong weuteuh, dikoerilingan koe taman. Tēngah-tēngah patamanan aja balong, dilingkoeng tangkal balingbing. Korsi-medja djeung parabotan sedjen, woengkoel noe araloes bae, noe biasa aja di gēdong noe beunghar. Randjangna randjang beusi, koe-lamboena soetra dewangga. Ari di boeroeanana aja tangkal tjaringin koeroeng, ngarēnggēnēk loba dahanna, gomplok daoenna, di handapna ioeh toer lenang, paranti noe sēnang-sēnang. Tjindēkna toekang batoe teh tinēkanan panēdjana, lir kagoentoeran madoe, kaoeroegan mēnjan poetih; saniskara geus sadia, hēnteu ngalieuk ka euweuh. Geus moal leuwih ti kitoe kasēnangan di doenja mah.

Kotjap dina hidji poë, Radja di nagara eta keur pasiar nitih kareta, ngalangkoeng ka hareupeun gēdong anjar, tēmpat noe beunghar, noe kakara mēnjat tea tina sangsara.

Sang Radja teh nitih kareta noe ditarik koe koeda opat, kabeh barodas bērēsih, ti poengkoerna dipadjēngan koe padjēng gilap moenggah goemēbjar. Diiring koe para mantri ponggawa, taroenggang koeda noe gagah, matak bēngong anoe ningal.

Toekang batoe noe geus djadi beunghar tea noe rasana geus taja anoe mapakan, nendjo Sang Radja ngalangkoeng

malaikat, teu kanjahoan ti mana djolna, geus aja di hareupeun toekang batoe, ditimbalan koe Goesti Noe Maha Soetji, ngadwoehkeun, jen toekang batoe dikērsakeun djadi noe beunghar. Harita disina peureum, toeloej sina beunta deui.

Barang beunta, malaikat geus ngaleungit, toekang batoe geus djadi djēlēma beunghar. Papakeanana geus diganti koe noe


dina kareta, diiring para ponggawa noe sakitoe garandang-garindingna, bĕt ngarasa katitih kabina-bina; kabeungharan sakitoe teh, dibandingkeun djeung radja mah, teu sadjere-djerena atjan.

Barang aleutan Sang Radja geus teu katingal, toekang batoe ngomong sadjéroning hate: „Koemaha rasana toempak kareta karadjaan, toer make pajoeng gilap? Matak naon, lamoen aing djadi radja? Moegi-moegi Goesti Anoe Sipat Moerah ngalaksanakeun kana panoehoen oematna!”

Doemadakan satoetoepna omongan toekang batoe, ngong kadenge aja soara tan katingalan, pokna: „Panoehoen maneh dikaboeel.”

Djlĕg bae harita keneh noe beunghar teh djadi radja. Imahna djadi karaton, géréjék abdi-abdina. Andjeunna linggih dina korsi karadjaan, dideuheusan koe para mantri ponggawa. Goelang-goelang dipiwarang njaoler kareta, ngan sadjelat geus djol deui, tjang njembah, gek dioek, pok oendjoekan, ngoendjoekkeun kareta parantos sajagi. Enggal Sang Radja Tjitjiptan nitih kareta. Karetana, koedana, pajoengna djeung saniskarana oge, hĕnteu dipitjeun sasieur njĕples pisan kawas aleutan Radja Sadjati, noe dipikabita tea.

„Enja ajeuna mah bagdja, diri aing,” kitoe manah Radja



Tjitjiptan, sadjēroning pasiar sapandjang djalan, ningalikeun abdi-abdi anoe brœkbræk tjaringogo sisi djalan, tanda ngahormat ka radja.

Kotjap dina hidji poë, noedjoe panas méntrang-méntring, nja eta waktoe katiga bangét, rea soemoer noe saraat, taneuh bareulah, tatangkalan daoenna rontog djeung djoedjoe-koetan gararing, harita Radja Tjitjiptan noedjoe angkat matjangkrama, sanadjan dipadjéngan ge, anggér bae ngaraos panas bajeungjang, malah tina teu kawawa, něpi ka kaloear lisan, kieu saoerna: „Panjana teh ari noe djadi radja mah, moal aja noe ngoengkoelan, moal aja noe ngagoda kana kasěnanganana. Ajeuna kami asa dihina koe srangenge. Moega-moega kami sing djadi srangenge!“


Repeh anoe sasaoeran, ngong deui bae soara tan katingalan, njěboetkeun jen tiněkanan panědja Radja Tjitjiptan. Sapada harita oge Radja Tjitjiptan geus malih warni, djadi srangenge, njaangan djagat.

Srangenge tjitjiptan tea panasna taja tandingna, leuwih panas batan srangenge sadjati. Koe tina bangét panasna, tatangkalan djeung djoedjoe-koetan geus garing kabeh. Sasatoan loba noe paeh. Djélěma loba anoe sasambat, meh teu koeat nahan panas anoe sakitoe bangétta. Srangenge tjitjiptan toeloej soesoembar:

„Aing noe pangkawasana, ajeuna mah moal aja noe ngoengkoelan.“

Sabot kitoe, oedjoeg-oedjoeg angkeub bae; langit pinoeh koe mega kanděl, ngahalangan sorot srangenge, atoeh djagat teu katjangan djeung hěnteu kapanasan.

Srangenge tjitjiptan napsoe, toeloej ngarasoela deui, hajangeun djadi mega, hajangeun djadi pangkawasana, oelah aja noe mapakan.




Goesti Allah hēnteu alang koe-mapalang ngalaksanakeun panēdja oemat-oematna. Hēnteu diēng-kekeun deui, ngan sakitjeup srangenge tjitjiptan leungit, ganti djinis, pindah roepa, djadi mega, toeloej bae soesoembar deui: „Hajoe ajeuna srangenge, oerang ngadoekeun karosan. Sorot andjeun rek dihalangan, nēpi ka andjeun teu bisa njaangan djagat.”

Barang sorot panonpoë kahalangan koe mega, atoeh di doenja teh poëk, sarta teu lila gēr hoedjan, moenggah ngagēbret, nēpi ka waloengan-waloengan tjaah, pakampoengan loba anoe katjaahan, imah-imah loba noe ambroek, sasatoan loba noe palid, tatangkalan loba noe roengkad; aja sawah noe kakara ditandooran toeloej kakembēng. Ngan batoe anoe tareuas toer galēde, anoe teu rengrot-rengrot teh, hēnteu ngeser-ngeser atjan tina tēmpatna.

Mega tjitjiptan njahoeun, jen sanadjan hoedjan sakitoe rongkahna, nēpi ka sagala roeksak, tapi batoe hēnteu eleh, hēnteu katitih djadjaten koe hoedjan. Koe sabab eta, mega tjitjiptan teu ngeunah hate, kieu pokna: „Rarasaan ngan aing noe pangōenggoelna, geus ngelehekun panonpoë. Tapi ari dibandingkeun djeung batoe mah, batoe anoe leuwih rosa. Ajeuna mah leuwih hade aing djadi batoe bae.”

Pangērsa Anoe Kawasa, harita ge lēs bae mega teh leungit, geus



djadi batoe, tingdjoengkiring sagēde-gēde gadjah, malah aja noe ngadjēgir sagēde pasir.

„Ajeuna mah,” omong batoe tjitjiptan teh, „moal aja anoe nēndeng kana kadigdjajan aing. Nadjan hoedjan sakoemaha rosana ge, moal bisa ngeserkeun aing. Nadjan sorot panonpoë leuwih panas batan seuneu, aing moal nēpi ka leeh. Tjindēkna mah euweuh deui anoe sakti manggoelang-manggoeling kawas aing.”

Hēnteu lila sanggeus batoe soesoembar kitoe, djol djēlēma datang ka dinja, mawa linggis djeung paloe gēde. Pek batoe teh ditoegaran, ditampolan, toeloej dipekprek koe paloe djadi pirang-pirang sēmplek.

Batoe tjitjiptan teu bisa madjar koemaha, ngan kari soemērah bae ka toekang batoe. Rasa agoeng koemaloeng-koeng, rasa gagah toer pērkosa ajeuna leungit, kaganti koe toemarima, asrah soemērah ka Noe Ngajoega, noe ngadamēl boemi djeung langit katoet eusina. Harita manehna tobat djeung sasambat ka Goesti Noe Maha Agoeng, njoehoenkeun dikērsakeun djadi deui toekang batoe.

Soegih moekti geus pinanggih, beurat beunghar geus laksana, ngasaan djadi noe kaja, ngalakon boga karaton, toeloej djadi panonpoë, djadi mega, geus kitoe djadi batoe, antekna teh djadi toekang batoe deui. Ajeuna mah geus tara ngarasoela, djongjon bae oenggal poë noegaran batoe, sarta bari soedjoed soekoer, rehing ginandjar walagri, pantjadria hēnteu koerang, anggahota loemrah djeung djēlema loba.



16. Sing ati-atি.

Di aloen-aloen rame baroedak keur langlajangan. Katjida maroeloekna langlajangan teh. Aja noe gede aja noe leutik, djeung bangoenna roepa-roepa. Katingalna di awang-awang katjida matak rĕsĕpna.

Toeh awaskeun noe keur njirorot! Pohara aloesna eta mah langlajangan teh. Ari itoe noe tingsiriwik di awang-awang, kawas anoe hiroep bae katingalna. Toeh itoe mah njirorot ka katoehoe, rek diadoekeun, tak-siran. Geura awaskeun, mana noe meunang. Tatjan poegoeh-poegoeh atjan, geus gér baroedak teh soerak, maroekan ēnja rek diadoekeun, sabab anoe njirorot teh njerenteng djiga rek njabĕt noe hidji deui, ari sihoreng ngan rĕrĕsĕpan bae, hĕnteu tĕroes diadoe-



keun, toeloej bae eta doeа langlajangan padjaoeh deui, dioeloer paloehoer-loehoer paantěng-antěng.

Awaskeun ajeuna itoe, langlajangan noe panggědena! Djigana teh eta anoe pangwěwěgna. Diadoekeunana oge meureun pangmeunanganana, sabab noe bogana bisa pisan ngagělasna.

Langlajangan noe pangloehoerna, barang rek aja noe njoesoel, djiga noe ēmboeng kasoesoel, lamoen moenggoeh djělěma mah, meureun kieu pipokeun dina hatena: „Wani silaing ka dewek? Heg rasakeun!”

Gantjang anoe ti loehoer teh monteng, njabět moesoehna, bět bae běnangna pěgat, toeloej langlajanganana ngoleang. Gěr baroedak teh soerak bari toeloej laloempatan, ngoedag langlajangan leupas. Geus biasa di mana-mana, saha-saha noe pangheulana newak eta langlajangan, tah nja eta noe ngamilik.

Sanggeus njabět moesoehna tea, langlangan noe meunang teh dioeloer deui, toeloej ngapoeng moeloek pisan; geus antěng aja di loehoer, pek dangdak-dangdek ka kentja ka katoehoe, sěmoe noe neangan tanding. Lamoen eta langlajangan bisa ngomong, piomongeunana kieu meureun: „Horeng rěsěp, ari bisa ngelehkeun moesoeh! Tjik ajeuna saha deui noe piwanieun naradjang?”

Sabot kitoe, langlajangan anoe sedjen noe rada leutik, noe meh saroea moeloekna, dideukeutkeun kana langlajangan noe leuwih gěde noe měntas diadoe tea, beuki lila beuki deukeut.

Langlajangan noe dideukeutan, njereng bari siga nangtang: „Hiap ka dieu sing deukeut, ari wani mah ka dewek!”

Moesoehna seot njirorot, děk běnangna paaděk djeung běnang noe hidji deui, sarta toeloej silih gesrek rada lila. Langlajangan anoe gěde bět bae běnangna pěgat, langlajanganana kokoleaban, lir anoe gěloet kapeupeuh, geus kitoe toeloej ngoleang kabawa angin, beuki djaoh beuki

handap. Baroedak ngabroel laloempat patarik-tarik, bari teu wéleh taranggah, ngoedag langlajangan leupas.

Leupasna langlajangan teh ngorang kawat, bénangna njangkol, toeloej langlajanganana njangsang, deukeut kana tihang kawat.

Ari anoe pangheulana narépi ka lëbah dinja, nja eta Bakri

djeung Sarip. Nendjo langlajangan njangsang, pok Sarip ngomong: „Ah, dewek mah teu wani, naek kana tihang kawat, bisi tjilaka.”

Walon Bakri:

„Enja euj bisi tjilaka.

Poegoeh bae lëbarna mah, langlajanganana aloes. Rek diadjoel, loehoer teuing, moal aja keur ngadjoeña.”


Baroedak sedjen djoeldjol dartaeng, ngagimboeng béri taranggah, pada hajang kana eta langlajangan, ngan teu aja noe wani naek.

Tina bawaning kabita koe langlajangan, hidji boedak ngaran Sidik ngadeukeutan tihang kawat, arek naek.

„Oelah, Sidik,” omong Sarip, „bisi tjilaka.”

Walon Sidik: „Ah, tjilaka koemaha. Geus biasa dewek mah sok tataekan. Sing pageuh bae njékélna, moal ragrag.”

„Lain ragrag,” tjek Sarip teh, „anoe koedoe dipikarisi koe oerang,



nja eta bisi kawatna aja noe roeksak, listrikna keuna ka oerang, djadi tjilaka."

Dasar si Sidik bēdēgong, api-api noe teu ngarti kana pangingētan Sarip, terekel bae manehna naek kana eta tihang kawat.

Sarip teu wēleh risieun. Si Sidik dititah toeroen, tapi teu noeroet, toeloej bae manehna naek nēpi ka loehoer. Barang rasana geus deukeut, pek manehna njoba-njoba ngahontal langlajangan, teu kahontal, nja toeloej ngarangkek deui.

Tarikning tjilaka, barang manehna ngarangkek, kēk leungeunna njékēl kawat noe listrikan, manehna ngarasa njéri toer reuwas, kalesotan toeloej ragrag, ngagēboet kana taneuh, gawena nangkarak bēngkang, geus teu bisa walakaja, da kapaahan.

Sarip reuwaseun katjida, toeloej bae gēgēroan menta toeoloeng.

Wantoeuning di sisi djalan loba djēlēma ngaliwat, harita ge geus ngagimboeng naroeloengan. Noe tjilaka diparajang, dibawa ka imah noe pangdeukeutna ka dinja. Bapa Sidik dibedjaan, jen anakna meunang tjilaka, ari Sarip gantjang indit neang doktor.

17. Sing ati-ati.

(Toeloejna).

Si Sidik dipariksa koe doktor. Badjoena digoenting. Awakna toetoeng. Bapa Sidik oge njaksian, gawena ngan bēngong bae, ningal kaajaan anakna sakitoe matak watirna.

Bapa Sidik naros ka doktor: „Koemaha kintēn-kintēnna, poen anak teh tiasa katoeloengan?”

Walon doktor: „Tatjan beunang ditangtoekeun, sabab hese noeloenganana ari keuna koe listrik teh, djaba ti eta,

taksiran, ieu boedak teh potong leungeunna djeung soekoena. Noe geus tangtoe, nadjan bisa tjageur deui ge, tangtoe lila kana pitjageureunana."


Poë eta keneh oge salēmboer eta geus pada njaho, jen si Sidik meunang tjilaka. Batoer-batoerna sakola, noe dareukeut imahna mah, aja noe neang. Lolobana njarahoeunana teh isoekna di sakola. Sanggeus baroedak arasoep, geus darioek sabangkoena-sabangkoena, pok goeroena sasaoeran: „Bareto geus ditjaritakeun koe dewek, jen lamoen naekan tihang kawat, sing ati-ati, lantaran aja bahjana, malah hadena pisan mah oelah bae naekan tihang kawat listrik teh. Tah ajeuna karasaeun koe si Sidik, ari teu noeroet kana papatah goeroe teh. Geura koe maraneh pikir, koemaha pirasaeunana, lamoen maraneh pribadi anoe tjilaka kitoe teh.”

Sasaoeranana kitoe, goeroe teh sēmoe nalangsa, hawatosseun ka si Sidik. Sanggeus ngahoelēng sakeudeung, pok sasaoeran deui: „Komo oepama si Sidik hēnteu gantjang dipariksa koe doktor, bisa djadi tēroes tiwas. Tapi doktor geus sasaoeran ka dewek, jen teu salēmpang; noeroetkeun pamariksaan, si Sidik teh bakal bisa tjageur deui, nadjan lila ge.”

Toeloej goeroe njandak kapoer, bari miwarang baroedak, ngawaskeun ka andjeunna, rek ngagambar dina bor. Sanggeus andjeunna ngagambar anoe sa-roepa djamparing, pok sasaoeran deui: „Di tēmpat-tēmpat noe aja bahja listrik, sok di-ajaan gambar kilat, ti handapna dibangoen kawas djamparing, sarta di gigireunana aja toelisan, aksarana gēde djeung tērang, noe oenina pisoendaeunana kieu: Awas! saha-saha anoe njēkēl ieu kawat, tangtoe tiwas! Pirakoe maraneh tatjan narendjo gambar noe kitoe. Ajeuna geus pada ngarti, jen eta teh maksoedna ngabedjaan, jen di dinja aja bahja.



Poegoeh ari tjahjana mah, listrik teh loetjoe. Dewek katjida rĕsepna, lamoen ti peuting ditjaangan koe listrik. Tapi oerang oelah poho, lamoen koerang ati-ati, bisa djadi oerang tjlaka koe listrik. Saoepama rek langlajangan, leuwih hade neangan tĕmpat noe djaoeh kana kawat listrik. Djeung oepama aja langlajangan leupas, njangsang kana kawat



listrik, keun bae montong ditjokot, lantaran aja bahjana tea, komo deui lamoen tali langlajangan noe njangkol teh baseuh.


Di djalan parapatan aja adĕgan leutik ditembok, nja eta tĕmpat listrik. Tangtoe maneh sarerea geus narendjo. Geura ēngke arilikan gambar kilatna.”

Sawatara boedak ngawalon: „Abdi mah parantos ningal, jaktos aja gambar kilatna.”

Goeroe: „Lamoen maneh ngaliwat ka lĕbah dinja, sarta parĕng tĕmpat listrik keur diboeka pantona, patjoean rek

tēmpa-tēmpo, soemawonna nēpi ka asoep, sabab gēde pibalahieunana. Tjindēkna mah koedoe diingētkeun kieu: Listrik teh tjahjana aloes, ngan kawatna djeung tēmpatna matak tjilaka..... Heg ajeuna oelah poho, sing ati-ati ngadjaga diri."

Sanggeus diwoeroekan kitoe, baroedak teh koe goeroena dipiwarang ngalaloearkeun sabak, disina noeroetan gambar noe aja dina bor tea, kitoe deui toelisanana.



18. Nana djeung Didi tētēlēponan.

Poë Ahad Nana keur leumpang di djalan, kabēnēran papanggih djeung Didi, toeloej Didi dititah miloe.

„Miloe ka mana?” tjek Didi.

Nana: „Ka dinja, ka toko Boelan!”

Didi: „Rek naon ka toko Boelan?”

Nana: „Rek menta kaleng oeroet tjisoesoe, doe.”

Didi: „Keur naon kaleng oeroet wadah tjisoesoe?”

Nana: „Rēsēp geura, rek njieun tētēlēponan.”

Didi: „Naha bisa, tētēlēponan koe kaleng kitoe?”

Didi teu pati ngartieun, atawa teu ngandèleun, jen Nana bisaeun njieun téléléponan.

Nana: „Miloe bae ajeuna mah. Geura ēngke ge kaharti, ari geus aja mah tétéléponanana.”

Bring bae baroedak teh ka toko Boelan. Gantjangna Nana geus meunang doea kaleng noe dipikahajang tea, pamere noe boga toko, sabab manehna sok radjeun babantoe di toko Boelan.

Bari mikeun eta kaleng, noe boga toko Boelan teh ngomong, pokna: „Ieu kaleng, pongpokna anoe ti loehoer geus dipitjeun, ngan tatjan diratakeun, di sisina aja keneh noe sareukeut. Sing ati-atи bae, bisi raheut. Rek dipake naon kaleng teh?”

Walon Nana: „Rek njieun tétéléponan.”

Noe boga toko Boelan: „Koetan bisa njieun télépon? Tjoba ēngke pangnjieunkeun keur toko Boelan. Soegan bae beuki loba noe ngalanggan ka toko Boelan, ari aja télépon mah.”

Diwalon koe Nana bari seuri, kawas anoe saénjana manehna bisa njieun télépon, pokna: „Mangga ēngke ngadamél deui. Ajeuna mah bade ngadamél keur abdi heula.”

Sanggeus Nana nganoehoenkeun, toeloej baroedak doea teh baralik, bari mawa kaleng kosong hidji sewang.

Di deukeut imah Nana teh aja toekang kaleng, ngaran Pa Hoesen. Barang ras Nana ingéteun ka Pa Hoesen, toeloej bae ngadjak ka Didi, rek ka toekang kaleng heula, ngadon ngikir kalengna tea, soepaja sisina rata pisan.

Teu koengsi lila baroedak teh geus daratang ka toekang kaleng. Kasampak Pa Hoesen noedjoe digawe sakoemaha biasana. Kadjabu ti sok njieunan barang-barang tina kaleng, manehna teh sok ngahadean kareta mésin, nambal banna atawa naon bae. Nana sok mindéng ka dinja, nendjokeun noe digawe djeung nendjokeun roepa-roepa pakakasna. Lamoen ban kareta mésin geus ditambal djeung geus dipasang, Nana hidéng sok mangngompakeun, soepaja ari

anoe bogana geus majar ka Pa Hoesen, ngan kari toempak bae, teu tjape ngompa heula. Lamoen Pa Hoesen geus reres baranggawena, sok toeloej meres-mereskeun paparabotanana, soepaja teu pabalatak. Nana oge sok ngabantoean.

Barang ret oge ngareret ka Nana djeung Didi tea, gantjang bae Pa Hoesen nanja: „Rek naon baroedak ka darieu? Rek ngabarantoean digawe?”

Walon Nana: „Ajeuna mah sanes bade ngabantoean. Hajang ieu ngaratakeun sisi kaleng. Bade namboet kikirna.”

Pa Hoesen: „Diratakeun naonana?”

Nana: „Bade njieun tētēlēponan. Ieu kaleng sisina radə sareukeut, djadi kēdah diratakeun heula. Bapa oge meureum iasa ngadamēl tētēlēponan.”

Pa Hoesen: „Bisa soteh bapa mah ngomean kareta mēsin. Njieun tēlēpon mah, tatjan ngadjaran. Ari oedjang noeroetan saha, djeung koemaha njieunna teh?”

Nana ngomong bari nembongkeun kalengna: „Gampil, Pa,



ngadamēl tēlēpon mah. Ieu doeа kaleng kosong kenging didamēl tēlēpon. Nanging nja eta sisina kēdah diratakeun heula."

Eta kaleng diilikan koe Pa Hoesen sarta toeloej manehna njokot kikir djeung tjatjapit. Pek kaleng teh koe Pa Hoesen dikikir, nēpi ka ratana pisan, moal matak raheut kana leungeun.

19. Nana djeung Didi tētēlēponan.

(Toeloejna).

Omong Pa Hoesen: „Geus rata ajeuna mah, geus moal matak raheut. Koemaha toeloejna, soepaja djadi tēlēpon?”

Nana: „Kēdah diliangan heula ti handapna di tengah-tengahna pisan, keur ngalēbētkeun tali.”

Didi mah olahok bae, hajangeun njaho, koemaha pidjadieunana. Pa Hoesen oge sēmoe noe heran, sarta moedji dina hatena kana pakarépan Nana, boga niat njieun kaoelinan, noeroetan noe palintēr, kaloearan sakola loehoer. Minangka nembongkeun kapanoedjoeanana, Pa Hoesen teh ngabanjolan ka Nana, ngomongna koe basa lēmēs: „Mangga djoeragan, ieu kaleng bade diliangan heula. Naon deui kahojong teh?”

Gantjangna kaleng doeа teh geus diliangan dina pong-pokna, liangna leutik araloes.

„Mangga njanggakeun,” omong Pa Hoesen bari mikeun eta kaleng ka Nana, „ongkosna mirah, moeng sapoeloeh roepia.”

Ngawalonna Nana bari banjol deui, pokna: „Noehoen Pa. Ongkosna oge sēdēng, nanging ēngke dibajarna, oepami parantos gadoeh gadjih.”

Pa Hoesen: „Mangga kitoe ge.”

„Aeh,” tjek Nana, „teu atjan aja talina. Oepami bapa kagoengan tali alit anoe liat saréng pandjang, bade njoe-hoenkeun.”

„Ke oerang neangan heula,” walon Pa Hoesen bari ngodjengkang kana pëti wadah paparabotan. Kabénérán tali teh aja, nja toeloej bae dibikeun ka Nana. Talina aloes toer pandjang.

Kaleng noe hidji ditjékél koe Nana, noe hidji deui koe Didi. Kitoe deui toeng-toeng tali, anoe hidji koe Nana ditjékélna, toengtoeng anoe hidji deui koe Didi.

Omong Nana: „Ieu toengtoeng tali oerang arasoepkeun kana liang kaleng, ari geus asoep, diboendélkeun toeng-toengna pisan, soepaja hënteu ka loear deui. Kieu geura!”


Pek koe Nana ditjontoan, soepaja ditoeroetan koe Didi. Atoeh Didi teu heseeun, gantjang manehna noeroetan, ngasoepkeun toengtoeng tali kawas Nana, sarta toeloej diboendélkeun.

„Djoeng nangtoeng Didi,” tjek Nana. „Eta kaleng tjékél sing pageuh. Ari rek ngomong, soengoet Didi koedoe ditompokeun kana kaleng. Tapi lamoen rek ngadengekeun, kaleng teh koedoe ditoengkoepkeun kana tjeuli.”

Sanggeus kitoe, djoeng Nana oge nangtoeng, toeloej leumpang ka boeroean bari mawa kaleng noe hidji. Dina lëbah kira-kira aja 20 m ti Didi, kakara Nana eureun, toeloej njanghareup ka Didi, bari pëpëta nitah Didi noeng-koepkeun kaleng kana tjeulina.

Gantjang Didi teh noeroetkeun parentah Nana, ari Nana nompokeun soengoet kana kalengna. Koe Didi kadengeeun, kieu tjénah: „Kadenge ka dinja, sora Nana?”

Walon Didi: „Enja, kadenge!”





nampanan kaleng, pek nanja heula ka Nana: „Halo! halo!
Ada toean Nana di sana?”

„Ada,” walonna, „siapa itoe?”

„Bapa Hoesen!.... Oerang ngomong Soenda bae atoeh,
nja Na!”

„Mangga!”

„Bĕnĕr bisaan Nana teh. Kakara bapa mah manggih
tĕlĕpon noe kieu. Lamoen dibikeun, ieu tĕlĕpon arek dibeuli
koe bapa. Sapoeloeh roepia oge wani. Poenah bae hoetang
Nana, teu koedoe dibajar deui.”

Nana: „Teu katji gogorowokan, da ngo-mong biasa oge tangtoe kadenge!”

Didingomong sabiasa, sarta koe Nana kadenge, pokna: „Koemaha ajeuna, kadenge ke-neh?”

„Poegoeh bae kadenge mah.”

Sabot kitoe, Pa Hoesen panasaraneun sarta toeloej ka boeroean, hajangeun miloe njoba tĕlĕpon, njampeurkeun ka noe deukeut, nja eta Didi.

Didi ngasongkeun kalengna ka Pa Hoesen, bari nawaran, bisi Pa Hoesen rek nĕlĕpon ka Nana.

Sanggeus Pa Hoesen

kalengna ka Pa Hoesen,

bari nawaran, bisi Pa

Hoesen rek nĕlĕpon ka

Nana.

Wal Nana: „Engke bae télépon keur bapa mah, oerang neangan deui kalengna noe langkoeng sae. Nanging pangaosna oge langkoeng mahal. Ari hoetang mah, ngantosan gadjihan heula; ajeuna koeroe keneh.”

Nendjo Pa Hoesen mikeun deui kaleng ka Didi, Nana eureun néléponna, toeloej tali télépon teh digolongkeun kana kaleng, bari leumpang, njampeurkeun Didi. Ari geus deukeut ka Didi, kakara kaleng ti Didi ditampanan koe Nana.

Sanggeus kitoe, bral Nana djeung Didi teh baralik baba-réngan. Ingétan Nana, ari geus datang ka imah, boeroe-boeroe rek nembongkeun téléponna ka adina djeung bapana, djeung rek sina diadjaran.

20. Siraroe djeung rinjoeħ.

Wantji magrib keur moesim ngidjih, di imah Jahja geus njeungeut lampoe. Di emper hareupna tjaang, malah indoeng-bapa Jahja keur darioek di dinja bari ngaromong. Ari Jahja harita teh keur noedoehkeun gambar-gambar dina boekoe ka adina awewe. Doemadakan oedjoeg-oedjoeg kěploek bae aja siraroe moerag kana boekoe. Beuki lila beuki loba siraroe teh, tingkélepér njalampeurkeun kana lampoe. Loba oge anoe geus lesot djangdjangna, tingkarajap dina medja.

Boeroe-boeroe boekoe Jahja dilingkoepkeun, sieuneun kakotoran koe siraroe.

Nani, adi Jahja tea, rèsépeun pisan nendjo siraroe ngagimboeng, omongna: „Naha nja kang, mana loba-loba teuing siraroe teh!”

Eta kabeh siraroe teh ti boeroean daratangna, tapi ari liangna mah, teu njaho di lěbah mana, da harita di loear teh katjida pisan poëkna, moenggah měrědong. Karésépna siraroe teh sok njalampeurkeun noe tjaang.

Indoeng Jahja boeroe-boeroe njokot baskom ditjaian, sok diteundeun dina medja, handapeun lampoe, soepaja siraroe anoe keur napoek lampoe teh, ana geus tjarapeeun hiberna, maroerag kana tjai, djadi henteu tingkarajap ka manama. Noe geus aja dina medja ge dikempoelkeun, diasoepkeun kana baskom. Nani njokotan siraroe anoe geus euweuh djangdjangan, tingkarajap dina korsi, aja oge noe di handap



dina oebin. Anoe tingkélér kenéh diképoekan koe Nani bari seuseurian, atoeh lalesot djangdjanga; siraroena ditjokotan hidji-hidji, dikétjémploeng-kétjéploengkeun kana tjai dina baskom.

Ari geus tjarang siraroe noe tingkélér sarta sakoeriling medja geus ngabajak djangdjang siraroe, bapa Nani nitah njapoakeun djangdjang siraroe ka Nani. „Meugeus,” tjénah, „oelah diképoekan teuing siraroe teh, sawareh mah sina baralik deui kana liangna, da harajangeun kenéh hiroep.”

Gantjang Nani njokot sapoe, seot-seot njapoekeun djang-djang siraroe, ngan sakeudeung geus bĕrĕsih. Geus kitoe Nani ka pawon djeung indoengna, rek ngagoreng siraroe. Memeh digoreng, siraroe noe dina baskom dipitjeunan djang-djangna heula koe Nani djeung indoengna.

Jahja nanja ka bapana, nanjakeun siraroe teh naon asalna djeung ti mana daratangna, oedjoeg-oedjoeg napoek bae kana lampoe.

Diwalon koe bapana, jen siraroe teh kalaloear ti djero taneuh. Lamoen rada tjaang keneh halibĕrna, sok loba noe disambĕran koe tjangkoerileung djeung saeran. Komo lalaj mah nĕpi ka poëk njalambĕran siraroe teh. Tjaktjak djeung bangkong oge sok ngahakanan siraroe.

Omong Jahja: „Meureun seep siraroe teh sadajana, teu aja noe tĕras hiroep.”

„Hĕnteu kabeh,” walon bapana, „aja oge noe salamĕt, teu katewak koe djĕlĕma atawa koe sasatoan. Tah eta anoe kitoe, sok toeloej pating karajap, njaroesoep ka noe boeni, arasoep kana liang-liang dina tatangkalan, aja oge noe ngaliang dina taneuh. Aja anoe kabĕnĕran siraroe djaloe papanggih djeung noe bikang, toeloej njoempoet babarĕngan. Heuleut sawatara poë siraroe bikang teh ngĕndog. Eta ēndog-ĕndog tea ana mĕgar djadi rinjoeh, anoe katjida lobana.”

Jahja geus mindĕng nendjo rinjoeh, nja eta sato noe sok ngaroeksak, sok ngahakanan pagĕr atawa paparabotan tina kai djeung tina naon bae. Boekoe Jahja ge geus aja anoe roeksak dihakan rinjoeh.

Bapa Jahja noeloejkeun tjaritana: „Noe toeloej ngaliang deui, siraroe teh kabeh geus teu djarangdjangan, djadi geus lain siraroe saĕnjana mah; eta kabeh teu eureun-eureun diga-we, lantaran anak-anakna anoe sakitoe lobana, koedoe disadiakeun hakaneunana djeung imahna (hoenjoerna) koe-doe tĕroes digĕdean, sangkan oelah nĕpi ka heurin. Kitoe deui imahna teh koedoe santosa, sangkan oelah aja moesoeh

noe bisa asoep, malah aja anoe ngadjaga sagala, minangka pĕrdjoeritna, nja eta rinjoeħ pĕtingan, noe darĕdĕg djeung barĕdas.”

Barang tjarita bapana nĕpi ka lĕbah dinja, Jahja njĕlang heula ngomong, pokna: „Eta pangintĕn, anoe galĕde hoe-loena, rinjoeħ pĕrdjoerit teh.”

„Enja noe kitoe,” walon bapana. „Ajeuna bapa rek nanja: Geus nendjo silaing rinjoeħ bikangna, anoe sok disĕboet gateuw?”

Walon Jahja: „Gateuw, Pa? Anoe koemaha gateuw teh?”

Bapa Jahja: „Anoe disĕboet gateuw teh, nja eta rinjoeħ bikang, panggĕdena di antara rinjoeħ-rinjoeħ anoe sakito lobana. Eta gateuw teu bisaeun ka mana-mana, sabab beurateun koe beuteung, da katjida bĕlĕnoena beuteungna teh, nĕpi ka aja anoe sagĕde ramo. Gawena teu aja lian djaba ti ngĕndog.”

Jahja njĕlang: „Atoeh teu bisaeun leumpang meureun, nja Pa?”

Walonna: „Bororaah bisa leumpang, ngeser ge tina ēng-



Gateuw (digĕdekeun).

gonna teu bisaeun. Baranggawe kawas rinjoeħ anoe sedjen, manehna mah hĕnteu ngimpi-ngimpi atjan. Tapi ngĕndogna moal aja noe ngoengkoelan. Ari mangsana ngĕndog teh, ēndogna dina sapoē nĕpi ka 10 000 lobana.”

Omong Jahja: „Hajang abdi mah ningal gateuw.”

Bapana: „Lamoen hajang nendjo gateuw, koédoe ditoegar imahna, sabab těmpatna di djero pisan. Radjeun oge aja anoe noegar imah rinjoeħ, ngahadja ngala gateuwna, djoe-aleun.”

Jahja: „Saha noe sok meuli gateuw, Pa?”

Bapana: „Oerang Tionghoa anoe sok meuli gateuw teh, keur oebar, bedjana mah.”

Jahja ngomong sadjēroning hatena, jen lamoen manggih hoenjoer, arek ditoegar, soegan bae aja gateuwan.

Sabot kitoe Nani djeung indoengna tas ngagoreng siraroe tea, geus araja di emper deui, ngadarengekeun.

Indoengna ngomong: „Kahajang teh hajam oerang ngēndogna kawas gateuw. Meureun tereh beunghar, oerang.”

„Hēnteu loba kawas ēndog gateuw oge,” tjek bapana, „kadjeun teuing. Asal tjoekoep dahareun oerang bae djeung pēgarkeuneun sawareh.”

Sanggeus kitoe, Bapa Jahja noeloejkeun deui tjarita, pokna: „Ēndog gateuw noe sakitoe lobana teh ana mēgar nja djadi rinjoeħ, lolobana rinjoeħ pagawe atawa rinjoeħ biasa, sawareh rinjoeħ pērdjoerit. Sawatara tina rinjoeħ



Rinjoeħ.



Rinjoeħ pērdjoerit.

noe loba tea ēngkena nja djaradi siraroe. Tjindékna mah siraroe teh nja eta rinjoeħ anoe djangdjangan. Djangdjangan lobana opat. Siraroe teh teu barētaheun di djero hoenjoer, lantaran heurin toer poëk. Tah kitoe sababna, noe matak sok kalaloear, halibēran ka noe



Siraroe.

tjaang, malah loba noe ngadareukeutan lampoe. Tadi geus ditjaritakeun, jen siraroe teh lolobana toeloej paraeh koe roepa-roepa bahja. Ngan saeutik anoe hiroep, soemawonna anoe bisa manggih djodo sarta teroes njieun imah djeung mēntjarkeun toeroenan mah."

„Hadena bae,” tjek indoeng Jahja, „siraroe teh loba noe paeh. Tjoba oepama teu kitoe, sakoemaha pilobaeunana rinjoeh, sakoemaha pilobaeunana barang noe roeksak dihakan rinjoeh.”




21. Laladjo balon.

„Tong, klontongtong klontongtong! Tong, klontongtong klontongtong!”

Tah sēngke kolontong teh, geus kadenge kolontongna, beuki deukeut beuki tarik. Anggēr oenggal poë Ahad eta sēngke sok ngidēr ka kampoeng-kampoeng, nabeuh kolontong sapandjang djalan, nawarkeun barang-barangna.

Noe araja di djēro imah, komo awewe sok kalaloear, ngagimboeng ka eta sēngke di boeroean, bari ngarilikan barang. Biasana sok aja bae noe barangbeuli, aja noe meuli balatjoe atawa mori, lolobana noe meuli ēntjit.

Baroedak ge loba noe miloe ngaroekoeng, narendjokeun djeung ngadengekeun noe rēboet tawar. Eta deuih, baroedak teh rarēsēpeun ngadengekeun sēngke ngomong. Ari aja



omonganana noe teu kaharti, koe baroedak sok disoerahan.

Sanggeus beres noe barangbeuli, barang-barang dagangan geus dientepkeun, sengke teh teu gantjang indit deui, tjapeeun keneh, kawasna. Bari ngaso, pok sengke teh njarita, kieu tjénah: „Di kota ala pasal malém. Banjak olang nonton sana. Olang bilang, ala balon besok.”

Di antara baroedak anoe ngaroekoeng, noe pangdeukeutna ka eta sengke, nja eta Oesman. Pok sengke teh nanja ka Oesman: „Balani loe toenggang balon?”

Dasar Oesman boedak këndël, ngadjawabna sëmoe anoe sénang pisan, pokna: „Teu wani koe naon, éntjek!”

Saënjana Oesman teh tatjan njahoeun di balon. Kakara njahoeun soteh kapal oedara, da sok mindëng aja kapal oedara noe ngaliwat ka loehoereun imahna.

Sanggeus sĕngke indit deui, malah geus djaoeh, Oesman balik ka imahna, ngadagoan bapana datang ti sawah, hajangeun geura njarita, jen di dajeuh rek aja balon, sa-koemaha bedja ti sĕngke noe tadi.

Pasosore bapana datang ti sawah, tatjan dioek-dioek atjan, gantjang bae Oesman ngomong, njaritakeun noe diadjam koe manehna ti tadi tea. Ari dina hatena mah Oesman teh rek menta idin ka bapana, soepaja manehna meunang ka dajeuh, hajangeun njaho di balon. Tapi hĕnteu wanieun pok, sieuneun disĕntak koe bapana, wantoening tjapeeun keneh.

Kabĕnĕran bapana ge tatjan ngorang nendjo balon; kieu omongna ka Oesman: „Hajoe isoek oerang ka dajeuh djeung bapa, da bapa ge oekoer kakara bedjana, tatjan njaho boektina balon.”

Sabot Oesman tjatjarita djeung bapana, indoengna aja di djero imah. Barang ngadenge, jen Oesman arek dibawa ka dajeuh koe bapana, indoengna teh ingĕteun ka si Mirah, adi Oesman, toeloej manehna ka loear bari nanja: „Ari si Mirah moal dibawa?”

Diwalon koe Bapa Oesman: „Leutik keneh si Mirah mah, moal koeateun leumpang ka dajeuh.”

Indoengna nanja ka Oesman: „Ari oedjang, koemaha kira-kirana, moal mopo?”

Walton Oesman: „Wah ēma mah, pirakoe nĕpi ka mopo ka dajeuh-dajeuh bae.”

Indoengna: „Nja soekoer ari koeat mah.”

Teu katjatoer ti peutingna, katjatoer isoekna bae. Rĕboen-rĕboen Oesman djeung bapana geus arindit ka dajeuh. Laleumpangna meudjeuhna bae gantjangna, soepaja oelah mopo.

Bareto keur leutik keneh, ēnggeus Oesman teh ka dajeuh; harita mah di djalanna sababaraha kali Oesman digandong koe bapana. Djeung harita mah di dajeuh teh tatjan rame tjara ajeuna.



Oesman leumpangna teu djaoeh ti bapana, sieuneun kadoepak mobil, sabab harita mobil teh moenggah pating soeliwér, nja kitoe deui motor, komo kareta mésin mah. Oesman teh teu kaoer něngah, ka sisi deui-ka sisi deui. Radjeun oge manehna ngadoepak batoer, něpi ka dipolototan. Anoe toempak trem listrik ge něpi ka pasédék-sédék, tapi Oesman teu sieuneun kadoepak trem, da tangtoe moal njimpang tina ērelna.

Sapandjang djalan Oesman teu wěleh loeak-lieuk, ngalieukan gědong-gědong noe araloes di kentja-katoehoe djalan, da di lěmboerna mah euweuh gědong noe sakitoe araloesna. Ari ngaliwat ka lěbah toko gěde, manehna sok ngadjak eureun ka bapana, hajangeun nendjoan heula roepa-roepa barang dagangan noe katjida araloesna. Handjakal teu bisa lila nendjoan barang-barang teh, lantaran maksoedna oge ka dajeuh teh kapan rek laladjo balon, djadi sieun kaporotan. Nadjan taja noe noedoehkeun ge kana těmpat pasar malém tea, Oesman djeung bapana teu njasab, sabab noetoerkeun

djélěma loba, noe ngaleut sapandjang djalan, toer meh kabeh ngadjoegdjoeg ka pasar malém.

Sakoeriling těmpat ngapoengkeun balon teh djélěma geus ngagimboeng. Bapa Oesman neangan těmpat noe rada lowong, toeloej njélěnděp něpi ka aja di panghareupna, nja eta soepaja Oesman awas pisan kana balon, noe rek di-apoengkeun tea.

Oesman nendjo di těngah-těngah lapang aja anoe saroepa bal kompaen, tapi katjida gědena, diloemboekkeun. Di antara djélěma-djélěma noe deukeut ka Oesman, aja saoerang noe ngomong ka batoerna, bari noendjoek kana barang noe koe Oesman keur dipikiran, nja eta balon arek dikompa, dieusian gas. Ari deukeut eta balon aja noe saroepa pěti galěde, nja eta wadah gasna.

Teu koengsi lila broel sawatara djélěma ngabroel, rek ngeusian eta balon. Pipah karet tina pěti wadah gas teh disamboengkeun kana balon, kakara kranna diboeka, soepaja gasna kaloeear, toeloej asoep kana balon. Eta balon beuki lila beuki kěmboeng beuki gěde.


Anoe nongton beuki loba, něpi ka pasěděk-sěděk sarta ngagoeroeh ngaromong. Tjek noe saoerang: „Sakeudeung deui oge balon teh pinoeh.”

Tjek anoe saoerang deui: „Moal koengsi satěngah djam deui oge, ngapoeng balon teh.”

Aja saoerang noe nanja: „Aja noe noempakan balon teh kitoe?”

Oesman djongdjon ngawaskeun balon, teu ngomong naonnaon, da euweuh omongkeuneun. Barang geus pinoeh dieusi gas, djoeng balon teh ngadjoengdjoeng, beuki loehoer-beuki loehoer. Ti handapna rantěng tali, noe toengtoengna ditjangreud-tjangreudkeun kana karandjang gěde. Ari balonna ka loehoer, karandjang teh lalaoenan kabawa ngapoeng.

„Tingali, bapa!” tjek Oesman, „aja noe asoep kana karandjang, doeaan. Rek mariloe ngapoeng, meureun.”



Sanggeus kitoe, aja deui doeaa noe miloe asoep kana karandjang, djadi djoemlahna opatan. Opatanana narangtoeng, njarékél kana biwir karandjang. Tali-tali eta karandjang pada njarékélan keneh koe sawatara djélémá noe narangtoeng deukeut kadinja. Ari geus ngadjoengdjoeng karandjangna, di antara noe taroempak teh aja noe ngagéro, pokna: „Lalesotkeun!“

Sanggeus pada ngalesotkeun, poeng balon teh ka loehoer, beuki loehoer-beuki loehoer.

Gér noe laladjo soerak, bari aja noe tinggaroepaj koe sapoetangan atawa koe topi. Noe taroempak balon oge nya kitoe, pating garoepaj.

Teu koengsi lila balon teh geus ngoengkoelan tatangkalan, sarta téroes ngapoeng bae. Di loehoer katébak angin, toeloej ngapoeng ka tébeh wetan, beuki djaoeh beuki leutik katingalna.

Noe nongton noengtoet baralik, tapi loba noe téroes ngawaskeun balon, něpi ka lěs teu katembong, bawaning djaoeh. Geus kitoe mah kakara baralik kabeh.

Oesman djeung bapana ngarasa késéleun pisan, měntas narangtoeng sakitoe lilana, toeroeg-toeroeg ti imahna ka dajeuh teh laleumpang bae. Maranehna areureun heula di waroeng, ngadon barangdahar. Sanggeus rengse, djoeng arindit.

Daratangna ka lěmboerna kira-kira bada asar, teu woedoe tjarapeeun, malah Oesman mah datang-datang doeg bae ngěděng, ngaloengsar. Omongna djéroning hate: „Ajeuna mah moal waka ka mana-mana. Isoek bae rek njaritakeun balon ka babatoeran.“

22. Kabawa ngapoeng.

Isoek-isoeck di boeroean sakola, memeh lotjeng geus loba baroedak anoe aroelin. Barang djol Oesman datang djeung nitah eureun aroelin, lantaran manehna boga pitjaritaeun, baroedak teh meh kabeh eureun oelinna, sarta njalampeurkeun ka Oesman, ngadarengekeun tjarita pērkara balon. Njaritana mani galetjok, bari pēpēta nērangkeun ngapoeng-na balon. Di antara baroedak noe ngadengekeun, aja oge noe naranja pabēdas-bēdas, pada hajang didjawab pangheulana. Atoeh didengekeunana moenggah retjok baroedak teh, nēpi ka goeroe ngēprokan oge, nandakeun geus tereh lotjeng, teu aja anoe ngadenge.

Koe goeroena baroedak teh dideukeutan djeung dipariksa:
,,Aja naon ieu teh mani ngagoeroeh?”

Loba baroedak noe kaget, dipariksa koe goeroe, ngan aja saoerang anoe njampeurkeun bari ngadjawab: „Poen Oesman noedjoe njarioskeun balon. Kamari manehna wangsoel ti dajeuh, ningal balon.”

„Enggeus bae heulaanan,” saoer goeroe. „Engke di djēro tjaritakeun, bari didengekeun koe bapa.”

„Keleneng,” lotjeng ditabeuh, gantjang baroedak ngaberes, soep arasoep ka kēlasna masing-masing, gek darioek sabangkoena-sabangkoena.

„Tjoba Oesman,” saoer goeroe, „tjaritakeun deui, anoe geus ditjaritakeun bieu teh, di loear.”

Walton Oesman: „Kamari abdi ka dajeuh, ningal balon.”

Goeroe: „Njaho maneh, di mana ragragna tjenah, balon teh?”


Oesman: „Teu tērang.”

Goeroe: „Bieu bapa meunang bedja, eta balon ragragna deukeut Soerabaja. Tapi bapa hajang njaho, naha Oesman awas pisan kana balon teh?”

Oesman: „Kantē-an.”

Goeroe: „Tjoba atoeh maneh kana bor. Gambarkeun eta balon teh.”

Oesman kana bor, njokot kapoer, ngagambar balon. Ari geus anggeus, kakara manehna malik, njanghareup ka goeroena bari ngomong: „Teu tiasa ngagambarna abdi mah.”



Saoer goeroena: „Ah aloes sakitoe ge. Pek ajeuna tjarita-keun.”

Oesman: „Balon teh bangoenna boendĕr sapĕrtos bal, nanging ageung. Ti loearna nganggo rambang sakoerilingna. Eta rambang ti handapna rambaj talina sababaraha lambar, sarĕng tĕras ditali-talikeun deui kana karandjang tĕmpat noe toempak. Djadi eta karandjang teh ngagantoeng kana balon.”

Ngomongna kitoe, manehna teh bari noedoehkeun babagan gambarna tea, soepaja leuwih tetela. Sanggeus kitoe pek manehna njanghareup deui ka goeroe, bari rada imoet.

Goeroe: „Aloes, euj. Ngan handjakal, noe toempakna teu digambar!”

Baroedak noe sedjen seuri, ngadengekeun saoer goeroena kitoe teh, bari harajangeun nendjo, koemaha hodjahna Oesman.

Oesman: „Teu tiasa, ngagambar noe toempakna mah.”

Goeroe: „Enja hese, ngagambar djelémana mah. Sabaraha kabehna noe toempakna teh?”

Oesman: „Opatan.”

Goeroe teh angkat kana bor, miwarang dioek ka Oesman, pek gambar beunang Oesman teh koe andjeunna diteundeanan djelémana opatan. Pok andjeunna sasaoeran: „Kitoe bae djelémana mah, tong aloes-aloes teuing.... Ajeuna bapa arek ngadongeng, ngadongengkeun noe miloe ngapoeng djeung balon, tapi lain dina karandjang. Aneh geura, darengekeun.

Di hidji tegalan lëga, loeareun dajeuh, aja noe ngapoengkeun balon. Balonna gëde katjida, leuwih gëde batan balon anoe geus dilaladjoan koe Oesman kamari tea. Harita oge tjénah, pirang-pirang anoe laladjo balon teh, leuwih loba batan noe laladjo balon djeung Oesman tea. Ti soeklakna ti sikloekna daratang ka eta tegal.

Balonna geus pinoeh koe gas, geus mélendoeng, malah geus rada ka loehoer, tali-tali tjangtjanganana ngan kari doeaa noe pageuh keneh njalangreud kana patok, kitoe deui tali djangkarna tatjan ditarik, djangkarna ge, nja eta djangkar beusi, nantjëb keneh kana taneuh. Karandjangna geus mérénah tjitjingna, malah noe toempakna oge, doeaaan, geus rek arasoep kana karandjang, djadi geus dareukeut pisan ka dinja.

Sabot kitoe, boetbët tali anoe ditalikeun kana patok tea, parëgat doeana, djadi ngan kari tali djangkar bae noe nahana kana balon teh. Bëdas pisan tanagana eta balon narik djangkar, toeroeg-toeroeg nantjëbna eta djangkar teh

teu pati pageuh, atoeh ngan bolonjon bae djangkar teh ngabolonjon, toeloej ngangsar kababawa koe balon.


Noe laladjo paboeria, sarieuneun kasorang djangkar. Harita teh aja hidji boedak lalaki, laladjona panghareupna, pangdeukeutna kana balon. Rek njingkir teu kaboeroe, sabab djangkar něpi manten ka manehna, malah ngait kana saboekna, poeng bae boedak teh ngapoeng kabawa balon. Roroësan goegoerindjalan, hajangeun lesot, wěleh teu bisaeun lesot, ngan sakeudeung geus aja di awang-awang.

Waktoe rada handap keneh, loba anoe njalampeurkeun, rek ngarawel soekoe boedak, noe teu wěleh gěgěroan, toeloeng-toeloengan, tapi teu koengsi karawel, kaboeroe loehoer manten.

Eta boedak noe kabawa koe balon teh ngaranna Roesdi. Sanggeus manehna aja di loehoer, katjida lěwangeunana, sieuneun ragrag. Pohara pageuhna njékělna tali, sabab pikirna geus tangtoe rěmoek, lamoen ragrag teh. Ngapoengna teu eureun-eureun, geus ngoengkoelan tangkal kalapa, malah leuwih loehoer deui.

Di antara djélěma-djélěma noe měntas laladjo tea, bari laleumpang rek balik, loba anoe teu wěleh soemoreang, teu wěleh tatanggahan, salěmpang koe si Roesdi, sabab tjěnah, oepama saboekna pěgat, geus tangtoe si Roesdi ragrag, da moal koeat lila njékělan tali.

Sanggeus katjida loehoerna, balon teh katěbak angin ti beula hwetan, toeloej atoeh ngapoengna noedjoe ka koelon, těroes ngoelon ngaliwat loehoereun dajeuh djeung loehoereun waloengan gěde. Di sisi eta waloengan kaběněran loba djélěma, gantjang maranelna tanggah, narendjo boedak kabawa balon. Katjida maranehna teh risieunana, bisi eta boedak ragrag ka waloengan. Barang balonna geus něpi ka loehoereun peuntas ti ditoe, gěr maranehna soerak, sabab aja pangharěpan, eta boedak katoeloengan. Koeloneun eta waloengan aja pasawahan lěga, djeung harita keur oesoem



njamboet, djadi di dinja teh loba djélëma noe keur njamboet. Kabénéran balon tea ngapoengna geus beuki handap. Noe keur digarawe kageteun, narendjo boedak kabawa balon, goejan-gajoen lir babandoel djam. Noe

ngarora, noe barēdas soet-sot naroenda hantjana, sarta toeloej laloempatan ngaroedag balon, djeung teu wěleh njoba-njoba ngahontal soekoe boedak. Sanggeus djaoeh laloempatna djeung balonna geus handap pisan, noe pang-djangkoengna geus bisaeun ngahontal soekoe boedak, toeloej ditarik. Noe saoerang newak djangkarna, ari noe saoerang deui ngalesotkeun saboek si Roesdi tina djangkar, toeloej bae djangkarna dilalesotkeun, poeng balonna ngapoeng deui, da geus teu dibeungbeuratan. Ngapoengna ngaloehoeran bari teroes madjoe ngoelon, beuki lila beuki djaoeh, beuki leutik katingalna nepi ka lēs teu katembong.

Noe keur digawe di sawah, kabeh areureun sarta toeloej njalampeurkeun ka noe mēntas ngawang-ngawang, harajangeun njaho, koemaha lantaranana, noe matak si Roesdi nepi ka kitoe. Tapi si Roesdi baloeas keneh, teu bisaeun njarita naon-naon, toeloej manehna digandong, dibawa ka saoeng bari pada ngabring-ngabring.

Sigēg si Roesdi noe geus salamēt, noe keur diroeboeng-roeoeng di saoeng, dirioeng koe bangsa sorangan noe pada trēsna, noe pada wēlas asih. Kotjapkeun indoeng-bapana noe keur prihatin toer ngarasa taja tangan pangawasa, geusan noeloengan anakna, gawena ngan tingharoelēng, djeung teu wěleh nēnēda ka Noe Kawasa, sangkan anakna salamēt. Sabot kitoe, djol aja tatanggana mawa bedja, jen si Roesdi geus katoeloengan. Geus kitoe mah indoeng-bapa si Roesdi teh rada hegar pikiranana, komo deui barang djol si Roesdi datang, dianturkeun koe sababaraha djēlēma noe hade hate toer teu pamrih diboeroehan, geus teu aja wiwilanganana bae soeka-boengahna, doeana nepi ka ngoetjoer ttipanon. Pohara soeka-soekoerna ka noe noeloengan, djeung teu kēndat toemarima ka Goesti Maha Kawasa.

Heuleut sawatara poë, waktoe oelin djeung babatoeranana, si Roesdi njarita kieu: „Basa mimiti kabawa ngapoeng koe balon, dewek gantjang moeka saboek, sangkan lesot tina

djangkar, tapi katjida pageuhna djeung balon kaberoe loehoer, kěk bae atoeh dewek teh njékél kana tali djangkar, něpi ka tipaparékét. Ti loehoer nendjo ka handap, katendjona taneuh teh beuki handap, padahal saenjana mah balon anoe beuki loehoer. Naon-naon beuki leutik katendjona. Barang balon katébak angin ti wetan, ngapoengna djadi ka koelon, tapi aneh, sakoer noe aja di boemi, tatangkalan, imah-imah djeung djélémá-djélémá djiga laleumpang ka wetan. Dewek katjida lèwangna, geus asa gëboet bae ragrag ka taneuh. Komo barang aja di loehoereun waloengan, hate mani séséblakan, sieun ragrag ka waloengan, mangkaning dewek teu bisa ngodjaj. Sanggeus aja loehoereun sawah, karasa balon mimiti toeroen, djeung kadenge djélémá noe tinggorowok, nitah njékélan sing pageuh. Sawareh aja noe loempat ngaroedag balon, geus kitoe karasa aja noe njékél kana soekoe sarta ditarik ka handap, toeloej dewek pada noeloengan.”

Saoer goeroe: „Tah sakitoe dongengna, anoe kabawa ngapoeng teh. Ajeuna waktoe ngitoeng, pek sabakna kala-loearkeun. Bapa rek noelis soealanana dina bor.”

23. Ngala maoeng.

Isoek-isoek indoeng si Itjih geus hoedang. Biasana wajah kitoe salakina sok geus datang ti pagawean. Ari harita, malah geus beurang diarép-arép teu datang bae, geus něpi ka poekoel doea teu ēmbol-ēmbol. Atoeh indoeng si Itjih teh beuki salémpang hatena, bisi salakina tjilaka. Ari salakina tea pagaweanana sok ngadjaga pabrik goela oenggal peuting, ti poekoel gëněp sore něpi ka poekoel gëněp isoek, datangna ka imahna kira-kira satěngah toedjoeh.

Ari si Itjih, anakna, harita aja di sisi djalan deukeut imahna, nempo bapana maksoedna mah, tapi manehna ngan nendjo hidji lalaki manggoel patjoel djeung awewe saoerang tas ti pasar.

Teu koengsi lila bapa si Itjih geus katembong rěntang-rěntang ti kadjaoehan. Leumpangna teu pati gantjang, sabab bari ngomong djeung batoerna, doeaa. Gantjang bae si Itjih teh gěgéroan ka indoengna, njaritakeun bapana geus katembong.

Ari geus deukeut, geus rek asoep ka pakaranganana, bapa si Itjih kadenge ngomong ka batoer-batoerna tea, pokna: „Katjida pisan gědena maoeng teh, bedjana mah, pikasieu-neun awewe. Lalaki ge anoe koeraang wawanen mah, moal wani ngadeukeutan.”

Ngadenge salakina ngomong kitoe, indoeng si Itjih norodjol ti imahna, toeloej nanja ka salakina: „Pangdenge teh aja maoeng gěde. Di mana? Saha anoe sarieuneun teh?”

Walonna: „Awewe di kampoeng-kampoeng noe deukeut pabrik njararita, jen sieun maoeng noe geus ngarontok moending, nja eta meureun maoeng anoe minggoe toekang njered ēmbe goeroe sakola rajat tina kandangna.”

Indoeng si Itjih: „Paeh moendingna teh?”

Walonna: „Hěnteu paeh mah, da moending gěde djeung bědas, ngan poendoekna bae děwol djeung raget oeroet dikaoet.”

Si Itjih ngabirigidig bari pokna: „Ih sieun dikaoet maoeng.”

Tjek indoengna: „Poegoeh bae ēma ge sieun. Ajeuna mah ari ti peuting, oelah kaloeear ti imah.”

„Ēnja,” tjek bapana, „oelah kaloeear ti peuting. Lamoen geus beunang onaman maoengna, kaloeear ti peuting oge teu naon-naon, teu aja pikasieuneun.”

Indoeng si Itjih: „Koemaha meunangkeunana?”

Walonna: „Rek pada ngakalan bae. Akang oge isoekan teh moal balik isoek-isoek, rek ngiring djoeragan Adminis-

tratir ngaronda kĕbon tiwoe. Bedjana di kĕbon tiwoe aja noe manggihan tapak maoeng. Lamoen ēnja aja tapakna, rek toeloej neangan tĕmpat keur masang sĕnteg. Djoeragan Administratir hojongeun tingali, koemaha prakprakanana noe ngala maoeng. Ari tadi di sisi djalan akang sorangan nendjo tapak maoeng, sarta loba oerang kampoeng anoe dareukeut ka dinja njalam-peurkeun, malah kokolotna oge dibedjaan. Eta kokolot geus loba loeang, geus nja-hoeun kana prakprakan noe ngala maoeng. Manehna ngadjak ka akang, rek ngintip maoeng. Akang geus sang-goep. Ajeuna ge ka imah teh hajang dahar heula bae. Ari geus dahar rek balik deui ka imah kokolot tea, arek badami.”

Si Itjih kaget bari ngomong ka bapana: „Kade atoeh, bisi bapa dirontok maoeng.”

Tjek bapana: „Lain ti beurang ngintip maoeng mah, ēngke geus poëk. Ti beurang mah maoengna ge atoeh njoempoe, moal kapanggih.”

Pasosore bapa si Itjih geus aja di imah kokolot tea, toeloej badami djeung sawatara djĕlĕma, sakoer noe djagdjag waringkas. Poetoesanana rek digawe babarĕngan djeung mandor kĕbon tiwoe, soepaja meunang pitoeloeng ti djoeragan Administratir.

Peuting harita bapa si Itjih biasa bae ngadjaga di pabrik

KEIZER, *Panggĕlar Boedi, I (Soenda)*.



goela. Ari isoekna tatan-tatan djeung djoeragan Administratir sarentjangna, djeung kokolot anoe tadi, katoet djéléma noe moendingna dirontok maoeng tea satatanggana. Sanggeus tarapti bring ngabring ka kěbon tiwoe, ka lěbah tapak maoeng, sarta di dinja geus njampak mandor djeung sawatara batoerna. Ti dinja bring deui kabeh ka těmpat moending, waktoe dirontok koe maoeng tea.

24. Ngala maoeng.

(Toeloejna).

Omong kokolot: „Engke peuting eta maoeng geus tangtoe datang ka ieu těmpat. Leuwih hade ajeuna bae masang sěnteg dina liliwatanana.” Mandor kěbon ngaroedjoekan, gantjang harita pakěpoek sabatoer-batoer, masang sěnteg.


Kokolot nanja ka babatoeranana, soegan aja noe daekeun ngorbankeun ēmbe. Kaběněran aja saoerang, toeloej bae indit heula ka lěmboerna, njokot ēmbe. Teu koengsi lila geus datang deui, gantjang ēmbena ditjangtjang dina sěnteg, dipake eupan. Eta ēmbe geus tangtoe teu eureun-eureun ēmbe-ēmbean, něpi ka kadengeeun koe maoeng anoe keur diarah tea. Sanggeus tarapti, bring sarerea baralik, ninggalkeun sěnteg.

Bapa si Itjih geus aja di imahna. Sanggeus ngaso pek njarita ka pamadjikanana, njaritakeun prakprakan masang sěnteg.

Si Itjih ge ngarěgěpkeun, malah nanja ka bapana: „Naha bapa make njangtjang ēmbe sagala? Karoenja atoeh!”

Walon bapana: „Teu karojenja, da moal dihakan maoeng. Ditjangtjang soteh, soepaja disada bae ēmbe-ēmbean, toeloej disampeurkeun maoeng. Memeh něpi kana ēmbe, maoeng keuna kana sěnteg, beunang bae.”

Katjarita sanggeus poëk, oerang kampoeng noe imahna rada deukeut kana tataheunan tea, ngadarenge sora ēmbe teu eureun-eureun, malah sanggeus rada peuting ngadarenge



maoeng ngagaoer ti kadjaoehan. Awewe djeung baroedak mah mani ngahephec, teu batoek-batoek atjan, bawaning sieun.

Ngadenge ēmbe disada, ngan teu poegoeh lēbah-lēbahna,

maoeng teh dangdak-dengdek njidikkeun sora ēmbe ti mana djolna. Ari geus sidik, pek ngagaoer nandakeun atoh, toeloej loempat ngadjoegdjoeg ka tēmpat ēmbe. Barang geus deukeut kana ēmbe, pek ngadēpēng rek ngarontok, gadjlēng loentjat ngorang sēnteg, ngagaoer ngarasa njéri, tapi lapoer teu bisaeun lesot deui.

Oerang kampoeng geus ngartieun, jen maoeng beunang, tapi taja noe wani tandang, tjaritjing bae di imah, ngadagoan beurang heula.

Isoek-isoek ngabroel djélēma, ngadjoegdjoeg tataheunan. Mandor kēbon djeung kokolot teu tinggaleun, kitoe deui djoeragan Administratir aja di dinja toer njandak bēdil.

Djoeragan Administratir: „Ka darieu! koempoel di dieu! Maoeng teh oerang bēdil!”

„Mangga djoeragan,” tjek mandor kēbon, „kade njalahán!”

„Dor!” maoeng teh dibēdil. Ngan sakali, geus ngadjoengkēl, toeloej kokosehan, hos paeh.

Gēr djélēma saroerak bawaning soeka. Bangke maoeng digarotong, toeloej ditarawa balik.

25. Boedak rahoel.

Mardjoeki djeung adina, ngaran Joesoep, dina hidji poë njaraba ka akina, ngadon oelin. Barang maranehna nēpi ka boeroean imah akina, si Mardjoeki ngomong kieu ka adina: „Tjoep! ari Oetjoep rēsēp ka si Oetja, noe gēde bohong tea? Akang mah teu rēsēp!”

Akina aja di pipir. Ngadenge sora intjoe-intjoena, akina teh norodjol ka boeroean bari nanja ka Mardjoeki, pokna: „Saha noe gēde bohong teh, Ki?”

Walonna: „Batoer sakola abdi, si Oetja. Madjarkeun

teh, bapana ngabédil maoeng, kenging toedjoeh. Pirakoe nja aki, něpi ka kenging toedjoeh onaman. Abdi mah teu pěrtjaja.”

Akina: „Kieu eta teh saěnjana mah. Bapa si Oetja teh miloe moro djeung paninggaran, saroea bae djeung goendal. Anoe ngabédil maoeng teh paninggaran, maoengna beunang. Ari bapa si Oetja mah teu meunang maoeng teu naon. Boa teuing manehna mah njékél bědil ge, tatjan ngarasa.”

Mardjoeki: „Tah geuning kitoe, Oetjoep. Noe matak geus oelah pěrtjaja bae ka si Oetja teh.”

Joesoep: „Da koering ge teu pěrtjaja. Ongkoh omongna mah, pangpintérra ngitoeng oge ngan manehna sorangan, tapi tpek batoer-batoerna sakělas, hěnteu.”

Mardjoeki: „Heran akang mah, make si Oetja disarěboet boedak pintér. Naon kapintéranana?”

Joesoep: „Eta deuih omongna mah, manehna teh pintér ngodjaj, teu aja noe ngelehheun.”

Mardjoeki seuri ngagakgak, toeloej ngomong: „Eta meu-reun pedah Oetjoep leutik keneh, tangtoe nganděl kana omongna, maroekanana mah.”

Akina: „Koedoe awas ari ka babatoeran teh, oelah gantjang-gantjang pěrtjaja. Aki ge baheula keur leutik keneh boga batoer toekang rahoel, tapi sanggeus kabitoer, manehna kawiwirangan, sarta djadi rada ngoerangan rahoelna.”

Mardjoeki: „Koemaha aki tjariosna? Hajang těrang.”

Akina: „Hajoe atoeh darioek heula.”


Sanggeus darioek di těpas, pok akina njarita: „Baheula,” tjěnah, „aki keur boedak, boga hidji batoer oelin, ngaranna Djoemad. Manehna bogaeun panah pamere lantjeukna. Eta panah koe manehna ngahadja ditembongkeun ka aki djeung babatoeran, bari ngadjak papanahan. Aki kabita katjida koe panah teh, da araloes djamparingna djeung gondewana oge. Atoeh aki saakal-akal, hajang boga panah. Teu koengsi lila geus boga, malah batoer-batoer oge geus barogaeun, sarta

kabeh hajang geura papanahan djeung si Djoemad, noeroetan para djoeragan noe sok papanahan di aloen-aloen.

Ari dina hidji poë, mĕnĕran poë Saptoe, boebar sakola, bari leumpang ngaromong djeung babatoeran, njaritakeun hal panah tea. Tjek si Djoemad: „Hajoe ēngke pasosore oerang papanahan, nja euj.”


„Hajoe” djawab sarerea.

Pasosore panah aki diilikan, bisi aja karoeksakanana djeung bisi kotor. Hĕnteu aja karoeksakan naon-naon, wantoening barang anjar, ngan rada kotor. Gantjang bae koe aki dikĕ-boetan, dioesapan nĕpi ka leutjir. Kira-kira bada asar, aki disampeur koe batoer-batoer tiloean, toeloej babarĕngan opatan ka imah si Djoemad. Kasampak manehna keur ngadagoan bari njĕkĕl boelan-boelan nja eta kĕrtas karton roebak, di tengahna dihideungan diboeleud-boeleud, gĕdена sagĕde sen, toeloej dikalang koe opat kalang, di antara ḥenggal kalang diteundeunan angka: 2. 4. 6. djeung 8. Ari lĕbah noe boeleudna angkana bodas, nja eta angka 10. Boelan-boelan teh sok disĕboet oge ēlesan. Koe si Djoemad eta ēlesan dipakoe kana tangkal asĕm di sisi djalan. Toeloej sarerea moendoer tina eta tangkal asĕm, nĕpi ka djaoehna kira-kira aja 30 m, nja eta tĕmpat mĕntang.



Sanggeus mĕrĕnah darioek, si Djoemad koe aki disina ngamimitian mĕntang. Manehna teh sĕgoet pisan, sila andĕkak, kĕk leungeunna noe kentja kana gondewa, noe katoehoe njĕkĕl djamparing, geus dipasang njĕnjĕpna kana tali gondewa, toeloej ngetjeng, mĕmĕnĕr djamparingna kana ēlesan.

Sabot kitoe, djol aja noe datang ti toekangeun si Djoemad, sarta kĕk njĕkĕl leungeun katoehoe si Djoemad, lĕbah peupeuteujanana. Atoeh kageteun



W.S.K.

katjida si Djoemad teh, djamparingna něpi ka moerag. Manehna tanggah, nanggahan noe njékél tea. Horeng djoeragan Mantri Poelisi, anoe njékél teh.

Saoer djoeragan Mantri Poelisi: „Teu kapikir koe silaing, jen papanahan di djalan aja bahjana?”

Walon si Djoemad bari ngadegdeg: „Da abdi mah ngetjeng ēlesan.”

Mantri Poelisi: „Poegoeh bae ngetjeng ēlesan tea mah. Tapi lamoen aja djélëma noe ngaliwat kana toekangeun ēlesan, teu moestahil djamparing silaing keuna ka eta djélëma. Lain di dieu papanahan mah, di aloen-aloen kapan tēmpatna.”

Gantjang bae si Djoemad ngalaan ēlesan, sarta toeloej sarerea ka aloen-aloen. Di dinja ēlesan teh dipasang dina tangkal tjaringin anoe katjida gëdena. Toeloej aki sabatoerbatoer, djoemlah limaan, diadjar mëntang. Lila pisan teu aja noe bisa keuna, aja noe toena aja noe langkoeng, tégësna teu něpi kana ēlesan atawa liwat tina ēlesan.

26. Boedak rahoel.

(Toeloejna).

Sabot aki sabatoer-batoer keur rame papanahan di aloen-aloen, djoeldjol baroedak, lolobana baroedak leutik, na-rendjokeun. Ari anoe panggēdena di antara eta baroedak, nja eta tatangga aki, ngaranna Oemar, gēdena pantaran aki, oemoerna ge babad bae djeung aki teh. Tapi aki arang oelin djeung manehna, da teu rēsēp, sok rahoel djeung poe-poedjieun.

„Toeh si Oemar mawa panah,” tjek batoer aki noe sa-oerang.

„Enja bae,” tjek si Djoemad, toeloej nanja ka si Oemar, pokna: „Rek miloe papanahan, euj?”


„Enja euj,” walon si Oemar, „dewek oge dipangmeulikeun panah koe bapa. Aloes geura panah dewek mah, moal aja noe mapakan. Lamoen dewek miloe mēntang, silaing kabeh areleh.”

Aki sabatoer-batoer taja noe ngomong. Diarantēp bae si Oemar teh.

Anoe kagiliran mēntang, Tabrani. Sarerea ngawaskeun kana djamparing Tabrani. Saeutik deui pisan kana ēlesan. Mēntangna koerang tarik.

Toeloej aki kagiliran. Katjida aki ati-atina. Ngetjengna rada lila, teu boeroe-boeroe mēntang. Sanggeus kira-kira mēnēran, kakara djamparing aki dipēsat. Bēlēsoer! tjēplok! Geus nantjēb kana ēlesan. Baroedak rame saroerak, bari tinggorowok: „Dalapan! dalapan!” Meh bae keuna kana poeseur.

Omong si Oemar: „Ajeuna dewek, tarendjokeun. Silaing mah tatjan barisa ngetjeng, djeung leungeunna koerang tētēg. Geura dewek taroeroetan. Ari mēntang, pikiran koedoer mantēng. Moal barisa ngelehkeun ka dewek mah.”



Diwalon koe si Djoemad: „Tong waka kokotak kitoe, tjoba bae geura měntang, rek ditendjokeun.”

Pek si Oemar teh měntang. Baroedak patinggarero: „Lapoer! lapoer!” tjēnah, „teu keuna!”

Si Oemar rada eraeun, tapi dasar loba akal, roepa-roepa bae ekolna. Pokna: „Sakali deui geura. Sageuj teu keuna kana poeseurna ajeuna mah.”

Pek manehna měntang deui, tapi lapoer deui bae. Gěr atoeh-disaleungseurikeun koe aki sabatoer-batoer. Koemaha ajeuna api-apina? Kieu tjēnah: „Hěnteu era disaleungseuri-keun oge, da ngahadja teu dikeunakeun. Moen teu nganděl, tarendjokeun sakali deui.”

Katiloe kalina měntang, kaběněran djamparingna keuna kana poeseur pisan. Djoeng bae manehna nangtoeng, tandang djeung toetoendjoek, njěboetkeun barodo keneh ka aki djeung batoer-batoer.

„Moen niat mah,” omongna teh, „ti tadi ge tangtoe keuna. Naon hesena ngetjeng kana poeseur? Geuning sakali ge keuna, dewek mah.”

Katjida keuheulna sarerea ge, ngadenge si Oemar soesoem-bar kitoe, malah aja saoerang noe ngomong kieu: „Lain pintér eta mah, kabénéran bae, keuna soteh. Tiloe, kali měntang, sakali keuna bae mah teu aneh.”

Ditambah koe si Djoemad: „Ěnja meureun, rasana mah pangpintérra, dasar boedak poepoedjieun.”

Harita teh aki mah tjitjing bae, bari mikiran piakaleun, sargkan si Oemar oelah poepoedjieun teuing. Sanggeus repeh batoer-batoer, kakara aki ngomong: „Ěnggeus ah, oelah ngarambék, da ěnja geuning si Oemar mah djamparing-na keuna kana poeseur. Pěrtjaja dewek mah, jen ěnja pintér, si Oemar teh. Ajeuna oerang boektikeun deui. Si Oemar koedoe měntang lima kali, sarta oenggal-oenggal měntang koedoe keuna kana poeseur.”

„Moal bisa!” tjek si Djoemad, „pek tarohan!”

„Bisa!” tjek aki, „moal boeroeng bisa Oemar mah nja Mar?”

„Poegoeh bae,” tjek si Oemar, „naon hesena?”

Gěr baroedak sareuri deui, sarta aja noe ngomong kieu: „Gampang ngomong mah. Moal bisa lima kali měntang, noron keuna kana poeseur.”

„Oelah ngahampas,” tjek aki, „geura tarendjokeun bae. Ěngke oge kaboektian, jen hěnteu kalah ka omong, Oemar mah. Moen teu bisa noron lima kali keuna kana poeseur, lain lalaki, djeung panahna koedoe dibikeun ka Tabrani. Hajoh geura saraksian!”

Si Oemar ditanja heula koe aki: „Sanggoep Oemar? Lamoen sanggoep, pek lampahkeun. Tapi lamoen teu kadjadian, panah silaing dirampas koe dewek, rek dibikeun ka Tabrani.”

Walon si Oemar: „Moal ěnja hěnteu sanggoep? Panahna ge pek bae didjieun taroh. Ngan ieu djamparingna geus barengkok. Dewek rek neangan heula djamparing noe araloes. Lamoen geus aja, hajoe oerang papanahan deui. Tjarek wiwilanganana, ti peuting ge dewek mah moal moendoer.”

Diwalon deui koe aki: „Djamparing dewek araloes keneh, da kabeh ge anjar keneh. Pek bae rek dipake mah.”

Si Oemar hēnteu ngadjawab, gawena teh balaham-belehem bae, malah nēpi ka samar tjabak, barang manehna diseung-seurikeun koe si Djoemad djeung Tabrani, bari pokna: „Teu sanggoep mah teu sanggoep bae, tong loba ekol.”

Tjek noe saoerang: „Atoeh da djengkol, noe aja oesoemna soteh, ekol mah taja oesoemna.”

Pok aki ngomong deui: „Ngawiwigirang, si Djoemad djeung Tabrani mah. Lamoen Oemar teu wani mēntang, ngaranna ngeok memeh dipatjok. Djeung oepama teu wani teh, lain lalaki.”


Si Oemar panas hatena, toeloej bae sila andēkak. Djamparingna dibatēkan, padahal kabeh ge lēmpēng, taja noe bengkok. Geus kitoe kakara mēntang. Bari mēntang pikirna ka mana-mana, atoeh djamparingna oge bēlēsoer deui-bēlēsoer deui, taja noe keuna. Aja anoe ka kentjaeun, aja anoe ka katoehoeueun ēlesan. Ngan anoe kalimana diketjengna ēnja-ēnja, bari ngagiligkeun pikir, hajang keuna.

„Tjēplok,” djamparingna keuna kana kalang angka opat.

Gēr baroēdak sareuri, malah aja noe djidjingklak, bawaning soeka.

Aki njampeurkeun ka Oemar bari api-api karoenja. Kieu tjek aki: „Handjakal nja Mar. Tapi teu soesah Oemar mah, menta deui bae panah ka bapa, moal boeroeng dipangmeulikeun. Ieu mah sial panah teh, geus milik Tabrani meureun.”

Kawasna mah, manehna teh ngarasa era, komo atoeh da teu wēleh diera-era koe baroedak. Sanggeus panahna dibikeun ka Tabrani, mengpeos manehna balik. Tabrani bae anoe oentoeng mah.



Ti harita si Oemar aja meueusan, hënteu poepoedjieun teuing. Ari papanggih djeung aki atawa djeung babatoeran, radjeun oge manehna ngamimitian rek agoelagoel, sok tara këbat, da kaberoe diingëtan: „Naha silaing geus poho basa papanahan tea?”

27. Pada meunang sapërtiloena.

Kotjapkeun djaman baheula di nagara Barbari aja djélëma sakoerën, imah-imah katoet anakna doeaan. Maranehna katjida sangsarana, imahna ge leutik djeung boetoet. Babakoena noe matak kitoe, lantaran lalakina djompo, geus lila teu bisaeun oesaha geusan njiar sandang-pangan. Njatoe sore teu isoek teh lain babasan, malah radjeun sababaraha poë maranehna teu barangdahar.

Tina kitoena, beuki lila lalakina beuki teu aja tanaga, toengtoengna něpi ka adjal. Sanggeus maot salakina, awe-wena tambah-tambah prihatinna, kapaksa koedoe oesaha sabisa-bisa, sangkan manehna katoet anak-anakna oelah něpi ka langlajeuseun. Anakna anoe lalaki, si Karim, sok ngabantoe ka indoengna, tapi tatjan bisa nalang mah, da manehna tatjan sawawa, oemoerna kakara opat wělas taoen.

Oepana nendjo indoengna sëmoe noe soesah, komo lamoen nendjo adina awewe tjeurik hajangeun dahar, si Karim teh sok ngarasa nalangsa pisan, malah dina hidji poë, waktoe indoengna ngaringkoek, boga kanjéri, pok si Karim teh ngomong ka indoengna: „Koering rek ka leuweung, ēma, rek ngala soeloeh. Ari geus meunang soeloehna, toeloej ka dajeuh. Ńgke tina ladang soeloeh rek meuli beas atawa kadaharan.”

Walon indoengna: „Ongkoh djaoeh leuweung teh, oedjang. Koemaha kira-kirana, moal tjape?”

Tjek si Karim: „Ah moal, soegan, rek ditjoba-tjoba bae.”

Sanggeus kitoe, si Karim indit ka pawon, njokot bēdog djeung njokot tali, sarta toeloej indit ka leuweung.

Leumpangna teu eureun-eureun, atoeh teu sabaraha lilana geus něpi bae ka sisi leuweung. Koe sabab ngarasa tjape manehna teu oedjoeg-oedjoeg digawe, neangan heula těmpat keur ngaso. Kaběněran aja tangkal kai gěde, daoenna gomplok, di handapna ioeh djeung lenang. Toeloej manehna ka dinja, njarande kana eta tangkal kai, karasana ngeunaheun pisan, těmpatna bersih djeung angin ngahiliwir. Sabot kitoe, manehna teh panganggoeran, leungeun kentjana soesoersasar kana taneuh. Ari pek teh wět aja noe ngagindjěl teuasteuas, diilikan sihoreng ali, noe ngagindjěl teh. Eta ali koe manehna dihantěm diilik-ilik, tetela watangna ēmas, matana intěn.

Si Karim ngomong sadjeroning hate, pokna: „Ali mahal ieu. Koemaha noe matak aja di dieu? Lamoen koe aing didjoeal, toeloej doeitna dibikeun ka indoeng aing, tada teuing atoheunana, sabab ladang ieu ali tjoekoep pikeun meuli beas djeung sagala kapěrloean. Komo lamoen digolangkeun, indoeng aing geus teu koedoe balangsiar ka manama. Aing tiloean moal něpi ka koerang dahar.”

Karim těroes lalamoenan, roepa-roepa tjita-tjitana, lamoen manehna geus boga doeit loba, ladang ali. Kana niat noe tadi



mah, nja eta rek ngala soeloeh tea, iat bae poho. Djol deui pikiran sedjen. Eta ali moal waka didjoeal koe manehna, soepaja indoengna ngilikan heula, da ēngke ge koe indoengna tangtoe didjoeal. Ras manehna ka adina, nēpi ka imoet sorangan, asa geus prak nendjo adi ngaleuseuhan badjoe djeung samping, beunang mangmeulikeun indoengna, tina ladang ali tea.

Tjindēkna mah si Karim teh teu toeoes ngalana soeloeh, toeloej bae gagantjangan balik deui ka imahna. Ali timoe ditjētjēkēl, diasoepkeun djeung leungeunna kana sakoe, bawaning sieun leungit.

Barang datang ka imahna, kakara nēpi ka boeroean ge, gantjang si Karim ditanja koe indoengna, pokna: „Naha geuning geus datang deui? Hēnteu toeoes ngala soeloeh teh? Atawa teu aja soeloehna di leuweung?”

Walonna: „Teu toeoes ngala soeloeh teh, ēma. Kaboeroe nimoe noe kieu!” Ngomongna teh sēmoe noe boengah katjida, bari ngasongkeun ali tea ka indoengna. Koe indoengna ditampanan. Pek ali teh diilik-ilik bari sēmoe anoe heran, omongna: „Ali timoe ieu teh?”

Walon si Karim „Soemoehoen.”

Indoengna: „Timoe ti mana?”

Si Karim: „Ti handapeun tangkal kai.” Barabat koe manehna ditjaritakeun, jen sadatangna ka leuweung, manehna ngarasa tjape, toeloej ngaso handapeun tangkal kai, tēmpat nimoe eta ali. Lalamoenanana oge ditjaritakeun, noe matak manehna teu toeoes ngala soeloeh teh, nja eta hajang geura mikeun ali.

Sanggeus tamat si Karim njaritana, pok indoengna ngomong deui: „Ieu ali katjida pisan aloesna. Hēnteu loba ali noe matana intēn sagēde kieu. Noe bogana oepama lain pangagoeng, tangtoe noe beunghar. Tapi ēma teu wēleh heran, koemaha noe matak ieu ali aja di handapeun tangkal kai.”

Si Karim: „Doeka atoeh, koering ge hēnteu ngarti.”

Eta ali hantém bae diarilikan koe si Karim djeung indoengna katoet adina.

Omong si Karim: „Hargana ge meureun mahal, nja ēma?”

Walon indoengna: „Poegoeh bae. Moal koerang tina sareboe roepia.”

Si Karim: „Djoeal bae atoeh ēma. Ongkoh oerang geus teu boga dahareun, djeung teu boga papakean.”

Tjek adina: „Koering mah hajang sēlop bordel djeung badjoe salah.”

Walon indoengna: „Ieu ali lain noe oerang. Ēma mah moal wani-wani ngadjoeal.”

Si Kadir: „Kapan ali timoe, ēma. Naha make teu wani ngadjoeal?”

Indoengna: „Ēnja ali timoe, tapi tangtoe aja noe boga. Meureun katatang-koteteng noe bogana teh neangan ali. Sakoemaha piatoheunana noe boga, saoepama ieu ali di-poelangkeun koe oerang ka manehna.”

Ti dinja eta ali teh diampihan koe indoeng si Karim hade-hade, diasoepekun kana tjēpoek leutik, oeroet wadah koe-raboe. Si Karim mah toeloej bae indit deui ka leuweung rek ngala soeloeh. Sadjalan-djalan manehna sēmoe noe soesah, mikiran ali, lantaran indoengna hēnteu wanieun ngadjoeal, atoeh manehna mah komo, djeung ka saha ngadjoealna. Padahal lamoen didjoeal, geus tangtoe pajoe mahal. Kitoe bae pikiran si Karim sapandjang djalan.

28. Pada meunang sapērtiloena.

(Toeloejna I).

Ti peutingna, waktoe si Karim geus ngēdēng, njileuk bae teu wēleh mikiran ali. Ari geus peuting katjida, kakara bisaeun sare sarta hēnteu koengsi lila manehna ngimpi. Di

ditoena teh beunghar manehna teh. Indoengna djeung adina marake papakean noe araloes. Dina medja geus sadia kada-haran noe ngareunah, beunang ngambéngkeun, malah aja sangoe koneng diwadahan koe basi gëde, direndengkeun djeung opor hajam kabiri. Barang manehna rek dahar, geus ngoembah leungeun, djeung geus ngalaan sangoe koneng kana tobas, njah manehna teh njaring, koredjat hoedang, pek loeak-lieuk, malah toeloej ngilikan medja, teu aja naon-naon, tetela ngimpi.

Sabot kitoe, si Karim teh ngadenge noe tinggéréndéng ngomong di djalan. Koe tina panasaraneun, bisi aja naon-naon, toeloej bae ka loear ti imahna. Manehna nendjo djélëma tiloean keur ngaromong di sisi djalan. Noe saoerang goelang-goelang. Teu pati djaoeh ti dinja aja boedak lalaki batoer oelinna. Katendjona sidik pisan, da harita teh keur tjaang boelan.

Djoet si Karim teh toeroen, hajangeun njaho, djélëma-djélëma tea keur njararitakeun naon. Sidik pisan koe si Karim kadengueun, noe saoerang kieu pokna: „Koering oge daek neangan.”

Ditembalan koe noe saoerang deui, pokna: „Neangan mah daek ieu-ieu ge, da tangtoe meunang gandjaran. Ngan ka mana neanganana, da leungitna teu kanjahoan di lëbah mana. Di djalan gëde mah geus wëleh teu kapanggih. Sappandjangnga djalan gëde geus ditjoba diteangan koe pirang-pirang djélëma, tapi nja eta kalah ka tjape.”

„Nja eta atoeh,” omong goelang-goelang teh, „noe matak soesah oge, sabab teu tangtoe di lëbah mana leungitna. Di leuweung ge leungitna teu moestahil. Ongkoh mangkoekna Kangdjëng Radja teh angkat ka leuweung, ngërsakeun boeboedjëng.”

Disamboeng koe noe saoerang, nja eta toekang ngala soeloech, jen manehna sanggoep ka leuweung, rek neangan lelepen Radja, asal aja noe noedoehkeun, di lëbah mana Kangdjëng Radja lëbëtta ka eta leuweung.

Tjek goelang-goelang: „Tjoba bae, soegan silaing aja milik; sabab dawoehan Sang Radja, saha-saha noe manggih eta lelepen sarta datang ka karaton, njembahkeun eta barang poesaka, bakal dipaparin gandjaran dinar émas 30.”

Barang si Karim ngadenge tjarita kitoe, ratoeg hatena, aja reuwas aja atoh. Toeloej manehna kékétéjépan asoep deui ka imahna. Indoengna digeuingkeun djeung toeloej ditjaritaan, jen ali timoe manehna tea, kagoengan Radja. Rada pandjang njaritana, nja eta asal manehna ngimpi, toeloej hoedang, ngadenge noe keur ngaromong, toeloej ka loear ti imah, něpi ka sidik kadenge, jen lelepen Kangdjéng Radja, noe katimoe koe manehna teh.

Omong indoengna: „Soekoer bae, ari geus sidik onaman, jen kagoengan Kangdjéng Radja. Oerang boeroe-boeroe bae sanggakeun ka andjeunna.”

Si Karim: „Enja éma, boeroe-boeroe bae sanggakeun, soepaja koering meunang gandjaran.”

Indoengna: „Tjek saha, bakal meunang gandjaran?”

Si Karim: „Kapan goelang-goelang tea noe njari-ta, jen noe nimoe lelepen Sang Radja teh, bakal dipaparin gandjaran 30 dinar émas.”

Indoeng si Karim njokot tjépoekna. Alina dikaloe-ardeun, pek diilikan heula, geus kitoe toeloej dibikeun ka si Karim, bari pokna: „Heh ieu, lelepen Kangdjéng Radja teh. Ampihan masinghade. Isoekan isoek-isoek koedoe disanggakeun koe maneh pribadi ka Kangdjéng Radja.”



Sapeuting harita si Karim teh ngagoeligah, hajangeun geura beurang. Atoeh isoek-isoek pisan hoedangna. Sanggeus mandi djeung geus dangdan, manehna amit ka indoengna, rek ngadeuheus ka karaton. Koe indoengna dipapatahan, koemaha pěta-pětana djeung anggah-oenggoehna anoe ngadeuheus ka Radja. Babakoena koedoe awas ka anoe koedoe dihormat, anoe ajā di karaton, oelah tjologog. Djeung oepama dipaparin gandjaran koe Kangdjēng Radja, oelah poho, njěboet sěmbah sewoe noehoen.

Papatah indoengna kitoe koe si Karim diingět-ingět pisan. Memeh indit bismilah heula djeung menta didoakeun ka indoengna.

Lelepen Kangdjēng Radja teh koe si Karim ditoengkoes koe lamak bersih, toeloej diasoepkeun kana sakoe, tapi bari ditjékél bae, da bisi leungit.

Tjek indoengna: „Heg koe ēma didoakeun sing salamět. Djeung lamoen ēngke meunang gandjaran doeit, sing atiati, oelah něpi ka leungit.”

29. Pada meunang sapěrtiloena.

(Toeloejna II).

Si Karim geus meunang bedja, di mana pěrnahna karaton Radja, nja eta tjěnah, di kidoeleun aloen-aloen. Gědongna gěde toer agreng, dikoerilingan koe taman. Sakoeriling patamanan dipagěr-tembok; ti hareupna, deukeut aloen-aloen tea aja lawang, pantona beusi, sarta deukeut eta lawang aja gardoeh těmpat pěrdjoerit ngadjaga. Noe ngadjaga taja towongna, baganti beurang-peuting, nja eta pěrdjoerit noe njěkél bědil.

Sadatangna ka dajeuh, těroes bae si Karim teh ngadioeg-djoeg ka karaton. Barang něpi ka deukeut lawang, těroes

bae manehna rek moeka panto, lantaran ingētanana, moal aja noe ngalarang, komo ieu mah rek njanggakeun barang timoe, kagoengan Radja. Teu njahoeun, jen sakoer noe rek asoep teh koedoe menta idin heula ka djaga lawang.

Ari kék teh manehna njékél panto, dibetahkeun koe djaga lawang, omongna: „He boedak, rek ka mana? Hajoh balik, teu meunang asoep!”

Si Karim: „Oepam i ke-ning, abdi bade lěbět ka karaton.”

Djaga lawang: „Teu meunang! Hajoh balik!”

Si Karim: „Abdi teh bade ngadeuheus ka Kangdjéng Radja.”

Djaga lawang: „Moal ēnja aja boedak rek ngadeuheus ka Kangdjéng Radja. Kangdjéng Radja mah tara dideuheusan koe boedak. Hajoh balik! Teu meunang asoep!”

Si Karim: „Abdi bade ngadeuheus teh, aja pěrloe, nja eta bade njanggakeun lelepen, kagoengan Kangdjéng Radja.”

Djaga lawang teh kageteun, teu nganděleun kana omongan si Karim, tapi ajeuna mah rada leuleuj, omongna: „Tjoba ngilikian, bisi lain lelepen Kangdjéng Radja.”

Gantjang bae lelepen teh koe si Karim dikaloearkeun tina sakoena, ditembongkeun ka djaga lawang.



Koe djaga lawang diilik-ilik; sanggeus sidik, jen lelepen Kangdjēng Radja, kakara ngomong deui: „Enja bae ka-goengan Kangdjēng Radja. Meunang ajeuna mah maneh ngadeuheus ka karaton. Tapi kieu: Engke maneh meunang gandjaran. Tah tina eta gandjaran, keur dewek sapērtiloena. Lamoen teu kitoe, ieu panto moal dibokeka. Taja deui noe meunang moeka panto, lian ti dewek. Heg ajeuna timbang-timbang, mikeun gandjaran sapērtiloena ka dewek atawa balik ka imah.”

Si Karim rada bingoeng; teu njanaeun, jen bakal rewel kitoe. Tapi lamoen teu disanggoepan, geus tangtoe manehna teu bisa asoep ka karaton. Nja tinimbang djaoeh-djaoeh pandjang gagang mah, toengtoengna noeroetkeun bae kana pamenta djaga lawang teh. Tapi dina hatena mah si Karim teh kieu pokna: „Lamoen aing meunang 30 dinar, djadi meureun 10 dinar keur djaga lawang. Atoeh indoeng aing ngan kabagean 20 dinar. Karoenja.”

30. Pada meunang sapērtiloena.

(Toeloejna III).

Geus kitoe mah djaga lawang teh kakara moekakeun panto bari si Karim dititah asoep. Pangira manehna teh ngan kari asoep bae ka karaton, euweuh deui noe ngadjaga. Ari sihoreng, di djero teh aja deui pagēr tembok, lawangna kawas noe tadi, pantona beusi, toer aja noe ngadjaga.

Barang nēpi ka eta lawang, si Karim ditahan deui koe noe ngadjaga, teu meunang asoep.

„Maneh teu njaho?” tjek djaga lawang, „jen teu meunang aja noe asoep ka karaton? Hajoh balik!”

Tjek si Karim: „Abdi teh bade ngadeuheus ka Sang Radja, malah parantos diidinan koe djaga lawang kahidji.”

Djaga lawang: „Kadjeun teuing diidinan koe djaga lawang kahidji oge, tapi lamoen teu diidinan koe djaga lawang kadoea, maneh moal bisa asoep. Hajoh balik!”

Koe si Karim ditjaritakeun, jen maksoedna ka karaton teh, nja eta rek njanggakeun lelepen, kagoengan Kangdjēng Radja.

„Tjoba ngilikan,” tjek djaga lawang, „lamoen ēnja lelepen Kangdjēng Radja, meunang maneh ngadeuheus ka karaton.”

Sanggeus ngilikan lelepen, djeung geus sidik, jen lelepen Kangdjēng Radja, djaga lawang djadi marahmaj, ngomongna leuleuj, pokna: „Oentoeng, oedjang, tangtoe ēngke digandjar koe Kangdjēng Radja. Ajeuna kieu: Koe lantaran oedjang moal bisa asoep, lamoen panto hēnteu diboeka koe bapa, djadi lamoen hajang asoep, koedoe aja panarima ka bapa, nja eta koedoe mere sapērtiloena tina gandjaran. Ari oedjang ēmboeng roegi mah, lapoer, moal dipangmoekakeun panto.”

Koe si Karim geus kapikir, jen manehna kapaksa koedoe noeroetkeun sapamenta djaga lawang. Toeloej manehna njanggoepan, jen rek mikeun sapērtiloena tina gandjaran.

Gantjang pantona diboeka, sarta toeloej si Karim asoep, bari ngomong sadjēroning hatena: „Djaga lawang noe kahidji sa pērtiloe, djaga lawang noe kadoea sapērtiloe, djadi djoemlah doeā pērtiloe. Atoeh ngan sapērtiloena, bagian indoe ng aing.”

Sadjēroning mikir kitoe, tēroes si Karim teh leumpang bari toengkoel. Ari tanggah, bēt geus aja deukeut karaton. Rada kaget manehna teh, sabab tadina kakara ngadenge bedjana bae, ari ajeuna nendjo pribadi, horeng kitoe karaton teh, latarna marmēr, tihang-tihangna diaer-ēmas, dina tembokna loba pigoera djeung eunteung gēde. Medja-korsina araloes djeung harerang. Lampoena rantoej gogojtan.

Geus kapikir koe si Karim, jen teu meunang oedjoeg-oedjoeg asoep bae ka karaton, da dinja aja deui djaga lawang noe katiloe. Memeh ditanja koe djaga lawang, boeroe-boeroe

si Karim ngadeukeutan bari naros sarta hormat, pokna: „Poéntén djoeragan, bade toemaros, koemaha kenging abdi ngadeuheus ka Kangdjéng Radja?”

Djaga lawang ngadjawabna sémoe kaget, pokna: „Noe meunang ngadeuheusan teh, ngan prijaji pangkat loehoer. Boedak mah hënteu meunang. Naon pérloena, maneh ngadeuheus ka Kangdjéng Radja?”

Walon si Karim: „Noe mawi bade ngadeuheus, margi abdi gadoeh pěpěndakan. Tjariosna Kangdjéng Radja kaítjalan lelepen. Manawi bae noe kapěndak koe abdi teh kagoengan Kangdjéng Radja. Bilih hojong ningalian, mangga ieu lelepenna.”

Ngomongna kitoe, si Karim teh bari ngodok lelepen tea tina saköena sarta toeloej diasongkeun ka djaga lawang katiloe.

Sanggeus diilikan, eta lelepen dibikeun deui koe djaga lawang ka si Karim, bari omongna: „Enja bae lelepen Kangdjéng Radja. Lamoen ēngke koe silaing disanggakeun, tangtoe silaing meunang gandjaran ti Kangdjéng Radja. Tah tina eta gandjaran, koe silaing koedoe dika-dewekkeun sapěrtiloena. Lamoen sanggoep, heg koe dewek dipangmoékakeun panto. Lamoen teu sanggoep, leuwih hade balik deui, da moal aja noe mangmoékakeun panto, ari lain dewek mah.”

Omong si Karim dina hatena: „Lapoer atoeh, oepama ditoeroet teh, aing hënteu kabagean. Tapi oepama teu noerbet, nja moal bisa asoep, moal katingali-tingali atjan koe Kangdjéng Radja. Ari aing geus katingali onaman, soegan bae andjeunna aja piwělasna ka aing, da bedjana adil pisan Kangdjéng Radja teh.”

Rada lila si Karim teh ngahoeléngna, mikiran piakaleun. Hantém bae dipikir diboelak-balik, dibeuweung dioetahkeun. Taja deui piakaleunana lian ti koedoe noeroetkeun kana eta pamenta djaga lawang. Gantjanging tjarita bae, pamenta djaga lawang teh geus disanggoepan koe si Karim, sarta

manehna geus asoep ka karaton, malah geus dioendjoekkeun ka Kangdjēng Radja.

Panto kamar panglinggihan Kandjēng Radja diboekakeun. Si Karim rada ngarendjag djeung ngahoelēng sadjongdjongan, kaget koe kaajaan kamar djeung eusina noe sakitoe araloesna, marakbak matak serab. Kangdjēng Radja noedjoe linggih dina korsi, majoenan medja.

31. Pada meunang sapērtiloena.

(Toeloejna IV).

Sanggeus ditimbalan, kakara si Karim asoep bari ngahormat ka Kandjēng Radja, noeroetkeun papatah indoengna tea, basa rek indit ti imahna. Kangdjēng Radja ningali tindak-tandoek si Karim kitoe, sēmoe wēlaseun, sarta enggal bae mariksa: „Saha maneh teh?”

Walonna: „Abdi goesti, poen Karim.”

Sang Radja: „Maneh datang ka dieu teh, rek ngadeuheusan ka kami?”

Si Karim: „Dawoeh goesti.”

Sang Radja: „Naon pikarēpeun maneh?”

Pok si Karim oendjoekan, ngoendjoekkeun lampahna ka leuweung tea, rek ngala soeloeh. Ari di leuweung ngioehan di handapeun tangkal kai, nēpi ka nimoe lelepen. Ti peutingna ngadenge noe njararita, jen noe kaïtjalan lelepen teh Kangdjēng Radja. Satamatna pioendjoekna, lelepen teh dikaloearkeun tina sakoena, bari toeloej disanggakeun ka Kangdjēng Radja.

Lelepen teh ditampi koe Kangdjēng Radja sarta tēras ditingalian bari mesēm, dawoehanana: „Maneh teh boedak bageur, njaah ka kolot, daek oesaha keur indoeng djeung keur adi. Djeung kami atoh katjida, sarehna maneh geus



datang njanggakeun ieu ali. Ari kami noe matak njaah kana ieu ali, lantaran barang poesaka. Lamoen teu kapanggih deui, tangtoe djadi kasoesahan ka kami. Kabēnēran maneh noe manggih, da oepama kapanggih koe djelēma djahat mah, tatjan tangtoe ieu ali kapimilik deui koe kami.”

Sang Radja liren sakēdap, kawas aja noe digalih. Geus kitoe ngadawoeh deui, dawoehanana: „Meureun maneh geus ngadenge, jen anoe manggihan ali sarta datang ka karaton njanggakeun ali ka kami, bakal digandjar. Ke oelah waka balik, ngadagoan gandjaran tea.”

Si Karim: „Dawoeh goesti, pērkawis eta, abdi goesti parantos ngoeping. Nanging manawi kawidian, abdi goesti gadoeh pioendjoek.”

Sang Radja: „Pioendjoek naon? Pok kadinjah!”

Si Karim: „Sangēt panoehoen, soepados dampal goesti aja sih tjitérés, kërsa masihkeun gandjaran noe 30 dinar ēmas tea ka poen biang. Doepi abdi goesti pribados soemédja njoehoenkeun gandjaran sanes.”

Sang Radja ngaraos heměng, dawoehanana: „Taja halangan, dinar ēmas noe 30 tea dipasrahkeun ka indoeng maneh, minangka gandjaran kasatiaan djeung kadjoedjoeranana. Ari maneh hajang meunang gandjaran naon?”

Si Karim: „Panoehoen abdi goesti, soepados abdi goesti mah digandjar rangket bae 30 kali.”

Sang Radja: „Pangdenge teh, njoehoenkeun gandjaran rangket 30 kali?”

Si Karim: „Dawoeh goesti, teu pindo daměl.”

Sang Radja minděl, ngamanahan panoehoen saroepa kitoe. Téras neuteup ka Si Karim, bari lahirna: „Djadi maneh teh teu hajang doeit, ngan hajang dirangket bae 30 kali?”

Si Karim: „Dawoeh goesti. Malah noe disoehoenkeun teh, rangket noe rosa, sanes rangket noe biasa.”

Sang Radja: „Eta panoehoen teu beunang dilaksanakeun, sabab anoe dirangket mah lain digandjar, pingaraneunana dihoekoem. Tjoba ajeuna térangkeun, naon sababna noe matak maneh njoehoenkeun gandjaran rangket?”

Koe si Karim dioendjoekkeun, jen djaga lawang noe tiloe pada menta sapétiloena tina gandjaran. Koe manehna geus disanggoepan, lantaran lamoen teu kitoe, tangtoe manehna teu meunang asoep ka karaton.

Tamat si Karim oendjoekan, enggal Sang Radja ngadwoeh: „Kaharti ajeuna mah.”

Harita keneh Sang Radja njaoer goelang-goelang, sarta kieu dawoehanana: „Goelang-goelang! gantjang maneh njaoer pérdoerit noe djaga lawang tiloanana. Kitoe deui toekang ngarangket sakitan di pangberokan koedoe disaoer, sakalian mawa pangrangket. Eta kabeh koedoe kaïringkeun koe maneh ajeuna.”

Teu koengsi lila goelang-goelang teh geus datang deui, ngiringkeun djaga lawang tiloean djeung toekang rangket.

„He djaga lawang tiloean!” dawoeh Sang Radja. „Ieu boedak geus oendjoekan ka kami, jen maraneh tiloean geus marenta masing-masing sapērtiloena tina gandjaran, anoe bakal katarima koe ieu boedak ti kami. Kalakoean pērdjoerit saroepa kitoe tangtoe djadi matak goreng kana ngaran kami, djeung matak goreng kana ngaran nagara katoet bangsana.”

Djaga lawang noe tiloean moenggah asa teu beungeutan, bawaning isin koe Radja. Gawena taroengkoel bae bari ngadegdeg.

Dawoehan Sang Radja deui: „Ajeuna kami rek ngaboekti-keun kasanggoepan ieu boedak, nja eta ngabagikeun gandjaranana ka maraneh tiloean, masing-masing pada meunang sapērtiloena. Ari woedjoedna gandjaran, lain dinar ēmas 30, tapi marga panohoenna ieu boedak, nja eta gandjaran rangket, djoemlah 30 kali. Tēgēsna maneh tiloean masing-masing rek dirangket 10 kali sewang, sakoemaha noe dipenta koe maraneh ka ieu boedak.”

Pērdjoerit noe tiloean teh asa nintjak asa hēnteu, bawaning isin koe Radja sarta era koe si Karim, toeroeg-toeroeg narendjo toekang rangket mawa hoē sagēde nanahaon.

Ret Sang Radja ngalirik ka toekang rangket, miwarang ngarangket djaga lawang noe tiloean, saoerangna sapoeloeh kali, ngarangketna koedoe sataker tanaga.

Koemaha toeloejna ari si Karim?

Sanggeus djaga lawang tea dirangketan sapoeloeh kali sewang, toeloej bae si Karim balik, mawa dinar ēmas 30, gandjaran ti Sang Radja. Datang-datang ka imahna, gēbro bae dinar ēmas teh dipasrahkeun kabeh ka indoengna. Heuleut sawatara poē aja oetoesan Sang Radja ka imah si Karim, nja eta ngēmban timbalan, soepaja si Karim disakolakeun. Ongkos-ongkos sakolana djadi tanggoengan nagara. Indoeng

si Karim katjida atoheunanana, kitoe deui si Karimna, sakolana soehoed djeung sarégép pisan, ngestokeun kana sagala piwoeroek goeroe.

Gantjanging tjarita bae, si Karim teh sakolana oenggal taoen naek kelas, něpi ka tamatna pisan, malah meunang poedjian istimiwa.

Heuleut sawatara taoen si Karim geus didjénéngkeun, djadi prijaji di karaton, toer pangkatna saloehoereun djaga lawang noe tiloe tea, anoe bareto njoesahkeun ka manehna, basa rek ngadeuheus ka Sang Radja, njanggakeun lelepen poesaka tea.



32. Boedak teuneung.

Poë Ahad isoek-isoek baroedak lalaki di desa Kalidérës geus ngaloearkeun moendingna tina kandangna, digiringkeun ka pangangonan. Sadjalan-djalan moending teh teu kaoer laleumpang, da bari njaratoean, teu kaop manggih djoekoet di sisi djalan. Moending-moending teh geus sawatara poë ngalanggoer, sabab noe ngagarap sawah geus rengse, geus teu koedoe make moending.

Sawareh mah moending teh ditaroempakan, sarta sapan-djang djalan noe rata baroedak teh sëmoe soeka boengah pisan, njongtjlo dina tonggong moending djeung bari tëtëmbangan.

Ari nëpi ka pangangonan, panonpoë geus rada loehoer, toeloej baroedak teh toeroen tina moendingna, nareangan pangeureunan, sabot moending njaratoean. Roepa-roepa kasoeckaan baroedak teh, aja anoe tataekan, aja anoe neangan dahareun, bongborosan atawa boeboeahan, aja oge noe tjaritjing di handapeun tangkal kai, ngobrol atawa ngadongeng. Anoe rësëp kana wajang sok njaritakeun lalakon wajang, malah aja noe noeroetan dalang sagala. Sabot kitoe hënteu poho maranehna ngadengekeun sora kolotok moendingna, bisi djaoeh teuing njampalna. Djeung deui maranehna teh apaleun pisan kana sora kolotokna masing-masing. Djadi lamoen aja sora kolotok noe djaoeh, maranehna njaho bae, moending saha anoe geus djaoeh njampalna, toeloej dioedag, disina balik deui.

Beuki lila beuki panas, djeung moendingna njatoena geus sareubeuheun, sarta geus meudjeuhna ngarinoem, toeloej boedak noe saoerang ngagéroan ka batoer-batoerna, pokna: „Batoer-batoer! geus panas ieu; moending harajangeun nginoem. Hajoe oerang ka waloengan!”

Teu koengsi lila baroedak teh toeloej ngagiring moendingna

ka waloengan. Eta waloengan pēnahna djaoeh ti panganganan, tapi moending kabeh oge geus apal kana djalanna, da geus maranti. Bawaning koe hanaangeun, moending teh paheula-heula harajangeun geura datang ka waloengan, kadengena tingkērbēt tingbēlēsēk, aja oge noe ngabigbrig.

Noe pangheulana indit ti pangangonan, moending si Djapar, djadi di djalanna oge geus djaoeh ninggalkeun batoer. Leumpangna teu pati gantjang, bari si Djaparna njeungtjleu dina tonggongna. Barang ngalieuk ka toekang, batoerbatoerna tinggaleun djaoeh, si Djapar teh ngagēroan bēdas pisan: „Geuwat euj, sing garantjang!”

Baroedak noe pandeuri teh ngarangket moending, atoeh riboet moendingna laloempatan, njaroesoel moending si



Djapar. Teu koengsi lila geus narépi ka waloengan. Gantjang moending teh alantjroeb paheula-heula, sawareh téroes ka tengah, ka noe djero, něpi ka lapoet awakna, ngan tempong hoeloena bae djeung tandoekna. Katingalna djiga ngareuna-heun pisan, ngarinoem saseubeuhna.

Sanggeus sareubeuheun nginoem djeung geus ngeueum sawatara lilana, moending teh diharandjatkeun, digiring-keun ka lěmboer sarta toeloej dikandangkeun. Tapi sawatara moending ngareueum keneh, sabab boedak angonna ge masih keneh teuteuleuman, soekan-soekan silih simbeuh djeung batoerna.

Harita teh di sisi tjai loba awewe keur njuseuh. Katjida ati-atina njareuseuhna teh, sieuneun seuseuhanana kabawa koe tjai, komo barang tjai ngagédean, noe njareuseuh teh pahiboet nareundeun seuseuhanana dina batoe noe laloehoer. Ari tjai téroes bae ngagédean, di girangna tajohna keur hoedjan gede.

Baroedak awewe noe keur marandi koe indoengna dingétan, sing arawas kana tjai djeung oelah mandi di tengah, bisi palid. Eta baroedak awewe aja limaan. Marandina di sisi bae, teu padjaoeh, malah ngantaj patjékél-tjékél. Katjida maranehna teh sěmoe rěsěpna, tingkětjěběk djeung ting-tjirihil.

Noe keur njareuseuh, nja eta indoeng atawa bibi baroedak noe keur marandi, sakeudeung-sakeudeung ngaralieukan tjai, bisi tjaah, djeung teu wěleh njarek baroedak ka tengah sarta nitah patjékél-tjékél sing pageuh.

Baroedak awewe teh beuki pageuh patjékél-tjékélna, noeroetkeun papatah indoengna tea.

33. Boedak teuneung.

(Toeloejna).

Lantaran geus rada lila diarawaskeun, tjai geus teu ngagēdean deui, awewe noe njareuseuh teh djongdjon bae, hēnteu pati ngalieukan ka baroedak.

Sabot kitoe, oedjoeg-oedjoeg raong bae, baroedak awewe teh tingdjarērit menta toeloeng.

Atoeh noe keur njareuseuh teh rareuwaseun sarta gantjang ngalieuk ka tengah tjai. Tetela boedak lima teh ngan aja opat. Si Misnēm euweuh.

Noe pangtarikna ngadjērit, si Oemi, adi si Misnēm. Tadina mah si Misnēm teh pageuh pisan njékélan leungeun adina. Kawasna rada ka tengah, djeung reuwas manggih noe djero, nēpi ka leungeun adina dilesotkeun, toeloej manehna ngaleong. Rek dirawel leungeunna koe adina, teu karawel, djeung adina sieuneun kabawa palid, toeloej bae gēgēroan bari tjeurik: „Misnēm palid! Misnēm palid!”

Noe palid diarawaskeun, sakapeung ngamboel, sakapeung kalēm, djeung beuki djaoeh.

Awewe noe keur njareuseuh toeloej harandjat, maksoedna rek laloempatan, ngoedag noe palid, tapi noe palid geus teu katembong. Indoeng si Misnēm kajar-kijir ka hilir ka girang, teu poegoeh rarasaan, rawah-riwihi bari sasambat, pokna: „Adoeh Misnēm! anak aing! Toeloeng Goesti! toeloeng!”

Ari baroedak lalaki noe kasēboet di loehoer tadi, harita teh geus harandjat, rek baralik. Ngadenge awewe noe tingdjarērit, maranehna tingrarandēg; noe geus toempak moending oge toeroen deui bari narendjo ka hilir. Noe palid teh katendjoeun koe si Djapar samar samar. Gantjang bae si Djapar teh toetoeroeboen, toeloej ngodjaj satakēr tanaga, niat noeloengan noe palid.



Tina tarikna si Djapar ngodjaj, noe palid teh geus kasoesoel. Rek dihontal sampingna, kaboeroe ngalélěp deui. Si Djapar ngaboseh deui sakoeat-koeat. Noe palid teh leungeunna ngatjoeng sakeudeung, tapi toeloej ngalélěp deui bae. Beuki antek maksoed si Djapar hajang noeloengan anoe tjilaka.

Kaběněran samping noe palid teh tempong deui, gantjang dirawel, karawel.

Barang sampingna ditarik, leungeun si Misněm ka loehoer, atoeh kěk bae ditjékél koe si Djapar, sarta toeloej dibawa ngodjaj ka sisi. Awewe-awewe noe aja di sisi tjai patinggorowok: „Sing pageuh njékélna, oedjang! sing pageuh! oelah kalesotan!”

Djongdjon bae si Djapar ngodjaj, hajangeun geura něpi ka sisi, bororaah ngadengekeun noe tinggorowok.

Sawatara boedak lalaki batoer si Djapar mangrisikeun, nisi si Djapar kakoerangan tanaga, tina sabab geus ngodjaj sakitoe djaoehna djeung sakitoe tarikna. Noe doeaan toe-toeroeboen toeloej ngodjaj, ngabantoean si Djapar, narik si Misněm. Gantjangna něpi ka sisi, si Misněm geus dihandjatkeun, geus diroeboeng koe indoengna djeung babatoeranana. Tangtoe pisan sarerea ngarasa boengah, komo indoeng si Misněm mah, boengahna teh taja babandinganana.

Si Misněm teh dilaan sampingna, diganti koe noe toehoer, toeloej dikěděngkeun dina lahoenan indoengna, bari pada njeungtjeurikan. Lila-lila si Misněm beunta, toeloej tjeurik.

Noe ngaroebeng nandakeun boengah, roepa-roepa ngaromongna. Tjek noe saoerang: „Soekoer geus bisa tjeurik mah, salamět!”

Omong noe saoerang deui: „Nochoen Goesti, si Misněm geus katoeloengan.”

Ari si Djapar ka mana? Ditjēloek-tjēloek, hēnteu nembalan. Indoeng si Misněm hajangeun ngomong djeung si Djapar, nandakeun toemarima, reh anakna geus ditoeloengan, sasat ditoemboe oemoerna. Tapi si Djapar geus euweuh, geus noempakan moendingna, rek balik, sabab lěmboerna pang-djaoehna, sieuneun kaboberitan.

Harita sadesa eta geus pada njaho, jen si Misněm palid, ditoeloengan koe si Djapar. Atoeh kabeh pada moedji ka si Djapar, disēboet boedak teuneung, gēde wawanen, daek toetoeloeng.


Komo baroedak lalaki, batoer-batoer oelin si Djapar, djēro sawatara poë taja deui noe djadi djēdjēr tjarita, ngan pērkara bisana si Djapar ngodjaj, djeung kahadean hatena, noeloengan noe tjilaka.

Indoeng-bapa si Djapar, ngadarenge anakna pada moedji teh, ngarasa bagdja djeung moedji soekoer ka Pangeran, reh anakna dipaparinan salamēt, sadjēroning ngalampahkeun kahadean, noeloeng sasama kaoela.

34. Raden Saleh.

Di kota Djakarta aja djalan gēde noe dingaranan „Raden Saleh Laan”. Baroedak sakola mah geus tangtoe njaho, di mana pērnahna eta djalan. Tapi oepama ditanja, saha eta Raden Saleh, loba keneh noe teu bisaeun ngadjawab. Di handap ieu ditjaritakeun, saha djeung koemaha lalakonna Raden Saleh.

Andjeunna teh keur boerējna djēnēnganana Sarif Bastaman; dibabarkeunana di Samarang dina taoen 1814, masih keneh tērah boepati. Ti boeboerējna andjeunna teh geus rēsēp kana ngagambār.



(Boemi R. Saleh di Djakarta).

Keur di sakolana oge, lamoen koe goeroe dipaparin itoengan, sarta moerid-moerid kabeh ngaritoeng, Raden Saleh mah djongdjon bae gagambaran dina sabak, ngagambar imah atawa tatangkalan atawa naon bae.

Bawaning rĕsep ngagambar, lamoen parĕng manggih kertas salambar, toeloej bae digambaran. Sakapeung ngagambarna teh nĕpi ka djamdjaman, tĕroes bae teu bosĕn-bosĕn. Babakoena karĕspna teh ngagambar sasatoan, kajaning: hajam keur aroelin di boeroean, titiran di djero koeroeng, sado djeung koedana atawa moending keur dipake ngawoeloekoe.

Parĕng dina hidji poë Raden Salah nembongkeun gambar ka rerentjanganana. Baroedak teh rĕsĕpeun pisan ngarilikan eta gambar. Tjek noe saoerang: „Koeda Sandĕl kagoengan rama, ieu teh.”

Omong noe saoerang deui: „Is, ieu mah kagoengan djoeragan Djaksa, sadona djeung koedana ge.”

Omongan baroedak kitoe djadi tanda, jen gambar teh njĕples djiga noe digambar, toer matak rĕsep.

Ramana oge rĕsĕpeun, ningali gambar-gambar Raden Saleh teh, malah nĕpi ka ngahadja ngagaleuh patlot roepa-roepa, paranti ngagambar. Kabinet Raden Saleh geus taja wiwilanganana, dipaparin patlot roepa-roepa teh, sabab gambarna djadi leuwih aloes, noeroetkeun roepa-roepana anoe digambar, boh beureum boh hedjo atawa koneng.

Ari dina hidji poë Raden Saleh ngiring ramana ka Solo, sarta di dinja ningali maoeng lodaja kagoengan Kangdjéng Soesoehoenan. Dina manahna hojong geura moelih deui ka Samarang, emoet kana patlot gambar, hojungeun geura ngagambar maoeng. Atoeh ari geus soemping teh ka boemina, toeloej bae andjeunna ngagambar maoeng.

Katjarita ka boemi Raden Saleh aja Walanda natamoe ka ramana. Eta Walanda teh toekang gambar. Waktoe harita Raden Saleh joeswana 14 taoen.

Sabot tjatjarios djeung rama Raden Saleh, tatamoe teh rarat-reret kana bilik. Di dinja teh aja roepa-roepa gambar digantoengkeun. Koe tina panasaraneun, koe tatamoe ditaroskeun ka anoe kagoengan boemi, eta gambar-gambar kenging saha. Ditérangkeun koe noe ditaros, jen eta gambar-gambar kenging poetrana.

Tjek tatamoe: „Sarae ieu gambar teh. Koemaha aja deui noe sanesna?”

Raden Saleh disaoer koe ramana, dipiwarang mintonkeun gambar-gambarna ka tatamoe.

Tatamoe teh katjida rĕsĕpeunana sarta moedji ka Raden Saleh, djeung toeloej nanja kieu: „Katjida rĕsĕpna kana ngagambar teh?”

Walon Raden Saleh: „Kantĕnan.”

Geus kitoe mah Raden Saleh ka loear deui, amĕng djeung rentjang-rentjangna. Ari tatamoe oendjoekan ka rama Raden Saleh, pokna: „Poetra teh aja topekna kana ngagambar. Koe emoetan, pĕrjagi pisan, oepami poetra tĕras diadjar ngagambar di ahlina, soepados aja panoengtoen anoe

betami, doegi ka poetra djadi toekang gambar noe mashoer."

Walon rama Raden Saleh: „Koemaha andjeun, kërsa ngawoeroek?"

Toekang gambar: „Oepami dipertjantén mah, sinaréng poetra poeroeneun, bingah noe aja."

Gantjanging tjarita, Raden Saleh oenggal poë sok diadjar ngagambar di eta toekang gambar, diadjarna katjida sosonsosonna. Koe andjeunna karaoseun pérloena oeninga kana elmoena djeung rasiah-rasiah gambar. Sanggeus sawatara lilana ngoelik, tambah-tambah pintér bae andjeunna kana ngagambar.

Ramana ge katjida bingaheunana, ningali poetra tambah iasa ngagambar, malah waktoe goeroena tea ngadjadjah poelo Djawa, ngaboektikeun patémpatan noe araloes pikeun digambar, sarta ngamitkeun Raden Saleh soepaja njaréngan, andjeunna hënteu ngoretkeun; enggal bae diidinan.

35. Raden Saleh.


(Toeloejna).

Baheula mah ngadjadjah poelo Djawa teh, përdjalanan bangga pisan, sabab teu aja kareta api tjara ajeuna, komo mobil atawa motor pitatanggëleun pisan.

Tapi sanadjan kitoe ge, Raden Saleh djeung goeroena teu boeroeng laksana panëdjana. Mimitina ngadjadjah ka Djawa-Wetan, geus kitoe ka Djawa-Koelon nëpi ka Bogor.

Sanggeus sawatara poë Raden Saleh djeung goeroena aja di Bogor, kaemper-emper ka Toean Bësar Goepérnoer Djendral, jen aja boedak bisa ngagambar. Raden Saleh ditimbalan ngadeuheus ka karaton bari mintonkeun gambar-gambar boeatanana.

Gambar-gambar Raden Saleh ditingalian koe Toean Bësar.



Raden Saleh.

sarta kamanah katjida, něpi ka ngadawoeh kicu: „Daek maneh disakolakeun ka nagara Walanda? Di ditoe aja sakola gambar. Lamoen maneh hajang leuwih pintér ngagambar, koedoe asoep sakola gambar. Koemaha kira-kirana, diidinan koe bapa maneh?”

Pioendjoek Raden Saleh: „Maksad pisan bade těras sakola gambar, margi kaemoet pěrloe těrang kana elmoena noe langkoeng těbih. Manawi ka poen bapa ge teu djadi kaabotan.”

Waktoe harita, joeswa Raden Saleh kakara 15 taoen. Saěnjana djaman harita, lalampahan ka nagara Walanda teh asa katjida djaoehna, djeung katjida soesahna, sabab tätjan aja kapal api, ngan kapal lajar bae. Di djalanna něpi ka mangboelan-boelan. Katjida pisan langkana keneh, ḥerang dieu anoe njaba ka Eropa, komo boedak mah. Tapi sanadjan kitoe ge, Raden Saleh hěnteu moendoer, bawaning kějěng rek něroeskeun ngoelik hal gambar.

Gantjating tjarita, Raden Saleh geus diidinan koe ramaña, djeung geus balajar, malah geus něpi ka nagara Walanda.

Katjarita sanggeus Raden Saleh aja di nagara Walanda, heuleut sawatara poë geus kaoeninga koe Sri Maharadja, malah marga timbalanana, Raden Saleh geus dipasrahkeun ka toekang gambar noe mashoer, soepaja dipadjoekéun kabinnangkitanana tina ngagambar.

Katjida rěsěpeunana eta goeroe ka Raden Saleh, kitoe deui Raden Saleh ka goeroena, anoe matak tambah soson-soson bae diadjarna, něpi ka meh tamplot kabeh kapintérān goeroena teh.

Gambar-gambar boeatan Raden Saleh, koe ieu-ieu dipoedji, nadjan koe ahli gambar ge. Noe katjida pada moedjina, nja eta gambar leuweung kadoeroek. Katjida matak heranna. Roepa-roepa sasatoan djiga noe hiroep, laloempatan njing-kiran seuneu, lantaran panas djeung haseup. Di toekangna



seuneu hoeroeng moentab-moentab djeung haseup moelĕk.

Noe sedjenna gambar jasa Raden Saleh, noe pohara matak bĕngongna, nja eta gambar banteng taroeng djeung singa doeа. Anoe hidji singana geus nangkarak, ditoebles koe tandoek banteng, soengoetna tjalangap, soekoena roroësan, bari koekoena tarembong rek dipake njakar. Singa anoe hidji ngarontok, toeloej ngarangsang, nĕpi ka aja dina tonggong banteng, ngĕrekĕb poendoek banteng, bari njakar, koekoena njarĕblok kana daging banteng, nĕpi ka baloboran.

Djaba ti nagara Walanda, nagara-nagara noe sedjen oge di boeana Eropa disoempingan koe Raden Saleh, babakoena ningalian patĕmpatan noe araloes, noe araneh, sangkan tambah kaoeningana tina kaahengan doenja. Di tĕmpat-tĕmpat noe disoempingan, tara sakeudeung ngandjrĕkna, sabab andjeunna ngaraos bĕtah. Ngoembarana di Eropa nĕpi ka 20 taoen. Tapi nadjan bĕtah sapoeloeh kali bĕtah

ge, ari ka lēmah tjai mah bandjar karang pamidangan, djeung ka kadang koelawargi, andjeunna teu wěleh emoet, malah sok radjeun koemēdjot, hojong moelih.

Sanggeus ngaraos laksana sapanēdjana, geus taja kapanasaran, Raden Saleh ngantoenkeun tanah Eropa, ngadjoegdjoeg ka Poelo Djawa, sarta dina taoen 1851 geus soemping ka Djakarta, nja tēroes ngadamēl boemi, noeroetkeun tjita-tjitana. Boemina teh kaliwatan koe djalan noe ajeuna ditēlahkeun „Raden Saleh Laan”. Heuleut sawatara taoen andjeunna ngalih ka Bogor.

Sasoempingna ka Poelo Djawa, Raden Saleh tēroes bae ngadamēlan gambar-gambar, kajaning gambar: djēlēma, sawah, leuweung djeung salianna. Babakoena nēraskeun karēsēp ti babaheula, ti keur moerangkalihna tea, nja eta ngagambar sasatoan, saperti: singa, maoeng, moending atawa koeda.

Sanggeus sēpoeh, Raden Saleh angkat deui ka Eropa, ningalian tēmpat-tēmpat noe bareto geus disoempingan. Angkatna teh disarēngan koe garwana. Tapi di Eropana teu pati lila, enggal moelih deui bae ka Poelo Djawa, tēras boemen-boemen di Bogor, nēpi ka poepoesna pisan, nja eta dina taoen 1880. Ajeuna ge aja keneh padjaratanana dialoes-aloes.

36. Gadjah aheng.

Djaman baheula aja hidji radja, katjēloek ka awoen-awoen, kawēntar ka mana-mana tina kabeungharanana, tjek babasan rea kētan rea kēton, boentjir leuit rea doeit, salieuk beh teu aja pisan kakoerang. Karatonna di tengah patamanan, noe pinoeh koe noe araneh, tatangkalan noe matak heran, kēkēmbangan soemēlēbēr matak hegar, njamboeang sapakarangan. Di tengah tāman aja empangan, noe laoekna

warna-warna, noe leutik patingsiriwik, noe gede pating-soeroewoek, tingkoetjibék, tingkétjéboek, tingsolojong matak hajang.


Aja deui kalangénan Kandjéng Radja, nja eta gadjah sapirang-pirang. Témpatna lèga, dikoerilingan koe pagér beusi. Di antara gadjah-gadjah anoe sakitoe lobana, aja hidji noe katjida dipikameumeutna koe Radja, nja eta noe ngaran Paing. Eta gadjah hénteu loemrah djeung noe loba, noe biasana harideung, ieu mah bodas, ari oemoerna geus saratoes taoen leuwih; leuwih kolot batan djélémá noe pangkolotna di nagara eta.

Si Paing teh sok dirioeng koe gadjah-gadjah noe sedjen, sabab bisaeun ngadongeng, nja eta ngadongengkeun lalakonna keurna ngora, waktoe manehna ngadjadjah ka sababaraha nagara. Ari manehna dongeng teh, dirégépkeun énja-énja koe babatoeranana, lantaran dongeng-dongengna pikarésépeun. Sakali mangsa rek ngamimitian dongeng, si Paing kieu omongna: „Batoer-batoer meureun teu njaho, jen kaoela lain oerang dieu; nagara kaoela djaoeh ti dieu.”

„Poegoeh bae teu njaho mah,” walon batoer-batoerna teh bari ngalingkoeng, „tjik dongengkeun.”

„Pek atoeh darengekeun,” omong si Paing. „Kieu geura: Djaman baheula, djaman kaoela keur leutik, kaoela teh sok oelin djeung babatoeran di leuweung gede. Kaoela ingét, harita sok mindéng ditjarekan koe indoeng, lantaran sok bahoela, dititah mandi teu noeroet, ari oelin sok kadjong-djonan, djeung sok djarambah, neangan boeboeahan djeung dangdaoenan atawa pěplakan noe ngarora. Ari oelin oedag-oedagan djeung batoer, sok lat bae poho ka imah. Kaoela geus ngalakonan oelin ka noe djaoeh pisan, ngorang tégal iplik-aplak, satoengtoeng deuleu ngan djoekoet rakét, euweuh tatangkalanana.

Keur boedak mah teu karasa, jen salah lampah kitoe teh. Ari geus gede kakara ngarasa sédih. Komo sanggeus aja



Si Paing keur ngadongeng.

babatoeran noe ngamoesoehan, katjida pisan sēdihna. Padahal rarasaan mah hēnteu moengpang kana papatah kolot, nja eta sok milihan pibatoereun, djeung kaoela handap asor, tara njieun pikangewaeun batoer. Tapi nja eta teu kaharti, babakoena babatoeran noe oemoerna leuwih kolot, ari aja di pamandian atawa aja di tēmpat njiar kahakanan, sok ēmboengeun reureudjeungan djeung kaoela. Kaoela njolondo oge ngadeukeutan, tara daek mirosea, djeung ngaboeadian sagala. Asana teh teu poegoeh-poegoeh, wēt pada ngamoe-soehan.

Dina hidji poë kaoela mandi di waloengan, noe tjaina katjida pisan herangna. Di dinja kakara ngarti, anoe matak babatoeran teu rēsēpeun teh, lantaran kaoela bodas, teu saroea djeung maranehna. Atoeh tambah sēdih bae karasana koe kaoela teh.

Ti harita tara marok-marokkeun maneh, da roemasa goreng roepa, toeloej bae kaoela ngoembara djaoeh, sangkan teu papanggih deui djeung babatoeran.

Ari di pangoembaraan di hidji leuweung, doemadakan ngadenge sora noe aneh, aja noe kokorosakan di noe bala. Ari dilieuk, horeng djēlēma, anoe kokorosakan teh. Kakara harita pisan kaoela nendjo djēlēma. Mimitina koe kaoela disangka manoek, lantaran manoek noe soekoena sok doeа teh. Tapi eta mah lain manoek.

Isoekna deui eta djēlēma datang deui ka tēmpat tadi, djeung mawa batoer doeaaan. Tapi tiloceanana ge teu ngaganggoe ka kaoela, ngan narendjokeun bae. Geus kitoe mah toeloej arasoep ka tēmpat noe pinoeh koe tatangkalan, lēs teu katembong.

Poë eta pasosore kaoela leumpang ka talaga, noe teu djaoeh pērēnahna, ngadon nginoem. Meh oenggal poë kaoela sok kadinja teh, malah sakapeung sok antjroeb toeloej mandi.

Sasari mah di dinja teh tara aja naon-naon. Sok ngawas-keun ka sakoeriling talaga, taja deui noe ketendjo, kadjava



ti tatangkalan djeung djoedjoekoetan noe loemrah. Ari hərita di sisi beulah ti ditoe bət aja gadjah hidji. Katendjona eta gadjah səmoe rəsəpeun ka kaoela, malah njəloekan, ngadjak wawawoehan. Pek manehna ngənjangan areuj-areujan koe toelalena, digoendoekkeun hareupeunana, ngabibitaan kaoela.

Tina kaoela geus heubeul teu papanggih djeung bangsa sorangan, toeroeg-toeroeg noe ngadjak wawawoehan teh sakitoe someahna, hənteu mikir pandjang-pandjang, toeloej bae kaoela ngodjaj, njampeurkeun ka manehna.

Areuj-areujan noe beunang ngoempoelkeun tea koe manehna dibikeun ka kaoela. Manehna mah toeloej asoep kana gərəmbəl. Panjana kaoela, manehna teh rek balik deui, tapi lila teu ēmbol-ēmbol, koe kaoela ditoetoerkeun, soegan kapanggih, nəpi ka kaoela bingoeng, lantaran leungiteun galoer. Beuki djaoeħ-beuki djaoeħ kaoela leumpang, toeng-toengna djol bae nəpi ka hidji təgal lēga.

Katendjo ti kadjaoehan, di dinja aja adĕgan dihateup mota. Beh ditoena aja haseup ngĕloen ka loehoer. Kaoela ngarasa kaget djeung keueung, hajang geura balik deui, asoep ka leuweung.

Sabot kitoe, aja sora gadjah ngadĕngék. Gadjahna mah teu katendjo, ngan kawasna gadjah noe keur diteangan tea koe kaoela. Harita keneh, sora gadjah noe bieu teh ditembalan koe sawatara gadjah, noe kadenge sorana di toekangeun kaoela. Barang kaoela rek Malik, boeroedoel noe disada teh, kabehna sapoeloeh gadjah, njalampeurkeun ka kaoela, marĕgatan, sangkan kaoela teu bisa asoep ka leuweung. Koe sabab eta, kaoela teh geus teu bisa ngalawan, toeloej bae digiringkeun koe gadjah anoe sapoeloeh, mapaj tĕgal. Beuki djaoeh eta tĕgal beuki heurin, djeung di kentja-katoehoena dipagĕr koe kai poeloekan anoe galĕde, di podjokna leuwih heurin djeung pagĕrna leuwih santosa. Kaoela Malik rek balik deui, tapi teu bisa, sabab lawangna geus dipeundeutan.

37. Gadjah aheng.

(Toeloejna I).

Ajeuna kaoela kari sorangan, geus aja di tĕmpat heurin toer dikoebĕng koe tihang anoe galĕde djeung laloehoer. Tina roemasa teu boga dosa, djeung moal aja anoe noeloengan, kaoela niat ngamoek. Tihang-tihang ditjoba-tjoba ditjaboet, hĕnteu katjaboet, didoepak teu rengrot-rengrot, tangtoe katjida djeronia nantjĕbkeunana. Digadilan djeung ditodjosan koe gading, tihang-tihang teh teu kieu-kieu, wantoening kajoe beusi anoe katjida teuasna.

Kaoela ngarasa teter, ngarasa koerang tanaga. Hajang ka loear teu bisa, ngan batih sedih bae.

Gadjah-gadjah noe loba tea kawas sarieuneun oge koe kaoela, da euweuh hidji-hidji atjan noe tempong. Ngan teu kaharti, koemaha njalingkirna.


Bawaning tjape djeung soesah, kaoela ngarasa lësoe, brék bae dëpa nëpi ka peuting, geus teu ingët di kaler-kidoel, toengtoengna reup bae heës. Ingët-ingët geus braj beurang, djeung soekoe toekang dirante beusi, ditjangtjangkeun kana tihang noe panggëdena.

Teu koengsi lila datang djélëma noe ngaloengan kahakanan, koe kaoela teu direret-reret atjan. Eta djélëma oenggal isoek sok ngaloengan kahakanan, tapi koe kaoela teu ditolih, da teu hajang baranghakan, malah nëpi ka saminggoe teu ngingnoem-ningnoem atjan. Geus kitoe mikiran maneh, nadjan ditapaan oge, geus teu aja pëtana bisa ka loear tina pandjara. Isoekna mah mimiti kaoela njatoe, djeung mimiti ngarasa rësep ka djélëma noe sok ngaloengan kahakanan tea, lantaran manehna siga noe njaaheun pisan ka kaoela. Isoekna deui kaoela dikaloearkeun, dibawa ka waloengan, digoejangkeun. Harita kaoela mikir, jen oepama boga niat ngarah pati ka eta djélëma, gampang katjida, dirawel bae koe gading, sakali ngabeubeutkeun ge, geus moal èngap deui. Tapi sabab eta djélëma taja dosana, malah sëmoe njaaheun pisan ka kaoela, djadi kaoela taja pikiran rek njilakakeun ka manehna, malah anggoer hajang mimitran.

Lila-lila kaoela njaho, jen sarati disëboetna, noe sakitoe goematina ngamoemoele kaoela teh. Ari dina hidji poë eta sarati njarita ka kaoela, pokna: „He Paing, noe matak maneh diala, marga timbalan Sang Radja. Pikeun tanda kaagoengan, andjeunna teh koedoe kagoengan gadjah poetih, toetoenggan dina waktoe arak-arakan. Saënjana andjeunna geus kagoenganeun gadjah poetih, ngan geus katjida kolotna, geus meudjeuhna diganti. Eta sababna noe matak maneh diakalan nëpi ka beunang. Tangtoe Sang Radja njaaheun ka maneh, sarta tangtoe dimoemoele hade-hade, moal

koerang naon-naon. Boelan hareup Sang Radja bakal diarak moetéran kota. Geus moal salah ramena."

Pikir kaoela: „Hajang teuing geura něpi kana waktoe arak-arakan. Hajang njaho rame-ramena.”



Satjarita sarati teh kaboektian diha waktoe arak-arakan. Karameanana geus lain tjaritakeuneun. Sapandjang djalan, sakoer noe bakal kasorang, diawoeran kěkěmbangan roepa-roepa. Kaoela dirarangkenan djeung dihiasan koe sing sarwa hoeroeng-herang; sirah kaoela make tioeng roembe-roembe, disampajan mangle kěmbang noe sareungit. Di sisi

djalan kentja-katoehoe djélémá pasédék-sédék, meh euweuh těmpat noe lowong. Anoe nongton ti soeklakna ti sikloekna, ti Nangkorek lila poëk, ti Nanggérang lila beurang, nakleuk ngadjoegdjoeg ka dajeuh. Kaoela ngarasa sénang ditoeng-gangan koe Sang Radja, diaping para pongawa. Ngareret ka sisi djalan dina lěbah noe kalangkoengan koe Sang Radja, djélémá darongko kabeh, nandakeun hormat. Aja saoerang noe ngomong kieu: „Ieu mah ngora keneh, gadjah poetih teh.” Ditembalan koe noe sedjen: „Poegoeh bae, ieu mah meudjeuhna bědas, djeung loetjoe deuih.”

Sadjéroning arak-arakan kaoela ingét ka babatoeran di leuweung, noe sok ngamoesoehan tea, lantaran kaoela bodas, hěnteu hideung kawas maranehanana. Ari Sang Radja djeung rahajatna bět njaaheun djeung rěsépeun ka kaoela, atoeh kaoela ngarasa bagdja. Arak-arakan saroepa kitoe oenggal taoen sok diajakeun. Kaoela teu wěleh rěsép, malah minděng ngarěp-ngarěp kana waktoe arak-arakan.

Aja deui pikarěsépeun kaoela teh, nja eta sok ngasoeh para poetra, boh noe paměgét boh noe istri. Komo eta mah Sang Poetri apet djeung gěten katjida ka kaoela. Sakitoe boerěj keneh teh, make sok dongeng nanaon. Sasaoeranana sok alon djeung bari mesém, sakapeung mah něpi ka teu pati kadenge. Kasoekaan-kadoekaan koedoe bae disaoerkeun ka kaoela, sok ngoesapan toelale, bari moedji ka kaoela, saoerna: „Nadjan di nagara ieu loba gadjah, ari noe tjara Paing mah bageurna djeung pintěrna, moal aja. Tah eta sababna noe matak Paing koe kami dianggap mitra sadjati.”

Kasaoeran Sang Poetri kitoe katéroesan koe sarati, kieu tjěnah: „Sang Poetri trěsna katjida ka iboe-rama. Djaba ti eta, nja maneh kakasihna teh.”

38. Gadjah aheng.

(Toeloejna II).

Sanggeus ageung, radjeun Sang Poetri pasiar toenggang kaoela, moetēran kota. Koe kaoela kasaksian, sakoemaha tjintana rahajat ka andjeunna. Atoeh sageuj teu arek dipikatjinta, da sakitoe someahna Sang Poetri teh.

Heuleut sawatara taoen Sang Poetri sēdēng birahi, ngēdalkeun kagoembiraan ka kaoela, saoerna: „Kami teh, Paing, geus aja noe ngalamar, kabēnēran noe soeroep djeung lēlēmboetan, toer karoedjoekan koe iboe djeung koe ama. Sakeudeung deui meureun koedoe imah-imah, kami teh.”

Satamatna Sang Poetri sasaoeran, tjeuli kaoela doeana na teu kieu-kieu. Biasana, nandakeun ngiring bingah teh, tjeuli kaoela doeana sok dikoepat-kapit. Ari harita kaoela teh soeka pabaoer djeung doeka.

Sang Poetri sēmoe heraneun, toeloej sasaoeran deui: „Kami mah boengah, dikērsakeun koe Noe Kawasa rek imah-imah. Ari maneh djiga noe soesah. Eta meureun panjana maneh, kami teh bakal padjaoeh djeung maneh. Njangka ka kami, tega ka maneh. Oelah kitoe, Paing, oelah boga sangka kitoe. Djaoehna mah ēnja djaoeh, nagara noe diradjaan koe pisalakieun kami teh, sarta oepama geus nikah, geus tangtoe kami ditjandak koe andjeunna, kapan sapi anoet ka banteng, tjek paribasana oge. Tapi maneh geus disoehoenkeun ka ama, soepaja miloe djeung kami, da kami teh paeh-hiroep ge ēmboeng padjaoeh djeung maneh. Kabēnēran koe ama geus diidinan. Geura pikir, lain atoh maneh oge?”

Koe sabab saoer Sang Poetri kitoe, kaboengahan kaoela teh taja babandinganana, toeloej bae ngoepat-ngapit tjeuli doeana na, sakoemaha kabiasaan kaoela.

„Tah kaharti ajeuna mah,” saoer Sang Poetri, „soekoyer pisan ari Paing hajang miloe mah.”

Katjarita dina waktoe rendengan Poetri, aja pesta anoe katjida ramena; arak-arakanana ge něpi ka sababaraha pal pandjangna. Kaoela dirarangkenan sakoemaha biasa, ditenggangan koe panganten doeنانا, ditongton koe abdi-abdi saloear kota. Oenggal lěbah noe kasorang koe kaoela, gér djélěma saroerak, nandakeun soeka djeung hormat ka noe noenggangan kaoela, nja eta Sang Poetri djeung tjarogena.

Sarengsena pepestaan, Sang Poetri toeloej ditjandak koe tjarogena ka nagarana, diiring koe kaoela djeung para mantri ponggawa. Djaoeh moal boeroeng tjoendoek, anggang moal boeroeng datang. Teu katjatoer di djalanna, katjatoerkeun Sang Poetri djeung tjarogena geus soemping ka nagarana. Sang Poetri geus diistrenan, didjéněngkeun Prameswari. Sang Radja djeung Prameswari estoe noeroeb-tjoepoe pisan, noe kasep djeung noe geulis, toer sami silih asihna, ka tjai djadi saleuwi, ka darat djadi salěbak. Kaoela ngarasa bagdja, reh Sang Radja kanjaahna ka kaoela, sароеа bae djeung Prameswari.

Kaoela teu ditjampoerkeun djeung gadjah-gadjah noe lian, hěnteu dikěrěm di kandang. Sapopoë měrdika pisan, meunang oelin sakama-kama di taman, da kaoela tara ganggoe kana pěpělakanana. Lamoen parěng Sang Radja djeung Prameswari araměng di taman, sok diiring koe kaoela. Sakapeung-kapheungeun kaoela radjeun ka leuweung anoe dareukeut, tapi tara kamalinaan, tara něpi ka kapeutingan di leuweung.

Dina hidji poë Sang Radja teh sasaoeran ka Prameswari, saoerna: „Naha ěnoeng, ari angkat ka taman teh, tara kěrsa njandak rentjang?”

Diwalon koe Pramaswari bari ngoesapan toelale kaoela: „Ongkoh ieu aja noe satia toehoe, hěnteu kědah ngabantoen rentjang noe sanes.”

Geus kitoe Sang Prameswari mariksa ka kaoela: „Enja ta hēnteu, Paing?”


Saadat biasa bae, didjawabna koe kaoela koe tjeuli dikoepat-kapit.

Sang Prameswari neuteup ka Sang Radja bari oendjoekan, jen ngoepat-ngapit tjeuli teh, lamoen moenggoeh djélëma mah, minangka ngomong kieu: „Soemoen dawoeh, abdi dalém soemëdja bela pati satoetoep oemoer.”

Sang Radja sëmoe noe heran, ningali polah kaoela kitoe. Téras andjeunna njakëtan ka kaoela, ngoesapan kana toeiale bari mariksa: „Kami përtjaja katjida, jen maneh bela toe-moetoer ka doenoengan, nja eta Sang Prameswari. Tapi meureun ka tjarogena oge saroea bae, nja Paing?”

Teu talangke, gantjang bae tjeuli kaoela dikoepat-kapit deui.

Djëro sawatara minggoe, Sang Prameswari teu loengsoer-



loengsoer. Kaoela heran djeung mĕlang sarta ngomong di djĕro hate: „Koe naon Prameswari teh? Teu damang, kitoe?”

Sababaraha kali dioebék di patamanan, malah karaton dikoerilingan djeung ditĕmpoan, wĕleh bae Sang Prameswari teu tempong. Doemadakan kaoela keur hoelang-hoelĕng, bĕt ngadenge sora orok, ‘ea-‘eaan. Teu koengsi lila ti karaton aja noe toeroen, ngabedjaan noe di loear, jen Sang Prameswari babar, poetrana poetri; wiloedjĕng doeñana.

Kaoela kakara ngarti, jen kitoe sababna, noe matak Sang Prameswari geus lila teu kĕrsa amĕng ka patamanan.

Heuleut sawatara poë Sang Radja loengsoer ka latar, diiring koe hidji ēmban noe nanggeuj bantal soetra. Eta bantal diebogan koe poetri boerĕj, dangdosanana sing sarwa soetra. Kaoela ti patamanan gantjang loempat, hajang geura nendjo poetri. Ari geus deukeut ka dinja, rĕg kaoela ngarandĕg, teu wani deukeut pisan, bisi koemaha onam, djeung geus tetela poetri katendjo, katjida matak loetjoena, damisna lĕmĕs tjamihmil djeung make imoet sagala. Dina hate katjida hajangna njabak, hajang ngoesapan damisna koe toelale, tapi batihate bae, da adjrih koe Sang Radja.

Dawoehan Sang Radja: „Loetjoe, nja Paing, moerangkalih teh. Maneh tangtoe miloe njaah. Kadjabati iboena, poetrana ge koe maneh koedoe didjaga. Ngarti, Paing?”

Tangtoe pisan koe kaoela gantjang diwalĕr, koe ngoepatngapitkeun tjeuli.”

39. Gadjah aheng.

(Toeloejna III).

„Ti harita Poetri boerĕj teh meh oenggal poë sok diĕmban koe pangatik noe kadeuheus, diasoeh di loear, malah sok radjeun ka taman. Koe kaoela tara didjaoehan, bisi pangatik

tjileureun, djeung bisi aja noe wani njabak atawa noe njioem ka moerangkalih.

Sang Prameswari oeningaeun, jen kaoela sok ngaping moerangkalih, sarta dina hidji poë andjeunna sasaoeran, saoerna: „Soekoer Paing, maneh miloe ngamongmong poetri boerěj. Hate kami ngarasa reugreug, da geus njaho kana kagoematian maneh. Ongkoh kami ge keur leutik, maneh noe ngasoeh.”

Heuleut sawatara taoen Sang Poetri geus rada ageung, sarta minděng aměng ka taman. Karésépna aměngna di sisi balong, sok ningalikeun laoek djeung pěpělakan anoe ngarambang, daoenna roebak nalamprak, kěmbangna barodas rantjoeng.

Dina hidji poë Sang Poetri aměng di taman diiring koe lima ěmban, noe saoerang mawa pangtjongkakan, toeloej ngadjak maen tjongkak ka batoerna, atoeh pogot doeaan maraen tjongkak di handapeun tangkal kai noe ngarěnggěněk, dilaladjoan koe noe tiloean, něpi ka tjoel Sang Poetri aměng njalira, teu aja anoe ngaping.

Ari Sang Poetri kadongdjonan ningalian kěkěmbangan, toeroeg-toeroeg harita teh aja hidji koekoepoe aloes kěkělepěran, rek njeuseupan madoe kěkěmbangan, sieuneun Poetri. Tina sabab eta koekoepoe hiběrna teu daekeun djaoeh, toer sěmoe lindeuk, koe Poetri rek ditewak, bět hiběr ngadjaoehan, ditoetoerkeun beuki djaoeh-beuki djaoeh, djol bae ka sisi balong, rěg Sang Poetri ngaranděg, aměng di dinja.

Koe kaoela katendjo ti kadjaoehan. Pikiran teh, pirakoe teu kanjarahoan koe pangatik anoe sakitoe lobana.

Barang Sang Poetri katendjo tember katjida di sisi balong, kaoela njěblak, inggis Sang Poetri tikoentjloeng. Rek gěgěroan ngabedjaan para ěmban, kaoela hěnteu bisa, wantoening sato, lain djělěma. Sabot kitoe Sang Poetri tikoentjloeng manten, atoeh teu ngěngkekeun deui, gantjang kaoela teh loempat, rek noeloengan. Kakara para ěmban teh njarahoeun,



jen Sang Poetri djaoeh ti maranehna, toeloej maranehna oge laloempatan, noetoerkeun ka kaoela.

Ari něpi ka sisi balong, Sang Poetri geus teu katembong; geus titeuleum, sarta aja di handapeun toetewoohan noe ngambang tea. Ngan tjaina ojag-ojagan djeung beuki kiroeh, malah panangan Sang Poetri moentjoel hidji, tapi toeloej ngalělěp deui. Geus teu ingět kana balai sorangan, hěnteu tega kaoela ngantěp Sang Poetri di djero tjai, gěbroes bae kaoela antjroeb ka balong, njasaran Sang Poetri koe toelale, něpi ka karasa, salirana madoek toelale kaoela. Boeroe-boeroe koe kaoela ditewak, didjoengdjoengkeun ka loehoe-reun tjai, sarta těroes dibawa handjat. Para ēmban mari-dangdam, bari pada menta poetri, rek diparajang, tapi koe kaoela teu dibikeun. Panganggo Sang Poetri gogojobod djeung kotor koe leutak, koe kaoela teu dipikir, těroes bae diajoen koe toelale, dibawa loempat ka karaton. Para ēmban naloetoerkeun, laloempatan bari tjareurik.

Kaběněran Sang Prameswari noedjoe linggih di paměng-kang, dideuheusan koe para garwa prijaji. Barang andjeunna

ningali kaoela datang mawa Sang Poetri, enggal mēdal ti pamēngkang bari mariksa: „Koe naon ieu teh, koe naon?”

Sang Poetri teh koe kaoela disanggakeun, toeloej koe andjeunna dipangkon bari rēmbēs tjisotjana. Para istri djeung para ēmban pahiboet, aja noe ngoetjoelan panganggo Sang Poetri, aja noe njokot tjai dina bokor ēmas, aja noe njokot saboen djeung handoek. Tēroes bae Sang Poetri teh ditjeboran, disaboenan koe saboen seungit. Sanggeus ditoeoeskeun koe handoek, kakara panganggonal diganti koe noe araloes, diebogkeun di pangkoe ēmanana, dirioeng koe iboena djeung para garwa gēgēden, bari sēmoe noe prihatos, ngamaranahan Sang Poetri, noe masih ngalehleh bae, hēnteu beunta-beunta atjan, ngan katjiri napasna aja keneh.

Komo ēmban noe limaan, noe tadi ngariring ka taman tea, alah batan naon-naon soesaheunana, sieuneun Poetri nēpi ka tiwas, djeung kadoehoeng kadjongdjonan maen tjangkak, katambah soesah koe pidjawabeun, lamoen ēngke dipariksa, koemaha lantaranana noe matak Poetri tjlaka.

40. Gadjah aheng.

(Toeloejna IV).

Sanggeus Poetri rada damang, geus kērsaeun beunta djeung mesēm, Prameswari rada lēga mamanahan, toeloej andjeunna miwarang njaoer ēmban noe limaan, dipariksa koemaha asal-asalna noe matak nēpi ka kadjadian saroepa kitoe.

Mimitina noe dipariksa teh tjaritjing bae, taja noe wani oendjoekan. Tapi bawaning dihantēm diseukseukan koe Prameswari, toengtoengna aja saoerang noe wani ngomong, nja eta ēmban noe mawa pangtjongkakan ka taman tea. Ari pioendjoekna kieu: „Abdi goesti limaan soemēdja njangga-keun beuheung teukteukeun, soekoe gēnteng bēlokeun,

sadaja-daja koema pangersa, bade dibeureum dihideung oge, teu sēdja ngalalangkoengan. Doepi noe mawi poetra goesti tjilaka, kieu margina: Awitna poetra goesti teh hēnteu tēbih ti abdi goesti limaan, antēng pisan mētikan kēkēmbangan.



Teu kantos lami abdi goesti poen Paing dongkap, njam-peurkeun ka postra goesti. Enggal poetra goesti di-djoengdjoengkeun koe poen Paing koe toelalena, sarēng tēras dibantoen ka sisi balong. Poen Paing koe abdi goesti limaan digeroan, di-geunggeureuhkeun oelah kitoe, nanging wēleh teu ngagoegoe. Diaroedag koe abdi goesti limaan, nanging loempatna tarik teu kintēn memeh kaoedag, memeh poetra goesti karēboet, parantos kētjēboer manten, dikoentjloengkeun koe poen Paing.”

„Tjoba eta,” tjek si Paing ka batoer-batoerna, „nēpi ka wanieun ngabohong ka doenoengan, bawaning sieun dihoe-koem. Padahal noe dipitēnah, nja boektina kaoela, aja di dinja, ngadengekeun. Atoeh nadjan kaoela njaho oge, jen di pajoeneun pangagoeng atawa sēpoeh koedoe bisa nahan napsoe, djeung nadjan kaoela njaho, jen Sang Prameswari adil, moal boeroeng noe boga dosa dihoeckoem, tapi ari kitoe-kitoe teuing mah, geus teu bisa nahan kasabaran, lat bae kaoela poho, jen dipajoenan koe Ratoe, teu tata pasini deui djēbet bae noe wawadoel teh digēboeg tonggongna koe toelale kaoela, nēpi ka laboeh nangkoeban, iroengna baloboran djeung biwirna djantowor.

Koe Sang Prameswari kagalih, jeu eta ēmban teu oendjoe-kan satarabasna. Atoeh bēndoe andjeunna teh, sarta ngalahir: „Tangtoe bohong maneh, ēmban. Ajeuna maneh koedoe ditoetoep, noenggoe poetoesan.”

Tidinja andjeunna nimbalan abdi-abdi ngasoepkeun eta ēmban ka hidji kamar, sarta pantona dikontji djeung didjaga, soepaja eta ēmban teu bisaeun minggat.

Sang Prameswari lēbēt deui ka pangkoelēman, rek ningali kangpoetra. Memeh lēbēt, kaberoe aja anoe kaloear ti pangkoelēman, nja eta tabib anoe mēntas mariksa Sang Poetri. Eta tabib gantjang oendjoekan, ngoendjoekkeun Poetri geus hēnteu matak hawatos, salirana teu kirang sawios-wios, malah geus kērsaeun tjalik.

Barang Prameswari lēbēt ka pangkoelēman, ningali poetra keur tjalik bari mesēm, kabingahan manahna teh geus teu aja babandinganana.

Teu koengsi lila Sang Prameswari mēdal deui ti pangkoelēman, tēras loengsoer bari njaoer ka kaoela, njarioskeun Poetri geus damang.

Barang tamat andjeunna sasaoeran, gantjang bae tjeuli kaoela dikoepat-kapit, nandakeun ngiring bingah.

Sang Prameswari njakētan ka kaoela, toeloej goesapan toelale, bari sasaoeran kieu: „Bēnēr bageur maneh teh Paing, djeung pintēr deuih, ngarti kana omongan djalma, nēpi ka kami bisa njaho kana asalna noe matak Poetri tikoentjloeng. Saēnjana samemeh maneh ngagēboeg si ēmban oge, kami teh geus teu pērtjaja ka eta ēmban, tina bangēt kapērtjajaan kami kana kasatiaan maneh. Moestahil maneh nēpi ka wani ngoentjloengkeun Poetri! Moen ēndek ge, noe noeloengan. Lain kitoe, Paing?”

Kabēnēran harita Sang Radja rawoeh. Dawoehanana ka kaoela: „Kami teu ngarti, koemaha saēnja-ēnjana, noe matak Poetri tikoentjloeng. Pioendjoek ēmban teu beunang dipērtjaja. Teu kaharti koe akal, diri maneh noe satia toehoe

ka kami, něpi ka ngoentjloengkeun Poetri. Djeung geus boekti, jen maneh pribadi noe mawa Poetri ti těmpat katjila-kaan ka karaton.”

Geus kitoe Sang Radja sasaoeran ka Prameswari, jen andjeunna hojong oeninga, di lěbah mana Poetri teh ti-koentjloengna. Sang Prameswari nja kitoe deui hojong oeninga těmpatna. Sang Radja teh ngalirik ka kaoela, bari saoerna: „Hajoe Paing, oerang ka taman. Ěngke koe maneh toedoehkeun, lěbah mana Poetri teh tikoentjloengna.”

41. Gadjah aheng.

(Toeloejna V).

Sang Radja djeung Prameswari arangkat ka patamanan, diiring koe kaoela. Kaběněran pangtjongkakan aja keneh, ngagoler handapeun kai. Gantjang atoeh koe kaoela ditoe-doehkeun, nja eta koe ngoelang/ngoelangkeun toelale.

Koe Sang Radja kahartoseun, enggal bae nimbalan djaga taman, njaoler ēmban pangasoeh Poetri. Eta ēmban dipariksa koe Sang Radja, koemaha asal-asalna, noe matak Poetri tjilaka. Pioendjoek noe dipariksa: „Soemoen dawoeh. Noe njilakakeun poetra teh, abdi goesti poen Paing. Koe abdi goesti hěnteu katingal dibantoenna ti pangaměngan, katingal teh parantos ngětjěboer bae ka balong.”

Sang Radja: „Ari noe noeloengan, saha?”

Ēmban: „Noe noeloengan teu aja sanes, kadjabí ti abdi goesti, ēmban limaan. Nanging němbe oge dihandjatkeun, poetra goesti dirěboet deui koe poen Paing, sarěng těras dibantoen ka karaton.”

Sang Radja mesěm, tandaning teu pěrtjantěneun kana eta pioendjoek ēmban, toeloej andjeunna ngalirik ka kaoela bari mariksa: „Koemaha Paing, běněr pioendjoek ēmban teh?”

Kaoela gantjang gigideug djeung ngoepat-ngapit toelale, minangka oendjoekan, jen ēmban bohong.

Dawoehan Sang Radja ka ēmban: „Koedoe kaharti koe maneh, jen isarat si Paing teh maksoedna ngabohongkeun kana pioendjoek maneh. Kami oge sareboe kali leuwih pērtjaja ka si Paing batan ka maneh, da si Paing mah saoemoerna ge tara ngabohong.”

Tidinja Sang Radja moendoet panggitik ka djaga lawang, toeloej sasaoeran kieu ka ēmban-ēmban: „Tarendjo ieu panggitik. Oepama maraneh tētēp teu daek waktja balaka, tangtoe koe kami digitik, sangkan karasa koe maraneh, jen noe bohong koedoe aja hoekoemanana.”

Ēmban-ēmban katjida risieunana, toeloej maranehna soedjoed, njoehoenkeun sih pangapoentēn bari tjeurik; oendjoekanana: „Abdi goesti soemēdja njembahkeun sewoe bēbēndoe laksa doedoeka, sadaja roemaos lēpat, teu oendjoeikan salērēsna. Poerwa poetra goesti tjilaka, sajaktosna kalēpatan abdi goesti limaan. Koe margi eta, abdi goesti limaan sēdja njembahkeun diri sakoedjoer, gantoeng tinggi boeang djaoeh, sadaja-daja koemaha pangērsa goesti.”

Lahir Sang Radja: „Tjoba ajeuna geura oendjoekan satarabasna.”

Noe saoerang, ēmban noe rada pērlente, barabat bae oendjoekan, jen maranehna kadjongdjonan maen tjongkak,



teu aja anoe ngawaskeun ka Poetri. Njaho-njaho geus tjilaka, geus dibawa koe kaoela ka karaton.


Lahir Sang Radja: „Geus tetela noe salah teh ēmban limaan, nja eta noe dipērtjaja ngadjaga Poetri. Katambah deui salahna, sabab geus wani ngabohong. Tapi ajeuna koe kami dihampoera, moal toeloses digitik. Ngan pērkara lala-wora, teu njaho di kawadjiban, eta mah koedoe dihoekoem, nja eta ti poë ieu maneh limaan dilēpas tina gawe, koedoe gantjang kalaloear ti karaton.”

Geus kitoe Sang Radja djeung Prameswari bagantos sasaoeran ka kaoela, saoerna: „Ajeuna kami beuki pērtjaja ka maneh. Panarima kami geus taja babandinganana. Moegamoega maneh sing tambah goemati, sadjēroning ngadjaga Poetri.”

Dawoohan Sang Radja kitoe, koe kaoela disoehoen dina ēmboen-ēmboenan. Koe lantarən dipapantjenan ngadjaga Poetri, djadi kaoela sasatna didjieun ēmban; tah eta teh pohara matak boengahna ka kaoela. Gantjang toeiale kaoela diatjoengkeun bari disada satakēr tanaga, nēpi ka kaoela sorangan katorekan. Eureun disada, kaoela ngarasa risi, bisi Sang Radja bēndoe, djeung bisi Poetri sieuneun. Tapi eta sangkaan salah, sabab Poetri teu sieuneun, malah rēsē-peun, nēpi ka mēdal ti pangkoelēman, njampeurkeun ka kaoela bari miwarang disada deui.

Ti harita oenggal poë koe kaoela diapingna Sang Poetri teh. Oepama amēng ka taman sarta deukeut ka sisi balong, koe kaoela sok dihalangan. Sakali mah ngahadja kaoela ngagoebroeskeun maneh ka balong, minangka ngelingan Poetri. Andjeunna ngan mesēm bae, tēroes amēng ngadjaoehan balong. Ari geus djiga palajeun, Poetri teh sok dipangkoe koe toeiale, ditjalikkeun dina tonggong, toeloej ngoerilingan taman.

Sang Poetri teh nēpi ka ageungna oge, malah nēpi ka sawawa, ka kaoela teu wēleh apet djeung teu wēleh gēten.



Sakapeung-kapeungeun andjeunna sok ngahadja soemping ka tēmpat kaoela, bari njandak boeah-boeah noe ngareunah keur kaoela.

Sapoepoesna kangrama djeung kangiboe, Sang Poetri didjoengdjoeng loenggoeh, ngasta kaprabon, djoemēnēng radja, ngēreh nāgara.

Oenggal aja pesta gēde, Sang Ratoe anom sok nitihan kaoela, diarak saidēr kota.

Lila-lila Sang Ratoe teh tjarogean, tēroes poetraan, malah

poetrana noe pangsēpoehna geus djēnēng radja, ngagéntos iboe, nja eta doenoengan oerang ajeuna. Iboe Radja, anoe keur moerangkalihna asoehan kaoela tea, ajeuna geus sēpoeh pisan. Djadi nēpi ka ajeuna, geus opat radja noe koe kaoela dikawoelaan. Tah sakitoe tjarita kaoela teh."

Gadjah-gadjah anoe ngalingkoeng si Paing, sēmoe rarēsē-peun pisan ngadengekeun si Paing tjetjarita teh. Maranehna hēnteu boeroe-boeroe boedal, ngalioed bae di dinja. Sabot kitoe djol saratina datang, njēloekan ka si Paing, sabab si Paing rek dititihan koe Radja, rek pasiar ka loear kota.

Si Paing geus rada torek. Tjitjing bae, ditjēloekan koe sarati teh. Tapi barang sakali deui sarati ngomong toer bēdas, kakara kahartieun, naon sababna noe matak manehna ditjēloekan. Geus kitoe mah gantjang bae tjeulina dikoepat-kapit, nandakeun boengah.



TAMAT.

EUSINA IEU BOEKOE.

	Katja.
1. Kapal oedara	3
2. Sardjan asoep ka sakola sahakēl	7
3. Sardjan djeung sobat-sobatna laladjo	11
4. Sardjan djeung sobat-sobatna laladjo (Toeloejna) .	15
5. Hileud djeung koekoepoe	18
6. Pagantjang-gantjang ngitoeng	23
7. Pagantjang-gantjang ngitoeng (Toeloejna)	26
8. Watēk gēmi, matak djadi kasēnangan	30
9. Watēk gēmi, matak djadi kasēnangan (Toeloejna)	34
10. Sobat sadjati	37
11. Si Soeri djadi baboe	43
12. Si Soeri djadi baboe (Toeloejna)	47
13. Reungit malaria	51
14. Reungit malaria (Toeloejna)	54
15. Toekang batoe kaleuwihan	58
16. Sing ati-atи	65
17. Sing ati-atи (Toeloejna)	68
18. Nana djeung Didi tētēponan	71
19. Nana djeung Didi tētēponan (Toeloejna)	74
20. Siraroe djeung rinjoeh	77
21. Laladjo balon	82
22. Kabawa ngapoeng	89
23. Ngala maoeng	95
24. Ngala maoeng (Toeloejna)	98
25. Boedak rahoel	100

26. Boedak rahi (Toeloejna)	104
27. Pada meunang sapērtiloena	108
28. Pada meunang sapērtiloena (Toeloejna I)	111
29. Pada meunang sepērtiloena (Toeloejna II)	114
30. Pada meunang sapērtiloena (Toeloejna III)	116
31. Pada meunang sapērtiloena (Toeloejna IV)	119
32. Boedak teuneung	124
33. Boedak teuneung (Toeloejna)	127
34. Raden Saleh	129
35. Raden Saleh (Toeloejna)	132
36. Gadjah aheng	136
37. Gadjah aheng (Toeloejna I)	141
38. Gadjah aheng (Toeloejna II)	145
39. Gadjah aheng (Toeloejna III)	148
40. Gadjah aheng (Toeloejna IV)	151
41. Gadjah aheng (Toeloejna V)	154



